حصن المسلم

من أذكار الكتاب والسنة

Сэгьид ибн Гъэлий ибн Уэhф
Iэл-КъэхьтIаний

# МУСЛЪЫМЭНЫМ И БЫДАПIЭ

КЪУРIЭНЫМРЭ СУННЭМРЭ
къыхэхауэ



**Сэгьид ибн Гъэлий ибн Уэhф**
**Іэл-КъэхьтІаний**

# МУСЛЪЫМЭНЫМ И БЫДАПІЭ

**КЪУРІЭНЫМРЭ СУННЭМРЭ**
**къыхэхауэ**

حصن المسلم من أذكار الكتاب والسنة

سعيد بن علي بن وهف القحطاني

ترجمة: شخانوكوف أنزور

مراجعة: أبو عبد الرحمن الداغستاني

بسم الله الرحمن الرحیم

# МУСЛЪЫМЭНЫМ И БЫДАПIЭ

**КЪУРIЭНЫМРЭ СУННЭМРЭ**
**къыхэхауэ**

**ЕтIуанэ тедзэгъуэ**

**Налшык**
**2008**

Тхылъыр къабыл ищIащ Къэбэрдей-Бэлъкъэр дин IуэхущIапIэм и щIэныгъэлIхэм я советым

ЗэзыдзэкIар:
Щхьэныкъуэ Анзор Мубин и къуэ

**Мы тхылъыр трезыгъэдзам тхыгъэкIэ хуитыныгъэ яримытауэ нэгъуэщIхэм трагъэдзэну хуиткъым**

# ТХЫЛЪЫР ЗЫТХАМ И ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

ИпэжыпIэкIэ щытхъур зыхуэфащэр Алыхьырщи, дэри абы щытхъу къыхудохь, дэIэпыкъуныгъэкIи, гъэгъуныгъэкIи долъэIу. Дыкъуоувэ Алыхьым – ди *нэфсхэм*[1] я Iеймрэ, ди IуэхущIафэм мыхъумыщIагъэу хэлъымрэ дащихъумэжыну. Алыхьым иузэщIыр зыгъэгъуэщэфын щыIэкъым, игъэгъуащэри зыузэщIыфын щыIэкъым.

Сэ щыхьэт сытохъуэ Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм; Закъуэщ Ар, гъусэ иIэкъым.

Апхуэдэуи щыхьэт сытохъуэ Мухьэммэдыр Абы и пщылIу икIи и лIыкIуэу зэрыщытым. Алыхьым и нэфIыр къыщыхуэ абы езыми, и Iыхьлыхэми, и гъусэхэми, Къемэт Махуэ хъухукIэ фIыкIэ абыхэм яужь итынухэми; хъуэхъури куэду Тхьэм къалъигъэс.

**Абы адэкIэ:**

Фи пащхьэ нислъхьэ тхылъыр сэ гъэкIэщIауэ къыхэсхыжащ мыбы ипэкIэ згъэхьэзырауэ щыта "**Iэз-Зикр уэд-ДугъаI уэл-Гьиладж бир-рукъа минэл-Китаби уэс-Суннэ**"[2] тхылъым. А тхылъым щыщу "зикрым"[3] хухэха Iыхьэр "скъузауэ" аращ. ГъэкIэщIыным си гупсысэр щIыхуэкIуари – апхуэдэу сщIымэ, тхылъыр нэхъ зехьэгъуафIэ хъунщ, гъуэгуанэ

---

[1] Нэфс: псэ. Псэм укъызыхуриджэ Iеягъэхэращ мыбдежым зи гугъу ищIыр. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[2] "Iэз-Зикр уэд-ДугъаI уэл-Гьиладж бир-рукъа минэл-Китаби уэс-Суннэ" – "Зикрыр, лъэIур, епщэкIэ еIэзэныр КъурIэнымрэ Суннэмрэ къыхэхауэ".

[3] Зикр: Алыхьым ирищытхъуу, ирелъэIуу жаIэ псалъэ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

теувэхэми нэхъ тыншу къагъэсэбэпыфынщ, жысIэу аращ.

Тхылъым ит зикрхэр псори КъурIэнымрэ Суннэмрэ къыхэсхыжащ, ауэ хьэдисхэр щыстхкIэ, къэзыIуэтэжа цIыхухэм я цIэхэр пыстхэркъым, къызэрысха тхылъхэм щыщуи къыхэзгъэщыр зыщ е тIущ. Хьэдисыр къэзыIуэтэжахэм, е ахэр зэрыт тхылъхэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыхуэсщIынщ, жызыIэр, еплъыж хъунущ тхылъым лъабжьэ хуэхъужам.

Алыхь Иину Лъагэм солъэIу и ЦIэ дахэхэмрэ и Щифэт[4] лъагэхэмрэ я хьэтыркIэ – мы лэжьыгъэр Езым папщIэ къабзэу сщIауэ къыщIигъэкIыну; си дуней гъащIэкIи, си Ахърэт гъащIэкIи абы и сэбэп къызигъэкIыжыну; абы еджам, е ар тырезыгъэдзам, е ар цIыхухэм ялъэгъэIэсын илъэныкъуэкIэ Iуэхум зи жэрдэм хэзылъхьахэми я сэбэп екIыну. Алыхь ХэIэтыкIаращ псоми хуитыр!

Алыхьым и нэфIыр къащыхуэ ди бегъымбар Мухьэммэдми, абы и Iыхьлыхэми, и гъусэхэми, фIыкIэ абыхэм яужь Къемэт Махуэр къэсыхук1э итынухэми, хъуэхъури куэду Тхьэм псоми къалъигъэс.

**Сэгьид ибн Гьэлий ибн Уэhф Iэл-КъэхьтIаний.**
Щэфэр мазэ, хьиджрэмкIэ 1409 гъэ.

---

[4] Щифэт: Алыхьым иIэ щытыкIэ, и IуэщIафэ и щыфэт.

# ЗЭЗЫДЗЭКIАМ И ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

Алыхь Иным фIыщIэ хузощI, лIыкIуэ лъапIэми Алыхьым и нэфIыр къыщыхуэу, хъэхъум я нэхъыфIыр къылъысыну сыхуолъаIуэ.

"Муслъымэным и быдапIэ" (حِصْـــنُ الْمُسْـــلِم) тхылъ цIыкIур дуней псом щыцIэрыIуэщ. Бзэ куэдкIэ ар зэрадзэкIащ, урысыбзэри абы хэтыжу. Нобэ дэри, Алыхьым къыдигъэхъулIэри, зэрыхъукIэрэ тхылъыр адыгэбзэм къидгъэуващ.

Щхьэпэ хъун си гугъэщ мы упщIэмкIэ дызэупщIыжу, абы и жэуапри къатщIэмэ: сыту пIэрэ-тIэ мы тхылъыр я нэхъ лейуэ цIэрыIуэ щIэхъуар? Сыт абы щэхуу хэлъынкIэ хъунур?

Япэрауэ. Тхылъым ит псори: Алыхьым и Псалъэ – **КъурIэнымрэ**; Алыхьым и лIыкIуэ Мухьэммэд, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, къыбгъэдэкIа – **Суннэмрэ** къыхэхыжащ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

ЕтIуанэрауэ. Тхылъыр кIэщIщ икIи купщIафIэщ. КIыхьу зиукъуэдийуэ уригъэзэшкъым, кIэщIыIуэ ищIуи и мыхьэнэр игъэкIуэдыркъым.

Ещанэрауэ. Ар нэхъыфIу зыщIэр Алыхьращ дауикI, ауэ Алыхьым къритатыжыну псапэм щыгугъыу псэ къабзэкIэ мы тхылъыр игъэхьэзыра хъунщ, жызоIэ си щхьэкIэ. Апхуэдэу Iуэхум гу къабзэкIэ бгъэдыхьэм и Iэужьыр фIыуэ нэхъ жыжьэ нос.

Алыхь Иным хуигъэбагъуэ и псапэр, дунеягъэкIи АхърэткIи абы щигъэгуфIыкIыж!

*МыдэкIэ тхылъыр нэхъ тыншу икIи нэхъ ирикъуауэ къэдгъэсэбэпыфын папщIэ, зыхуэсакъыпхъэу Iуэху зыбжанэ щыIэщи, ахэм сакъытеувыIэмэ щхьэпэ хъуну къысщохъу.*

**<u>Япэрауэ</u>**. Имам Нэуэуий и тхылъ гъуэзэджэ "Iэл-Iэзкар"-ым кIэщIу къыхэтхыжа чэнджэщхэм щыгъуазэ зыхуэщIыпхъэщ:

[

1. **Блэжьу хъуар зэлъытэжар - уи нетращ (гухэлъыр)**. ПщIар псапэ пхуэхъунуми, ар сыт хуэдизкIэ пхуэбэгъуэнуми уи гум илъ къабзагъэм тещIыхьащи, уи нетыр Алыхь Закъуэм хуэгъэзауэ щыгъэт.
2. **Зикрыр гукIи ящI, бзэгукIи ящI. Ауэ псом я нэхъыфI дыдэр – гукIи бзэгукIи зэдащI зикрыр аращ.** ИтIанэ, гу зылъытапхъэщи, гури бзэгури зэщIыгъуу зикр щыпщIкIэ "фэрыщIыгъэ Iуэхум хэслъхьэ ягугъэнщ" жыпIэу, абы утемышыныхь. ТIумкIи зэщIыгъуу уи зикрыр щIы Алыхьым папщIэ. Пэжыращи, цIыхухэр къызэроплъым е абыхэм укъызэращIэм щхьэкIэ зызыхуэпшэурэ лэжьыгъэфIхэр къэбгъанэмэ, псапэ куэдым ухэкIыжынущ, диным щыщ Iуэхугъуэшхуэ Iэджэми ухэнынущ.

3. **Зикрыр Iэмал имыIэу *тэсбихьу*, *тэhлилу*, *тэхьмиду*, *тэкбиру*[5] щытын хуейкъым**. Ахэм я закъуэкъым "зикрым" къиубыдыр. АтIэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Сэгьид ибн Джубейри, нэгъуэщI щIэныгъэлIхэми зэрыжаIауэ, Алыхьым папщIэ ялэжь лэжьыгъэфI псори зикрым хеубыдэ.

4. **ЦIыхум андез имыIыгъми, уеблэмэ *гъусул*[6] телъми, цIыхубзым мазащхьэ иIэми – зикр ящI хъунущ гукIи, бзэгукIи.** Ауэ КъурIэн лъапIэм еджэ хъунукъым гъусул зытелъымрэ, мазащхьэ зиIэмрэ. Апхуэдэр КъурIэным щыщу: мащIэми, куэдми, уеблэмэ аятым щыщ Iыхьэми – еджэ хъунукъым. И гумкIэ къеджэ хъунущ, и жьэкIэ зы псалъи къыжьэдэмыкIыу. Апхуэдэуи КъурIэныр зытетхам еплъурэ и гум иригъэкIуэну хуитщ…. КъинэмыщIауи, КъурIэным хэт духьэхэр, Алыхьым ирелъэIуу, жиIэ хъунущ, ауэ КъурIэн еджэн мурад имыIэу.

5. **Зикр зыщIыр теплъэ нэхъ екIу дыдэм итыпхъэщ.** ЗыщIыпIэ и деж щысмэ, къиблэмкIэ зигъэзэнщ, и щхьэр ехьэхауэ, и Тхьэм зыхуигъэцIыкIуу, зыхуигъэлъахъшэу тIысынщ. Ар дауикI нэхъыфI дыдэращ. Армырауэ нэгъуэщI теплъэм итуи ищI хъунущ зикр, псалъэм папщIэ щыту, щылъу [е здэкIуэм]. Ауэ щхьэусыгъуэншэу апхуэдэу пщIымэ, нэхъыфIым зыхэбгъэкIыжынущ.

6. **Зикр зыщIыр и закъуэу щысмэ нэхъыфIщ**, илэжь Iуэхугъуэм темыгупсысыкIын

---

[5] Абыхэм я мыхьэнэр пщIэну ухуеймэ уеплъыж хъунущ 169 напэкIуэцIым.
[6] ДинкIэ зыщIигъэпскIыжын щхьэусыгъуэ зытелъым "гъусыл" телъщ, жаIэ.

папщІэ. ИтІанэ **щІыпІэр къабзэу** щырет, езы зикрыми, зикрыр зыхуищІ Алыхьми пщІэ зэрахуищІыр къигъэлъагъуэу. КъинэмыщІауэ, и **жьэ кІуэцІри къабзэу** щытын хуейщ.

7. Зикр сыт щыгъуи пщІыныр Алыхьым фІэфІ Іуэхугъуэщ. Ауэ шэригьэтым къыхигъэщхьэхукІауэ **щІыпІэ гуэрхэр е зэман гуэрхэр щыІэщ зикрыр пщІы мыхъунуи**, абыхэм хуэсакъын хуейщ. Псалъэм папщІэ, псыунэ кІуэцІым, е жумгъэ хъутІбэр зэхэзыхыу щысым, жейбащхъуэм…

8. **Зикрым и купщІэ дыдэр "блэжьыр гукІэ зэхэпщІэнращ".** Аращи, жыпІэм уегупсысу, къарыкІхэр зэхэпщІэу пщІын хуейщ.

9. Зикр щІыныр хабзэ зыхуэхъуауэ, жэщми махуэми, нэмэз нэужьхэми ар дэзымыгъэхуу жызыІэм зы щхьэусыгъуэ гуэркІэ **ар фІыблэкІмэ – щыхъум и деж щІэхыу ар ирепшыныж**, Іэпэдэгъэлэли иремыщІ…

10. **Зэзэмызэ зикр щІыныр зэпыгъэун хуей щыхъу щыІэщ**. Псалъэм папщІэ, ар зыщІым зыгуэрым сэлам кърихмэ, сэлам ирихыжынщи, зикрыр адэкІэ пищэжынщ. Апхуэдэуи зикр щІыгъуэм зыгуэр къепсауэ зэхихмэ, абы жэуапу иратыжыпхъэр иритыжынщи, адэкІэ зикрым пищэжынщ; азэн джэ макъ зэхихми аращ; мыхъумыщІагъэ зылэжь гуэр илъагъуми аращ – абы жеІапхъэр жриІэнщи, адэкІэ и Іуэхум пищэжынщ; фІы гуэрым цІыхур къыхуигъэушыфыну Іэмал иІэ хъуами апхуэдэу

ищIынщ; зыгуэр къеупщIми жэуап иритыжынщи адэкIэ зикрым пищэжынщ…] .

**<u>ЕтIуанэрауэ.</u>** Хьэдисхэр къызриха тхылъхэм ехьэлIа Iуэхугъуэр тхылъыр зейм кIэщIу къыхигъэщащ. Ауэ дэ абы хэтлъхьам епхауэ мыр жыIапхъэщ:

Мы тхылъым ит хьэдисхэр нэхъыбэ дыдэу къызыхэхар Бухъарий, Муслим, Iэбу Дауд, НэсаIий, Тирмизий, Ибн Маджэ, Iэл-Хьаким, Iэл-Бейhэкъий щIэныгъэлIхэм я тхылъхэращ.

Хьэдис щIэныгъэлIхэу Бухъарийрэ Муслимрэ я тхылъхэм ярыт хьэдисхэм я пэжагъым шэч къытрахьэжкъыми, абыхэм я цIэ къудейр къыхэбгъэщмэ, нэгъуэщI хуеижкъым. Ауэ а тIум къищынэмыщIауэ тхылъым къыщыкIуэ тхылъыщIэхэр къэгъэлъэгъуэным имызакъуэу, щIэныгъэлIхэм абыхэм ярыт хьэдисхэм и къэIуэтэжыкIэм унафэ тращIари къыхэгъэщын хуейщ. Тхылъыр зейм ахэр кIэщIу къыхигъэщащ, ауэ дэ тхылъыр хьэлъэ хъункIэ дытешыныхьри абыхэм я гугъу тщIакъым, атIэ къэзыIуэтэжар къыхэдгъаща къудейщ.

**<u>Ещанэрауэ</u>**. Язынықъуэ щIыпIэхэм деж, цIыхур къызэджэр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, я лъабжьэм зэпкъырызых кIэщIэттхащ. Ари къызыбгъэдэкIар нэхъыбэм къыхэдгъэщыжащ.

КъинэмыщIауэ, язынықъуэ щIыпIэхэм дежи зы Iуэхугъуэм ехьэлIауэ зикр куэд къыщыкIуэкIэ, абы

щыщу и нэхъыбэр ттхыуэ, зэзэмызэххэ зы тIу къыщыдгъанэ щыIэщ икIи ар къыхыдогъэщыж.

**ЕплIанэрауэ**. Адыгэбзэм и алфавитым хэмыту хьэрыпыбзэм хьэрф зыбжанэ къыщокIуэ. Абы къыхэкIыу, хьэрып текстыр транскрипцэу щыттхыжым, адыгэ алфавитым хэмыт хьэрф гуэрхэр къэдгъэсэбэпын хуей хъуащ. Мис ахэр:

1. "ـــــه" хьэрфыр: адыгэбзэм хэт "хь" хьэрфым хуэмыдэу, кIуэцIым адэ жыжьэу щабэу къикI макъщ. Абы нэхъ пэгъунэгъуу дгъуэтар инджылыбзэм хэт "h" хьэрфращ. Псалъэм папщIэ: (Iэллаhуммэ).
2. "ث" хьэрфыр: адыгэбзэм хэт "с" хьэрфым хуэмыдэу, бзэгупэкIэ къыбопсэлъ, бзэгур дзитI зэхуакум дэту. Абы папщIэ "с" хьэрфым и щхьэм нэгъыщэ цIыкIу тету къэдгъэлъэгъуащ мыпхуэдэу: "ŝ". Псалъэм папщIэ: (кэŝиирэн).
3. "ع" хьэрфыр; Адыгэбзэм и алфавитым мы хьэрфым и макъыр хамыгъэувами, адыгэм а макъыр къапсэлъ. Псалъэм папщIэ, "жэмыхьэт" е "Умэр" щыжаIэкIэ. Ар къигъэлъагъуэу дэ къэдгъэсэбэпащ мы хьэрф зэгуэтыр: "гь".

ДауикI иджыри хьэрф зыбжанэ къонэ, псалъэм папщIэ: "ص" (щ), "ض" (д), "ظ" (жь) хьэрфхэр. Ахэри зы нэгъыщэ гуэркIэ къыпхуэгъэлъагъуэнут, ауэ абы иужькIэ текстым еджэгъуей хъункIэ дышынэри къэдгъэнэжащ.

Аллаhу Тэгьала Закъуэм солъэIу си лэжьыгъэр къабылу сIихыну, дунеягъэкIи АхърэткIи абы сыщигъэгуфIыкIыжыну. Тхылъым и зэдзэкIыным ехьэлIауэ хэт къыздэIэпыкъуами Алыхьым псапэу къаритыж, я Iуэхур ефIакIуэуи Алыхьым игъэпсэухэ!

**Щхьэныкъуэ Анзор Мубин и къуэ.**
Шэгьбан мазэм и 24, 1429 гъэ.
ШыщхьэIум (август) и 25, 2008 гъэ.

## ЗИКРЫМ И ФIЫГЪУЭХЭР

Аллаhу Тэгьалам жиIащ:

﴿ فَٱذۡكُرُونِيٓ أَذۡكُرۡكُمۡ وَٱشۡكُرُواْ لِي وَلَا تَكۡفُرُونِ ﴾

**﴿ Сызыщывмыгъэгъупщэ, Сэри фысщыгъупщэнкъым, фIыщIэ къысхуэфщI, фIыщIэмыщIу фыщымыт ﴾ .**[7]

Мыри жиIащ:

﴿ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱذۡكُرُواْ ٱللَّهَ ذِكۡرٗا كَثِيرٗا ﴾

**﴿Уэ Iиман зиIэхэ! Алыхьым и цIэр куэдрэ къифIуэ﴾.**[8]

---

[7] Iэл-Бэкъэрэ: 152.
[8] Iэл-Iэхьзаб: 41.

Мыри жиIащ:

﴿ وَٱلذَّٰكِرِينَ ٱللَّهَ كَثِيرًا وَٱلذَّٰكِرَٰتِ أَعَدَّ ٱللَّهُ لَهُم مَّغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴾

**﴿... Алыхьым и цIэр куэдрэ къизыIуэ цIыхухъухэми, цIыхубзхэми[9] –Алыхьым къахуигъэхьэзыращ гъэгъуныгъэрэ, псапэ инрэ﴾ .**[10]

Мыри жиIащ:

﴿ وَٱذْكُر رَّبَّكَ فِى نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ ٱلْجَهْرِ مِنَ ٱلْقَوْلِ بِٱلْغُدُوِّ وَٱلْءَاصَالِ وَلَا تَكُن مِّنَ ٱلْغَٰفِلِينَ ﴾ .

**﴿ Пщэдджыжьми, пщыхьэщхьэми уи Тхьэм и цIэр къэпсэлъ зыхуэбгъэлъахъшэу икIи ущышынэу, уи макъми лъагэ зумыгъэщIу. Ар зигу къэмыкIхэм ящыщ умыхъу﴾.**[11]

✵ ✵ ✵

Бегъымбар лъапIэми, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

---

[9] ЩIэнныгъэлIышхуэ Ибн Iэщ-Щэлахь къеупщIахэт: "Алыхьым и цIэр куэдрэ къизыIуэхэм ящыщ цIыхур дапщэщ щыхъуфынур?-жаIэри. "Хьэдисхэм къыщыкIуа зикрхэм пщэдджыжьми, пщыхьэщхьэми, зэман зэмылIэужьыгъуэхэми, щытыкIэ зэмыщхьхэми, махуэми жэщми хуэсакъыр "Алыхьым и цIэр куэдрэ къизыIуэ"хэм ящыщ хъунущ"-, жи1ащ. НэуэуиЙ "Iэл-Iэзкар" нап. 10 Мы тхылъ цIыкIуми а хьэдисхэм къыхэщ зикрхэр ибгъуэтэнущ, Алыхьым жиIэмэ.

[10] Iэл-Iэхьзаб: 35.

[11] Iэл-Iэгъраф: 205.

## "Зи Тхьэр зигу къэкIымрэ, зи Тхьэр зигу къэмыкIымрэ ящхьщ – псэумрэ лIамрэ"[12].

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным:

**"НывжесIэн фи лэжьыгъэхэм нэхъыфI дыдэу хэтри, фи Тепщэм и деж нэхъ щыбагъуэри, фи увыпIэхэр нэхъ лъагэ зыщIри, дыщэрэ дыжьынрэ вгуэшын нэхърэ нэхъ хъерыри, фи бийм фIыIущIэу и щхьэ пывупщI е фи щхьэ къыпаупщI нэхърэ нэхъыфIри?!".**

- НтIэ, - жаIащ щэхьабэхэм.

**"Алыхьым и цIэр зикр щIынращ"**, - жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным[13].

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"Аллаhу Тэгьалам жеIэ: Си пщылIым и гугъапIэм сыхэлъщ Сэ[14], си цIэр щыжиIэм и дежи Сэ сыригъусэщ абы; и закъуэу игу сыкъэкIмэ Сэри си закъуэу сигу къокI ар, гупым яхэту си цIэр къыриIуэмэ, а гупым нэхъыфIыж гуп я деж абы и цIэр Сэри къыщызоIуэ; зы Iэбжьэкlэ гъунэгъу зыкъысхуищIмэ, зы IэфракIэкIэ гъунэгъу зыхуэсщIынущ Сэ абы; зы IэфракIэкIэ гъунэгъу зыкъысхуищIмэ, зы *багькIэ*[15] гъунэгъу**

---

[12] Бухъарий, Муслим.

[13] Тирмизий, Ибн Маджэ.

[14] Къызэрысщыгугъыр хуэсщIэну апхуэдэ зэфIэкI сиIэщ, жыхуиIэщ. Аращи Алыхьым нэхъыфIкIэ щыгугъын хуейщ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[15] Багъ: цIыхум и IитIыр лъэныкъуэ зэрызымкIэ гъэзауэ иукъуэдиймэ, абы я зэхуаку дэлъ мардэм "багъ"кIэ йоджэ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

**зыхуэсщIынущ; лъэбакъуэкIэ си деж къежьэмэ, Сэ жэрыгъэкIэ абы сыпежьэнущ[16]".[17]**

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун **Гьэбдуллах ибн Буср** къызэриIуэтэжымкIэ, зы лIы гуэрым жиIащ:

- Уа Алыхьым и лIыкIуэ! Ислъам диным дыкъызыхуриджэ Iуэхугъуэхэр сфIызэтрихьащи[18], и кIапэр сыубыдыну зыгуэр къызжеIэ.

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным, жиIащ: **"Алыхьым и цIэр жыIэнымкIэ уи бзэгур псыIэу сыт щыгъуи щыгъэт[19]".[20]**

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным:

**"Алыхьым и тхылъым[21] щыщу зы хьэрф къеджам зы псапэ иIэщ. Псапэри хуэдипщIкIэ (мэбагъуэ). Сэ жысIэкъым (الٓمٓ)-ыр[22] зы хьэрф фIэкIа мыхъуу, атIэ**

---

[16] **Гу зылъытапхъэ:** мы хьэдисыр Алыхьым и щифэтхэм тепсэлъыхь хьэдисхэм ящыщщ. Апхуэдэхэр ди фIэщ зэрыхъун хуейр мыпхуэдэущ: "Алыхьым жиIар ди фIэщ мэхъу, зэрыжиIа дыдэм хуэдэуи щытщ, ар зыгуэрми едгъэщхькъым, зыгуэрми хуэдгъадэкъым, щапхъэ гуэрми ди акъылкIэ идгъэувэкъым, и мыхьэнэри зэблэтшкъым". *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[17] Бухъарий, Муслим.

[18] ЩIэныгъэлI Iэл-Къарий зэрыжиIэмкIэ, лIым къыхигъэщыну зыхуейр нафилэ (псапэ) лэжьыгъэхэращ. Армырауэ фарзхэм папщIэ апхуэдэ жыпIэну къекIукъым. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[19] Абы и цIэр уи бзэгум телърейуэ, уи гум йомыгъэхуу щыгъэт, жыхуиIэщ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[20] Тирмизий, Ибн Маджэ.

[21] Алыхьым и тхылъ: КъурIэн лъапIэращ.

[22] (الٓمٓ) – укъызэреджэнур мыпхуэдэущ: Iэлиф-лаам-миим.

***Iэлифыр* зы хьэрфщ, *ламри* зы хьэрфщ, *мимри* зы хьэрфщ".**[23]

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Гъукъбэ ибн Гъамир жиIащ: *Щуффэм*[24] дыщIэсу бегъымбар лъапIэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуныр : къыщIэкIри жиIащ: **"Махуэ къэс пщэдджыжьым БутIхьан[25] е Iэл-Гъэкъикъ[26] кIуэуэ сыджышхуэхэр я тхым тету махъшитI къырихуну хэт хуей? Абы щхьэкIи гуэныхь къимыхьу[27], благъагъэри имыкъутэу?!**

- Уа Алыхьым и лIыкIуэ! Дыхуейт дэ абы.
- **НтIэ арамэ, пщэдджыжькIэ ирекIуэ фи языхэзыр мэжджытми, зырырегъащIэ е къыреджэ аятитI Алыхь Лъагэу ЛъапIэм и Тхылъым щыщуи, ар абы и дежкIэ махъшитI нэхърэ нэхъыфIщ; щыр (аятищыр) щым (махъшищым) нэхърэ нэхъыфIщ, плIыр плIым нэхърэ нэхъыфIщ, мис апхуэдэурэ махъшащхьэм покIуэ бжыгъэхэри".**[28]

---

[23] Тирмизий.

[24] Щуффэ: Бегъымбар лъапIэм и мэжджытым къыпыту лъэныкъуэегъэзу щ1эщ1 иIаращ. Мэдинэ къалэм хьиджрэ зыщIу къэIэпхъуэу щыта нэхъ зыхузэфIэмыкIхэр абдежым щепсыхыу, ар я псэупIэу щытащ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[25] БутIхьан: Мэдинэ къалэм щыIэ уэхышхуэм и цIэщ. Махъшэ щапIэу щытащ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[26] Iэл-Гъэкъикъ: Мэдинэ къалэм километр зы тхухкIэ пэжыжьэ щIыпIэм зэреджэ. Махъшэ щапIэу щытащ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[27] Къимыдыгъуу, е зыгуэрым къытримыхыу, жыхуиIэщ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[28] Муслим.

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным :

**"Алыхьым и цIэр здыжимыIа тIысыпIэм щысар Алыхьым абы хущIригъэгъуэжынущ. Алыхьым и цIэр здыжимыIа гъуэлъыпIэм щылъар Алыхьым абы хущIригъэгъуэжынущ".**[29]

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным :

**"Алыхьым и цIэр жамыIэу, я бегъымбарми щэлэуат къыхуамыхьу зэхэса гупыр, абы хущIегъужынущ. (Алыхьри) хуеймэ, абыхэм хьэзаб ятрилъхьэнщ, хуеймэ, яхуигъэгъунщ".**[30]

Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным :

**"Алыхьым и цIэр щыжамыIа тIысыпIэм щысу зыкъэзыIэтыжа гупыр, шыд лIам и хьэдэм пэрысу**[31] **къэтэджыжам ещхь мэхъу, икIи хущIегъуэжынущ ахэр абы".**[32]

## КЪЭУШАМ ЖИIЭНУ ЗИКРХЭР

﴿الْحَمْـــدُ لِلّٰهِ الَّذِي أَحْـــيَانَا بَعْـــدَ مَا أَماتَـــنَا وَإِلَيْهِ النُّـــشُورُ﴾

---

[29] Iэбу Дауди нэгъуэщIхэми.

[30] Тирмизий.

[31] Шыд лIам и хьэдэм и фIеягъымрэ, мэ Iей къыпихымрэ иригъэщхьащ я зэхэсыкIэр, абдежым цIыхухэм яхуэпсалъэу, мыхъун жаIэу зэрызэхэсам папщIэ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[32] Iэхьмэд, Iэбу Дауд.

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэльхьэмду лиллаhил-лэзий Iэхь-яна бэгьдэ ма Iэматэна уэ Iилэйhин-нушуур ﴾.**[33]

И мыхьэнэр:

"Щытхъур ейщ дызыгъалIэу[34] дыкъэзыгъэхъужа Алыхьым, Абы и дежщ екIуэлIэжыпIэри".

* * *

﴿لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُـــلْكُ وَلَهُ الْحَمْـــدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، سُبْحَانَ اللهِ، وَالْحَمْدُ للهِ، وَ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ، وَاللهُ أَكْبَرُ، وَلاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ الْعَظِيمِ، رَبِّ اغْفِرْ لِي ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhу ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр. Субхьанэл-Лаhи, уэл-хьэмду лил-Лаhи, уэ ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу, уэл-Лаhу Iэкбэр, уэ ла хьэулэ уэ ла къуууэтэ Iилла биллаhил-Гьэжьиим. Рэббигъфир лии[35]﴾**[36]

И мыхьэнэр:

"Закъуэу икIи гъусэ зимыIэ Алыхь Лъагэм фIэкIа тхьэ щыIэкъым; мылъкур зейр аращ, фIыщIэр зейр Аращ; Абы и лъэкIыныгъэр сытми пхокI. ХэIэтIыкIащ Алыхьыр. ФIыщIэр ейщ Алыхьым. Тхьэ щыIэкъым

---

[33] Бухъарий, Муслим.

[34] Мыбдежым зи гугъу ищIыр «жейращ», лIэныгъэм и къуэшырщ.

[35] Мыр жызыIэм и гуэныхьыр къыхуэгъунущ, лъаIуэми и лъэIур Iахынущ. Къэтэджу, андез ищтэу нэмэз ищIми и нэмэзыр къабыл хъунущ. (Ахэр псори къыщокIуэ хьэдис пэжым).

[36] Бухъарий.

Алыхьым нэмыщI. Алыхьыр нэхъ Инщ сытым нэхъри. ЛъэкIыныгъи къаруи зыми иIэфынукъым Ин и Иныж Алыхьым емыпхауэ. Си Тхьэ къысхуэгъэгъу".

* * *

﴿اَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي عَافَانِي فِي جَسَدِي وَرَدَّ عَلَيَّ رُوحِي وَأَذِنَ لِي بِذِكْرِهِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэльхьэмду лил-ЛаҺил-лэзий гьафаний фий джэсэдий, уэ рэддэ гьэлэйе руухьий, уэ Iэзинэ лий би зикриҺи ﴾**[37].

И мыхьэнэр:

"Щытхъур ейщ си IэпкълъэпкъкIэ узыншагъэ къызэзыта, си псэр къысхэзылъхьэжа, Езыр гукъэкI сщIыну лъэкIыныгъэ къызэзытам – Алыхьым ".

* * *

"Iал Гьимран" сурэм и 190-200 аятхэм къеджэнщ.

❁ ❁ ❁

## ЗЫЗЫХУЭПАМ ЖИIЭНУ ДУГЬЭР

* * *

﴿ اَلْحَمْدُ لِلّهِ الَّذِي كَسَانِي هَذَا وَرَزَقَنِيهِ مِنْ غَيْرِ حَوْلٍ مِنِّي وَلاَ قُـــوَّةٍ﴾

И къеджэкIэр:

[37] Тирмизий.

**﴿Iэльхьэмду лил-Лаhиллэзий кэсаний hазэŝ-ŝэубэ, уэ рэзэкъэниййhи мин гъэйри хьэулин минний уэ ла къуу-уэ﴾.**[38]

И мыхьэнэр:

"Щытхъур ейщ мы (щыгъыныр) къысщызытIэгъа икIи къысхуэзыгъэфэща Алыхьым; ауэ щыхъукIи сэ лъэкIыныгъи, къаруи збгъэдэмылъу".

❁ ❁ ❁

## ЩЫГЪЫНЫЩIЭ ЩЫЗЫТIЭГЪАМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР

﴿اللَّهُمَّ لَكَ الحَمْدُ أَنْتَ كَسَوْتَنِيهِ، أَسْأَلُكَ مِنْ خَيرِهِ وَخَيْرِ مَا صُنِعَ لَهُ، وَأَعوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهِ وَشَرِّ ما صُنِعَ لَهُ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ лэкэл-хьэмду Iэнтэ кэсэутэниййhи, IэсIэлукэ мин хъэйриhи уэ хъэйри ма щунигъэ лэhу, уэ Iэгъуузу бикэ мин шэрриhи уэ шэрри ма щунигъэ лэh ﴾**[39].

И мыхьэнэр:

"Я Аллаh, щытхъур Ууейщ! Уэращ къысщызытIэгъар мыр (щыгъыным и цIэр жыбоIэ, джанэми, гъуэншэджми). Уэ сынолъэIу мыбы и фIыгъуэмрэ, зыхуащIам и фIыгъуэмрэ къызбгъэдэплъхьэну; икIи Уэ

[38] Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ.
[39] Iэбу Дауд, Тирмизий, Iэл-Бэгъэуий.

зыпхузогъазэ мыбы и Іеймрэ, зыхуащІам и Іеймрэ сащыпхъумэну".

❁ ❁ ❁

## ЩЫГЪЫНЫЩІЭ ЩЫЗЫТІЭГЪАМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУ

﴿ تُبْــلِي وَيُــخْلِفُ اللهُ تَعَالَى﴾

И къеджэкІэр:

﴿**Тублий уэ юхълифул-Лаһу тэгьала** ﴾[40].

И мыхьэнэр:

"Угъэлажьи Аллаху Лъагэм пхузэрихъуэкІыж".

* * *

﴿ اِلبَــسْ جَدِيــداً وَعِــشْ حَمِــيداً وَمُــتْ شَهِيداً﴾

И къеджэкІэр:

﴿**Іилбэс джэдидэн, уэ гьиш хьэмидэн, уэ мут шэһидэн**﴾[41].

И мыхьэнэр:

"ЩІэи щытІагъэ, щытхъу уиІэуи псэу, шэһидуи лІэж".

❁ ❁ ❁

## ЩЫГЪЫН ЩЫЗЫХЫЖЫМ ЖИІЭНУР

﴿ بِسْمِ اللهِ ﴾

---

[40] КъэзыІуэтэжар: Іэбу Дауд.

[41] КъэзыІуэтэжахэр: Ибн Маджэ, Іэл-Бэгъэуий.

И къеджэкIэр:

﴿**Бисмил-Лаh**﴾.[42]

И мыхьэнэр:

Алыхьым и цIэкIэ.

❁ ❁ ❁

## ПСЫУНЭМ ЩIЫХЬЭН ИПЭКIЭ, ЖАIЭР

﴿[بِسْمِ اللهِ] اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَعُـــوذُ بِـــكَ مِـــنَ الْخُـــبُثِ وَالْخَبائِثِ﴾

И къеджэкIэр:

﴿**/Бисмил-Лаhи/ Iэл-Лаhуммэ Iинний Iэгьуузу бикэ минэл-хъубуŝи уэл-хъэбаIиŝ**﴾.[43]

И мыхьэнэр:

/Алыхьым и цIэкIэ/ Я, Аллаh, Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну бзаджэнаджэхэм я хъуми я бзыми.

❁ ❁ ❁

## ПСЫУНЭМ КЪЫЩIЭКIЫЖА ИУЖЬ, ЖАIЭР

﴿ غُفْـــرانَكَ ﴾

И къеджэкIэр:

﴿**Гъуфранэкэ**﴾.[44]

И мыхьэнэр:

42 КъэзыIуэтэжар: Тирмизий, нэгъуэщIхэми.
43 КъэзыIуэтэжахэр: Бухъарий, Муслим.
44 КъэзыIуэтэжахэр: Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ.

"ГъэгъуныгъэкIэ сынолъэIу".

❋ ❋ ❋

## АНДЕЗЫР ЩАУБЛЭКIЭ, ЖАIЭР

﴿ بِسْمِ اللهِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

﴿ **Бисмил-Лаh** ﴾

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьым и цIэкIэ".

❋ ❋ ❋

## АНДЕЗ НЭУЖЬЫМ ЖАIЭР

﴿ أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَـــهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَه،لاَ شَرِيـــكَ لَـــهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّـــداً عَبْـــدُهُ وَرَسُـــولُـــهُ﴾ .

<u>И къеджэкIэр</u>:

﴿**Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, уэ Iэшhэду Iэннэ Мухьэммэдэн гьэбдуhуу уэ рэсуулуh**﴾[45].

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Щыхьэт сытохъуэ Алыхьым фIэкIа тхьэ зэрыщымыIэм, Закъуэщ, гъусэ иIэкъым. Апхуэдэуи щыхьэт сытохъуэ Мухьэммэд (бегъымбарыр) абы зэрипщылIым икIи зэрилIыкIуэм".

---

[45] Муслим.

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ اجْعَلْنِـــي مِنَ التَّـــوَّابِينَ وَاجْعَـــلْنِي مِنَ المَتَطَهِّـــرِينَ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴾Iэллаhуммэ-джгьэлний минэт-тэууабийнэ уэджгьэлний минэл-мутэтIэhhирийн﴿**[46].

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, сахэбжэ къэзыгъэзэжрейхэм (тэубэ къэзыхьыжрейхэм), апхуэдэуи сахэбжэ зызыгъэкъэбзэжрейхэм".

* * *

﴿ سُبْحَـــانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ أَشْهَـــدُ أَنْ لاَ إِلهَ إِلاَّ أَنْتَ أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَـــيْكَ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴾Субхьанэкэл-Лаhуммэ уэ бихьэмдикэ, Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ, Iэстэгъфирукэ уэ Iэтуубу Iилэйкэ﴿**.[47]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Уэ, Аллаhу, хэIэтыкIа! Щытхъур ууейщ. Сэ щыхьэт сытохъуэ Уэр нэмыщI нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм; гъэгъуныгъэкIэ сынолъэIур, уи дежи тобэ къыщызохьыж".

# УНЭМ КЪЫЩЫЩIЭКIКIЭ, ЖАIЭР

[46] Тирмизий.

[47] НэсаIий.

﴿ بِسْمِ اللهِ، تَوَكَّلْتُ عَلَى اللهِ وَلاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Бисмил-Лаhи, тэуэккэлту гьэлэл-Лаhи, уэ ла хьэулэ уэ ла къууэтэ Iилла бил-Лаh﴾.**[48]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьым и цIэкIэ; Алыхьыр таучэл сщIащ, лъэкIыныгъи къаруи зыми иIэфынукъым Алыхьым емыпхауэ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ أَنْ أَضِلَّ أَوْ أُضَلَّ، أَوْ أَزِلَّ أَوْ أُزَلَّ، أَوْ أَظْلِمَ أَوْ أُظْلَمَ، أَوْ أَجْهَلَ أَوْ يُجْهَلَ عَلَيَّ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Iэллаhумэ Iинний Iэгьуузу бикэ Iэн Iэдиллэ, Iэу Iудэллэ, Iэу Iэзиллэ, Iэу Iузэллэ, Iэу Iэжьлимэ, Iэу Iужьлэмэ, Iэу Iэджhэлэ, Iэу юджhэлэ гьэлэйе﴾**[49].

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, ипэжыпIэкIэ сэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну – гъуэгу захуэм сытекIыну е сытрашыну; щыуагъэ злэжьыну е сагъэлэжьыну; си зэран (зыгуэрым) екIыным е (зыгуэрым) и зэран къызэкIыным; нэмысыншагъэ зесхьэным е (апхуэдэ) къыскIэлъызэрахьэным".

❁ ❁ ❁

48 Iэбу Дауд, Тирмизий.
49 Iэбу Дауд, НэсаIий, Тирмизий, Ибн Маджэ.

## УНЭМ ЩЫЩІЫХЬЭКІЭ, ЖАІЭР

﴿ بِسْــمِ اللهِ وَلَجْنَـا، وَبِسْـــمِ اللهِ خَـــرَجْنَـا، وَعَلَـى رَبِّنَـا تَوَكَّلْـنَا ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Бисмил-Лаhи уэлэджна, уэ бисмил-Лаhи хъэрэджна, уэ гьэла рэббина тэуэккэлна﴾.**[50]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и цIэкIэ дыщIыхьащ, Алыхьым и цIэкIи дыщIэкIащ, ди Іуэхури ди Тхьэм бгъэдэтлъхьащ".

* *Абы иужькIэ щIэсхэм сэлам ярех.*

❁ ❁ ❁

## МЭЖДЖЫТЫМ ЩЫКІУЭКІЭ, ЖАІЭР

﴿اللَّهُمَّ اجْعَــلْ فِي قَلْبِــي نُورًا، وَفِي لِسَــانِي نُورًا، وَاجْعَــلْ فِي سَمْعِي نُورًا، وَاجْعَــلْ فِي بَصَرِي نُورًا، وَمِنْ تَحْتِي نُوراً ،وَعَنْ يَمِينِي نُورًا، وَعَنْ شِمَالِي نُورًا ، وَمِنْ أَمَامِي نُورًا ، وَفِي خَلْفِي نُورًا، وَاجْعَلْ فِي نَفْسِي نُورًا ، وَأَعْظِمْ لِي نُورًا ، وَعظِّمْ لِي نُورًا ، وَاجْعَلْ لِي نُورًا ، وَاجْعَلْنِي نُورًا ، اَللَّهُمَّ أَعْطِنِي نُورًا ، وَاجْعَلْ فِي عَصَبِي نُورًا ، وَفِي لَحْمِي نُورًا ، وَفِي دَمِي نُورًا ، وَفِي شَعْرِي نُورًا ، وَفِي بَشَرِي نُورًا﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Іэллаhуммэджгьэл фи къэлбий нуурэн, уэ фи лисаниq нуурэн, уэ фи сэмгьий нуурэн, уэ фи**

[50] Іэбу Дауд.

**бэщэрий нуурэн, уэ мин фэукъи нуурэн, уэ мин тэхьтий нуурэн, уэ гьэн емийний нуурэн, уэ гьэн шималий нуурэн, уэ мин Іэмамий нуурэн, уэ мин хъэлфий нуурэн, уэджгьэл фи нэфсий нуурэн, уэ Іэгьжьим лий нуурэн, уэ гьэжьжьим лий нуурэн, уэджгьэл лий нуурэн, уэджгьэлний нуурэн, Іэллахуммэ ІэгьтІиний нуурэн, уэджгьэл фи гьэщэбий нуурэн, уэ фи лэхьмий нуурэн, уэ фи дэмий нуурэн, уэ фи шэгьрий нуурэн, уэ фи бэшэрий нуурэн﴾.**[51]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаһ, къылъыгъэс нурыр си гуми, си бзэми, зэрызэхэсхми, зэрыслъагъуми, си щхьэкІи, си лъабжьэкІи, си ижьырабгъукІи, си сэмэгурабгъукІи, си гупэкІи, си щІыбагъкІи; къылъыгъэс нурыр си псэми. СхуэщІ сэркІэ нурыр лъагэ, ин, къызэт сэ нурыр, сэри нур сыщІ. Я, Аллаһ, нуркІэ къысхуэупсэ, къылъыгъэс нурыр си хуэм, си пкъым, си лъым, си щхьэцым, си фэм".

❁ ❁ ❁

## МЭЖДЖЫТЫМ ЩЫЩІЫХЬЭКІЭ, ЖАІЭР

﴿ أعوذُ باللهِ الْعَظِيمِ وَبِوَجْهِهِ الْكَرِيمِ وَسُلْطَانِهِ الْقَدِيمِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ،[ بِسْمِ اللهِ، وَالصَّلاَةُ] [وَالسَّلاَمُ عَلى رَسولِ اللهِ]، اَللَّهُمَّ افْتَحْ لِي أَبْوَابَ رَحْمَتِكَ ﴾

<u>И къеджэкІэр</u>:

[51] Бухъарий, Муслим.

**﴿ Iэгьуузу бил-Лаhил-Гьэжьиим, уэ би уэджhиhил-кэриим, уэ султIаниhил-къэдиим, минэш-шэйтIанир-рэджиим. [Бисмил-Лаhи уэщ-щэлату уэс-сэламу гьэла рэсуулил-Лаh] Iэллаhуммэфтэхь лий Iэб-уабэ рэхьмэтик﴾**.[52]

И мыхьэнэр:

" СожэлIэж Ин и Иныж Алыхьми, и нэгу лъапIэми, кIэух зимыIэ и тепщэныгъэми - сыщихъумэну шэйтIан бзаджэнаджэм. [Алыхьым и цIэкIэ, щэлатри сэламри Алыхьым и лIыкIуэм изох]; Уэ Алыхь, къысхузэIух уи гущIэгъум и бжэхэр".

❁ ❁ ❁

## МЭЖДЖЫТЫМ КЪЫЩIЭКIЫЖА НЭУЖЬ, ЖАIЭР

﴿بِسْمِ اللهِ وَالصَّلاَةُ وَالسَّلاَمُ عَلَى رَسُولِ اللهِ، اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَسْأَلُكَ مِـــنْ فَضْـــلِكَ، اَللَّهُمَّ اعْصِمْنِـــي مِنَ الشَّيْـــطَانِ الرَّجِـــيمِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Бисмил-Лаhи уэщ-щэлату уэс-сэламу гьэла рэсуулил-Лаhи, Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ мин фэдликэ, Iэллаhуммэ-гьщимний минэш-шэйтIанир-рэджийм﴾**.[53]

И мыхьэнэр:

[52] Муслим, Iэбу Дауд, Ибн Iэс-Сунний я къэIуэтэжыкIэхэр псори зэхэту.
[53] Муслим, Iэбу Дауд, Ибн Iэс-Сунний я къэIуэтэжыкIэхэр псори зэхэту.

"Алыхьым и цIэкIэ соублэ. Щэлатри сэламри Алыхьым и лIыкIуэм изох. Си Тхьэ, сэ сыщIолъэIур уи фIыгъуэм; си Тхьэ, сыщыхъумэ нэлат зытелъ шэйтIаным".

✵ ✵ ✵

## АЗЭНЫМ ЕХЬЭЛIА ЗИКРХЭР

**МуIэзиныр азэн къыщыджэкIэ, жиIэм хуэдэ дыдэу уэри уи жыбоIэ.**

**Ауэ мыбыхэм:**

﴿حَـــيَّ عَلَـــى الصَّلاَةِ، حَـــيَّ عَلَـــى الصَّلاَةِ،
حَـــيَّ عَلَـــى الْفَـــلاَحِ، حَـــيَّ عَلَـــى الْفَـــلاَحِ﴾

И къеджэкIэр:

**"Хьэйе гьэлэщ- щэлаh,**
**хьэйе гьэлэщ-щэлаh,**
**Хьэйе гьэлэл-фэлахь,**
**хьэйе гьэлэл-фэлахь"**

И мыхьэнэр:

"ФыхуэпIащIэ нэмэзым, фыхуэпIащIэ нэмэзым, ФыхуэпIащIэ ехъулIэныгъэм, фыхуэпIащIэ ехъулIэныгъэм" –

**дэтхэнэм иужькIи жыбоIэ:**

﴿لاَ حَـــوْلَ وَلاَ قُـــوَّةَ إِلاّ بِاللهِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Ла хьэулэ уэ ла къуууэтэ Iилла бил-Лаh ﴾**.[54]

<u>И мыхьэнэр</u>:
"ЛъэкIыныгъи, къаруи зыми иIэфынукъым Алыхьым емыпхауэ".

**МуIэзиным "шэhадэ псалъэхэр" жиIа нэужь, фIыщ жыпIэну мыхэр:**

﴿ وَأَنا أَشْـــهَدُ أَنْ لاَ إِلَـــهَ إِلاَّ اللهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَـــرِيكَ لَـــهُ ، وَأَنَّ مُحَمَّـــداً عَبْـــدُهُ وَرَسُـــولُهُ، رَضِيـــتُ بِاللهِ رَباًّ ، وَبِمُحَمَّـــدٍ رَسُـــولاً وَبِالْإِسْلاَمِ دِيناً ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:
**﴿Уэ Iэнэ Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, уэ Iэннэ Мухьэммэдэн гъэбдуhуу уэ рэсуулуhуу. Рэдийту бил-Лаhи рэббэн, уэ би Мухьэммэдин рэсуулэн, уэ бил-Iислами динэн﴾**.[55]

<u>И мыхьэнэр</u>:
"Сэри щыхьэт сытохъуэ Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм, гъусэ зэримыIэм, Мухьэммэд Абы и пщылIу, и лIыкIуэу зэрыщытым. Арэзы сытехъуащ Тхьэуэ – Алыхьым, ЛIыкIуэу – Мухьэммэдым, дину – Ислъамым".

* Азэн къэджэныр зэфIэкIмэ, бегъымбарым щэлэуат къыхуэпхьынщ[56].

✵ ✵ ✵

[54] Бухъарий, Муслим.
[55] Муслим.
[56] Муслим.

# АдэкIэ мыр жыпIэнщ:

﴿ اَللَّهُمَّ رَبَّ هَذِهِ الدّعْوَةِ التَّامَّةِ وَالصَّلاَةِ القَائِمَةِ آتِ مُحَمَّداً الوَسِيلَةَ وَالْفَضِيلَةَ وَابْعَثْهُ مَقَاماً مَحْمُوداً الَّذِي وَعَدْتَهُ [إِنَّكَ لاَ تُخْلِفُ الْمِيعَادَ] ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэ рэббэ hазиhид-дэгь-уэтит-таммэти, уэщ-щалатил-къаIимэти, Iати Мухьэммэдэнил-уэсилэтэ, уэл-фэдилэтэ, уэбгъэŝху мэкъамэн мэхьмудэнил-лэзи уэгьэд тэhуу, [Иннэкэ ла тухълифул-миигьад]﴾**.[57]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаhу, мы къыхуеджэныгъэ нэгъэсамрэ мы нэмэз яублэнумрэ я Тхьэ! Къет Мухьэммэд *уэсилэри,*[58] фIыгъуэри; лъэгъэIэс Уэ узыщытхъуа теувапIэу ар къызэрыбгъэгугъами; [ипэжыпIэкIэ, утекIыжкъым Уэ уи псалъэм]".

* Азэнымрэ Iикъамэмрэ я зэхуакум уи щхьэм папщIэ Алыхьым уелъэIунщ, сыту жыпIэмэ абдежым уи дугъэр жэуапыншэу къанэркъым[59].

❁ ❁ ❁

---

[57] Бухъарий, Бэйхэкъий.

[58] Уэсилэ: Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысын бегъымбар лъапIэм жиIар мыращ: "Ар Жэнэтым и щIыпIэщ - зы цIыху закъуэм фIэкIа хуэмыфащэуи, а цIыху закъуэри сэрауэ къыщIэкIыну согугъэ…". Муслим.

[59] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий.

# НЭМЭЗЫР ЗЭРАУБЛЭ ТЭКБИРЫМ ИУЖЬКIЭ ЖАIЭХЭМ ЩЫЩ[60]

﴿اللَّهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وَبَيْنَ خَطَايَايَ كَمَا بَاعَدْتَ بَيْنَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ، اَللَّهُمَّ نَقِّنِي مِنَ الْخَطَايَا كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الْأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اَللَّهُمَّ اغْسِلْ خَطَايَايَ بِالْمَاءِ وَالثَّلْجِ وَالْبَرَدِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ багьид бэйнии уэ бэйнэ хъэтIая-е, кэма багьэдтэ бэйнэл-мэшрикъи уэл-мэгъриб, Iэллаhуммэ нэкъкъинии минэл-хъэтIая кэма юнэкъкъэŝ-ŝэубул-Iэб-еду минэд-дэнэс, Iэллаhуммэгъ-сил хъэтIааяе бил-маIи уэŝ-ŝэлджи уэл-бэрэд﴾.**[61]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh! КъуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ жыжьэу зэрызэпэщIэпхам хуэдэу, сэрэ си гуэныхьхэмрэ дызэпэщIэх. Я, Аллаh, гуэныхьхэм сакъыхэгъэбзыкI щыгъын хужьыр фIейм къызэрыхагъэкъэбзыкIым хуэдэу. Я, Аллаh, си гуэныхьхэр схуэтхьэщI псыкIэ, уэскIэ, уэкIэ".

---

[60] Гу зылъытапхъэ: Тэкбир нэужьым жыпIэнум ехьэлIауэ зэмыщхьу дугьэ зыбжанэ щыIэщ. Псоми тегъэщIапIэ яIэщ, псори суннэм щыщщ, хьэдисхэм къыщокIуэ. Ауэ абы къикIыркъым ахэр зэгъусэу зы нэмэзым щыжыпIэн хуейуэ, атIэ нэхъ тэмэмыр – зы нэмэзым зы дугьэр, нэгъуэщI нэмэзым нэгъуэщI дугьэр жыпIэмэ, суннэр умыгъэкIуэду бгъэзэщIа хъунущ.. (Ибн Гьусеймин "Iэш-Шэрхь Iэл-Мумтигь" 3:61-62). [КъинэмыщIауэ, а дугьэхэм щыщу мыбдежым къыщытхьар тIу къудейщ] *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[61] Бухъарий, Муслим.

﴿ سُبْـــحَانَكَ اَللَّهُمَّ وَبِحَمْـــدِكَ وَتَبارَكَ اسْمُـــكَ وَتَعَـــالَى جَـــدُّكَ وَلاَ إِلهَ غَيْرُكَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Субхьанэкэл-Лаhуммэ уэ бихьэмдикэ, уэ тэбарэкэс-мукэ, уэ тэгьала джэддукэ, уэла Iилаhэ гъэйрукэ﴾.**[62]

И мыхьэнэр:

"УхэIэтыкIащ Уэ, Аллаh, щытхъур зейри уэращ. Уи ЦIэр берычэткIэ бэгъуащ. Уи иныгъэр (псоми) ящхьэщыкIыжащ. Уэр нэмыщIи нэгъуэщI Тхьэ щыIэкъым".

❁ ❁ ❁

# ЗАГЪЭЩХЪА НЭУЖЬКIЭ (РУКУГЬ) ЖАIЭР [63]

﴿ سُبْـــحَانَ رَبِّـــيَ الْعَظِـــيمِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Субхьанэ рэббиел-Гьэжьиим﴾**[64],- щэней жыIэн.

И мыхьэнэр:

"ХэIэтыкIащ Ин и Иныж си Тхьэр".

* * *

---

[62] Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ.

[63] Гу зылъытапхъэ: Рукугьым щыжаIэу илъабжьэкIэ къэкIуэну духьэхэр псори зэгъусэу зыдытеплъхьэ хъунущ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[64] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ.

﴿سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنَا وَبِحَمْدِكَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Субхьанэкэл-Лаhуммэ рэббэна уэ бихьэмдикэ, Iэллаhуммэгъфир лии﴾.[65]**

И мыхьэнэр:

"УхэIэтыкIащ Уэ, Аллаhу ди Тхьэр, щытхъур зейри Уэращ. Уэ, Аллаh, къысхуэгъэгъу".

* * *

﴿سُبُّوحٌ قُدُّوسٌ رَبُّ الْمَلاَئِكَةِ وَالرُّوحِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Суббуухь, Къуддуус, Рэббул-мэлаIикэти уэр-Руухь﴾**[66].

И мыхьэнэр:

"ХэIэтыкIащ, хэгъэкъэбзыкIащ (Алыхьыр), мелыIычхэми *Руухьми*[67] я Тхьэщ Ар".

❁ ❁ ❁

# РУКУГЬЫМ КЪИКIЫЖУ ЗЫКЪЫЩАIЭТЫЖКIЭ, ЖАIЭР

﴿سَمِعَ اللهُ لِمَنْ حَمِدَهُ﴾

И къеджэкIэр:

﴿ **Сэмигьэл-Лаhу лимэн хьэмидэh**﴾.[68]

---

65 Бухъарий, Муслим.
66 Муслим, Iэбу Дауд.
67 Рухь: Джэбрэ1ил мелы1ычырщ.
68 Iэхьмэд, Iэбу Дауд, НэсаIий.

И мыхьэнэр:

Къыподжэж Алыхьыр –щытхъу Абы хуэзыщIым.

✵ ✵ ✵

## КЪЫЗЭФIЭУВЭЖА НЭУЖЬКIЭ, ЖАIЭР:[69]

﴿رَبَّنَا وَلَكَ الْحَمْدُ، حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Рэббэна уэ лэкэл-хьэмд, хьэмдэн кэŝиирэн, тIэйибэн, мубарэкэн фииһ﴾**[70].

И мыхьэнэр:

Ди Тхьэ, Уэркъэ щытхъу зейр. Щытхъури куэду, фIыгъуэкIи гъэнщIауэ, берычэти хэлъу.

* * *

﴿ مِلْءَ السَّمَاوَاتِ وَمِلْءَ الأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ، وَمِلْءَ مَا شِئْتَ مِنْ شَيْءٍ بَعْدُ. أَهْلَ الثَّنَاءِ وَالْمَجْدِ، أَحَقُّ مَا قَالَ الْعَبْدُ، وَكُلُّنَا لَكَ عَبْدٌ ، اَللَّهُمَّ لاَ مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ وَلاَ مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَلاَ يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿МилIэс-сэмауати уэ милIэл-Iэрд, уэ милIэ ма бэйнэһума, уэ милIэ ма шиIтэ мин шэйIин бэгьд. Iэһлэŝ-ŝэнаIи уэл-мэджд, Iэхьэкъкъу ма къалэл-**

[69] И лъабжьэкIэ къэкIуэну духьитIри зэгъусэу жиIэ хъунущ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[70] Бухъарий.

**гьэбд, уэ куллуна лэкэ гьэбд. Iэллаhуммэ ла манигьэ лима IэгьтIейтэ, уэ ла мугьтIие лима мэнэгьтэ, уэ ла енфэгьу зэл-джэдди минкэл-джэдд**》[71].

И мыхьэнэр:

(ЩытхъукIэ) уафэхэри гъэнщIауэ, щIылъэри гъэнщIауэ, а тIум я зэхуакури гъэнщIауэ, абы иужькIэ Уэ узыхуейм хуэдизкIи гъэнщIауэ. Уэ, щытхъумрэ, лъапIэныгъэмрэ зыбгъэдэлъ! Я нэхъ пэжу пщылIым жиIэращи – дэ уэ псори дыурипщылIкъэ-тIэ – Я, Аллаh, Уэ птар зыубыдыжыфын щыIэкъым, Уэ быубыдыжари зытыфын щыIэкъым. ЛъэкIыныгъэ зиIэми и лъэкIыныгъэр Уи деж къыщыщхьэпэжынукъым.

❁ ❁ ❁

# СЭЖДЭМ ЩЫЖАIЭХЭР[72]

《 سُبْحَانَ رَبِّيَ الأَعْلَى 》

И къеджэкIэр:

《 **Субхьанэ рэббиел-Iэгьла** 》[73],- щэнейрэ жыIэн..

И мыхьэнэр:

ХэIэтыкIащ си Тхьэу - Лъагэ и Лъагэжыр.

---

[71] Муслим.

[72] Гу зылъытапхъэ: Сэждэм щыжаIэу илъабжьэкIэ къэкIуэну духьэхэр псори зэгъусэу зыдытеплъхьэ хъунущ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[73] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ.

* * *

﴿سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنَا وَبِحَمْدِكَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Субхьанэкэл-Лаhуммэ рэббэна уэ бихьэмдикэ, Iэллаhуммэгъфир лии﴾.**[74]

И мыхьэнэр:

УхэIэтыкIащ Уэ, Аллаhу ди Тхьэ. Щытхъур зейри Уэращ. Уэ, Аллаh, къысхуэгъэгъу.

* * *

﴿سُبُّوحٌ قُدُّوسٌ رَبُّ الْمَلائِكَةِ وَالرُّوحِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Суббуухь, Къуддуус, Рэббул-мэлаIикэти уэр-Руухь﴾.**[75]

И мыхьэнэр:

ХэIэтыкIащ, хэгъэкъэбзыкIащ (Алыхьыр), мелыIычхэми *Руухьми* я Тхьэщ Ар.

* НэгъуэщI духьэхэри щыIэщ.

## СЭЖДИТI ЗЭХУАКУМ, ЖАIЭР [76]

﴿رَبِّ اغْفِرْ لِي، رَبِّ اغْفِرْ لِي﴾

[74] Бухъарий, Муслим.
[75] Муслим.
[76] Псори зэгъусэу зыдытеплъхьэ хъунущ.

И къеджэкIэр:

**﴿Рэббигъ-фир лий, Рэббигъ-фир лий ﴾**.[77]

И мыхьэнэр:

Си Тхьэ къысхуэгъэгъу, Си Тхьэ къысхуэгъэгъу.

* * *

اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي، وَارْحَمْنِي، وَاهْدِنِي، وَاجْبُرْنِي، وَعَافِنِي، وَارْزُقْنِي، وَارْفَعْنِي

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллахуммэгъ-фир лии, уэр-хьэмнии, уэh-ди нии, уэджбур-нии, уэ гьафинии, уэр-зукънии, уэр-фэгьнии﴾**.[78]

И мыхьэнэр:

Я, Аллаh, къысхуэгъэгъу, гущIэгъуи къысхуэщI, сыузэщI, схэщIар къысхэлъхьэж, сыгъэузыншэ, ерыскъыншэ сумыщI, сыIэт.

❁ ❁ ❁

# КЪУРІЭНЫМ ХЭТ СЭЖДЭ АЯТЫМ КЪЕДЖАМ СЭЖДЭ ЩИЩІКІЭ, ЖИІЭНУР [79]

[77] Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

[78] Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ

[79] И лъабжьэкIэ къэкIуэну духьитIри зэгъусэу сэждэм деж щыжыпIэ хъунущ. Ибн Iэл-hумам щIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, мы дугьэхэр щыжыпIэнур сэждэр фэрз нэмэзым ухэту умыщIмэщ. Фэрз нэмэзым деж щыжыIапхъэр адрей сэждэхэм щыжаIэ хабзэращ. "Хьэлэбий Кэбир".

﴿ سَجَــدَ وَجْهِــي لِلَّــذِي خَلَقَــهُ، وَشَقَّ سَمْــعَــهُ، وَبَصَــرَهُ، بِحَــوْلِــهِ وَقُــوَّتِهِ. فَتَبَارَكَ ٱللَّهُ أَحْسَنُ ٱلْخَٰلِقِينَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Сэджэдэ уэджhии лиллэзий хъэлэкъэhуу, уэ шэкъкъэ сэмгьэhуу, уэ бэщэрэhуу, би хьэулиhи уэ къуу-уэтиhи, «фэтэбарэкэл-Лаhу Iэхьсэнул-Хъаликъиин»﴾**.[80]

И мыхьэнэр:

Си щхьэм сэждэ хуищIащ (ар езыр – щхьэр) КъэзыгъэщIам, и Лъэщагъырэ и КъарукIэ абы зэрызэхэпхымрэ (тхьэкIумэр) зэрыплъагъумрэ (нэр) хэзыщIыхьам. "Зихуэдэ щымыIэ Алыхьыр къэзыгъэщI псоми[81] я нэхъ Iэзэщ".

* * *

﴿ اللَّهُمَّ اكْتُبْ لِي بِهَا عِنْدَكَ أَجْرًا، وَضَعْ عَنِّي بِهَا وِزْرًا، وَاجْعَلْهَا لِي عِنْدَكَ ذُخْرًا، وَتَقَبَّلْهَا مِنِّي كَمَا تَقَبَّلْتَهَا مِنْ عَبْدِكَ دَاوُدَ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэктуб лии биhа гьиндэкэ Iэджрэн, уэ дэгь гьэннии биhа уизрэн, уэджгьэлhа ли гьиндэкэ**

[80] Тирмизий, Ибн Маджэ.

[81] Мыбы къикIкъым Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI къэзыгъэщI гуэри щыIэу, атIэ къэгъэщIыным "щIын", "теухуэн", "сурэт етын" мыхьэнэхэр иIэу къокIуэри, мыбдежми аращ зыхуэхьыпхъэр. Е, Алыхьыр зи фIэщ мыхъухэм, нэгъуэщI къэгъэщIакIуэ щыIэ хуэдэу зэраукъуэдийм папщIэ, "босын щыIэу, ауэ къэгъэщIакIуэм я нэхъ Iэзэр Алыхьращи, аращ зыхуэпщылIыпхъэр", жиIэ хуэдэщ, армырауэ, пж дыдэу нэгъуэщI къэгъэщIакIуэ щыIэу аракъым. НэгъуэщI гуэруи а псалъэм къикIыр зэпкърызыха щIэныгъэлI щыIэщ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

**зухърэн, уэ тэкъэббэлhа минnии кэма тэкъэббэлтэhа мин гьэбдикэ Дауудﰿ.**[82]

<u>И мыхьэнэр</u>:

Я, Аллаh, мыбыкIэ псапэ уи деж щысхуэтх, гуэныхьри абыкIэ сщхьэщых, гъэтIылъыгъи уи деж щысхуэщI, уи пщылI Дауд (бегъымбарым) къабылу (сэждэр) зэрыIыпхам хуэдэу, сэри къабылу сIых.

# ТЭШЭhhУДЫР [83]

﴿ اَلتَّحِيَّـــاتُ للهِ وَالصَّلَــوَاتُ والطَّيِّــبَاتُ ، اَلسَّلاَمُ عَلَيْـــكَ أَيُّهَـــا النَّبِـــيُّ وَرَحْمَـــةُ اللهِ وَبَرَكَـــاتُهُ ، اَلسَّلاَمُ عَلَيْـــنَا وَعَلَـــى عِبَـــادِ اللهِ الصَّـــالِحِـــينَ . أَشْـــهَدُ أَنْ لاَ إِلَـــهَ إِلاَّ اللهُ ، وَأَشْـــهَدُ أَنَّ مُحَمَّـــداً عَبْـــدُهُ وَرَسُـــولُهُ﴾.

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Iэттэхьийяту лил-Лаhи уэщ-щэлэуату уэтI-тIэиибату, Iэс-сэламу гьэлэйкэ Iэйюhэн-нэбийю уэрэхьмэтул-Лаhи уэ бэрэкатуhуу, Iэс-сэламу гьэлэйна уэ гьэла гьибадил-Лаhищ-щалихьинэ, Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу, уэ Iэшhэду Iэннэ Мухьэммэдэн гьэбдуhуу уэ рэсулуh ﴾.**[84]

<u>И мыхьэнэр</u>:

БзэкIэ къапсэлъ фIыгъуэу, IэпкълъэпкъкIэ ягъэзащIэ фIыгъуэу, мылъкукIэ ялэжь фIыгъуэу щыIэхэр псори Алыхь лъапIэм папщIэщ.

---

[82] Тирмизий, Iэл-Хьаким.

[83] Iэттэхьийятэ – жыхуэтIэращ.

[84] Бухъарий, Муслим.

Алыхьым и сэламри, и гущIэгъури, и берычэтри къыплъыс уэ, Бегъымбар лъапIэ! Сэламыр дэри, Алыхьым и пщылIыфI адрейхэми къытлъыс!
Сэ сыщыхьэтщ тхьэ нэгъуэщI щымыIэу Алыхьым фIэкIа, икIи сыщыхьэтщ Мухьэммэдыр Алыхьым и пщылIу икIи и лIыкIуэу зэрыщытымкIэ.

❁ ❁ ❁

## ТЭШЭҺҺУД НЭУЖЬЫМ, ЖАIЭ ЩЭЛЭУАТЫР

﴿ اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحمَّدٍ، وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ ، اَللَّهُمَّ بارِكْ عَلَى مُحمَّدٍ، وَعَلَى آلِ مُحمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэллаһуммэ щэлли гьэла Мухьэммэдин, уэ гьэла Iали Мухьэммэдин, кэма щэллэйтэ гьэла Iибраһимэ уэ гьэла Iали Iибраһимэ Iиннэкэ хьэмидун мэджид. Iэллаһуммэ барик гьэла Мухьэммэдин, уэ гьэла Iали Мухьэммэдин, кэма барэктэ гьэла Iибраһимэ уэ гьэла Iали Iибраһимэ, Iиннэкэ хьэмидун мэджид﴾.**[85]

И мыхьэнэр:

Я, Аллаһ, уи нэфIыр къыщыгъахуэ Мухьэммэди, Мухьэммэд и Iыхьлыхэми; къазэрыщыхуам хуэдэу Уи

---

[85] Бухъарий.

нэфӀыр – Ӏибраһимрэ, Ӏибраһим и Ӏыхьлыхэмрэ. Пэжыращи, Уэ щытхъур пхуэфащэщ, УхэӀэтыкӀащ.

Я, Аллаһ, берычэтыр къабгъэдэлъхьэ Мухьэммэди, Мухьэммэд и Ӏыхьлыхэми, къазэрыбгъэдэплъхьам хуэдэу берычэтыр – Ӏибраһимрэ, Ӏибраһим и Ӏыхьлыхэмрэ. Пэжыращи, Уэ щытхъур пхуэфащэщ, УхэӀэтыкӀащ.

❁ ❁ ❁

## СЭЛАМ ЯМЫТ ЩӀЫКӀЭ, ЖАӀЭ ДУГЬЭХЭР

«اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَمِنْ عَذَابِ جَهَنَّمَ ، وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ ، وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَّالِ»

И къеджэкӀэр:

**"Ӏэллаһуммэ Ӏинни Ӏэгьуузу бикэ мин гьэзабил-къэбр, уэ мин гьэзаби джэһэннэм, уэ мин фитнэтил-мэхь-я уэл-мэмат, уэ мин шэрри фитнэтил-мэсихьид-дэджджал".**[86]

И мыхьэнэр:

Я, Аллаһ, сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну кхъэм и гьэзабми, Жэхьэнэмэм и гьэзабми, псэуныгъэмрэ лӀэныгъэмрэ я къаугъэми, Дэджджал[87] *мэсихьым*[88] и къаугъэм и Ӏеягъэми.

[86] Бухъарий, Муслим.

[87] Дэджджал: бзэкӀэ къапщтэмэ – *пцӀыупс, пэжыр щӀэзыуфэ, пцӀыр гъэщӀэрэщӀауэ къыббгъэдэзылъхьэ,* жыхуиӀэщ.

[88] Мэсихь: бзэкӀэ къапщтэмэ – *телъэщӀа* жыхуиӀэщ. Дэджджалым апхуэдэ плъыфэ щӀиӀэм ехьэлӀауэ щӀэныгъэлӀхэм еплъыкӀэ зыбжанэ яӀэщ. Хэт жиӀащ:

* * *

« اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَ أَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَّالِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ. اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْمَأْثَمِ وَالْمَغْرَمِ »

.

И къеджэкIэр:

**"Iэллаhуммэ Iинни Iэгъуузу бикэ мин гъэзабил-къэбри, уэ Iэгъузу бикэ мин фитнэтил-мэсихьид-дэджджали, уэ Iэгъуузу бикэ мин фитнэтил-мэхь-я уэл-мэмат. Iэллаhуммэ Iинни Iэгъуузу бикэ минэл-мэIŝэми уэл-мэгъърэм".**[89]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну кхъэм и гъэзабми, Дэджджал *мэсихьым* и къаугъэми; сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну псэуныгъэмрэ лIэныгъэмрэ я къаугъэми; я, Аллаh, сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну гуэныхьщIапIэми, щIыхуэм (и бэлыхьми)".

«اَللَّهُمَّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي ظُلْمًا كَثِيرًا ، وَلاَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلاَّ أَنْتَ ، فَاغْفِرْ لِي مَغْفِرَةً مِنْ عِنْدِكَ وَارْحَمْنِي إِنَّكَ أَنْتَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ»

И къеджэкIэр:

**"Iэллаhуммэ Iинни жьэлэмту нэфсии жьулмэн кэŝирэн, уэ ла егъфируз-зунубэ Iилла Iэнтэ,**

---

и нэр телъэщIащи аращ. НэгъуэщIхэми жаIащ: и нэжьгъ щIэлъэныкъуэм нэ имысу, набдзи темыту, телъэщIауэ щытщи аращ. НэгъуэщI жызыIаи щыIэщ… (Фэтхь Iэл-Бари). *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[89] Бухъарий, Муслим.

**фэгъфир ли мэгъфирэтэн мин гьиндикэ, уэрхьэмни, Іиннэкэ Іэнтэл-Гъэфур-Рэхьиим".**[90]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаһ, сэ си щхьэм леишхуэ есхыжащ, икІи гуэныхьхэр Уэр нэмыщІ зыми игъэгъуркъыми – Уэ уи деж къикІ гъэгъуныгъэкІэ къысхуэгъэгъу, гущІэгъуи къысхуэщІ; Уэращ Зыгъэгъур, Уэращ ГущІэгъулы и ГущІэгъулыжыр"[91].

* * *

«اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي مَا قَدَّمْتُ ، وَمَا أَخَّرْتُ ، وَمَا أَسْرَرْتُ ، وَمَا أَعْلَنْتُ ، وَمَا أَسْرَفْتُ ، وَمَا أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنِّي . أَنْتَ الْمُقَدِّمُ ، وَأَنْتَ الْمُؤَخِّرُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ»

<u>И къеджэкІэр</u>:

**"Іэллаһуммэ-гъфир лии ма къэддэмту, уэ ма Іэхъхъэрту, уэ ма Іэсрэрту уэ ма Іэгьлэнту, уэ ма Іэсрэфту, уэ ма Іэнтэ Іэгьлэму биһи минни. Іэнтэл-Мукъэддиму, уэ Іэнтэл-МуІэхъхъиру, ла Іилаһэ Іилла Іэнтэ".**[92]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаһ, пасэу къысІэщІэщІари, иужькІэ къысІэщІэщІари, щэхуу злэжьари, наІуэ къэсщІари, зэрезгъэлеяри, сэр нэхъыфІу уэ пщІэуэ щытри

[90] Бухъарий, Муслим.

[91] Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Абу Бэкыр лІыкІуэ лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, зыхуигъэзат, нэмэзым щыхэткІэ зэрылъэІуэн духьэ къыригъэщІэнуи, мыр къыжриІауэ щытащ.

[92] Муслим.

къысхуэгъэгъу. Уэращ Япэ изыгъэщри, Яужь къизынэри; Уэр нэмыщI тхьэ щыIэкъым".

* * *

«اللَّهُمَّ أَعِنِّي عَلَى ذِكْرِكَ وَشُكْرِكَ وَحُسْنِ عِبَادَتِكَ »

И къеджэкIэр:

**"Iэллаhуммэ Iэгьинни гьэла зикрикэ, уэ шукрикэ, уэ хьусни гьибадэтикэ".**[93]

И мыхьэнэр:

Я, Аллаh, къыздэгъэпсынщIэ: (си бзэгумкIэ) уи цIэр (куэдрэ) жысIэныр; (си гумкIэ) шыкур пхуэсщIыныр; (си IэпкълъэпкъымкIэ) екIуу сыпхуэпщылIыныр".

* * *

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ الْبُخْلِ وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ الْجُبْنِ وَأَعُوذُ بِكَ أَنْ أُرَدَّ إِلَى أَرْذَلِ الْعُمُرِ وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الدُّنْيَا وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ» .

И къеджэкIэр:

**"Iэллаhуммэ Iинни Iэгьуузу бикэ минэл-бухъли, уэ Iэгьуузу бикэ минэл-джубни, уэ Iэгьуузу бикэ Iэн Iурэддэ Iила Iэрзэлил-гьумури, уэ Iэгьуузу бикэ мин фитнэтид-дун-я, уэ Iэгьуузу бикэ мин гьэзабил-къэбр".**[94]

И мыхьэнэр:

Я, Аллаh, сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну нэпсеягъэм; апхуэдэуи сэ Уэ сыпкъуоувэ

---

[93] Iэбу Дауд, НэсаIий.
[94] Бухъарий.

сыщыпхъумэну къэрабгъагъэм; апхуэдэуи сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну гъащIэм и пудыныгъэм сынэсыным; апхуэдэуи сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну дунейм и къайгъэм[95]; апхуэдэуи сэ Уэ сыпкъуоувэ сыщыпхъумэну кхъэм и гъэзабым".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّــي أَسْأَلُــكَ الْجَــنَّةَ وأَعُوذُ بِــكَ مِــنَ الــنَّارِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿IэллаҺуммэ Iинний IэсIэлукэл-джэннэтэ уэ Iэгъуузу бикэ минэн-нар﴾.** [96]

<u>И мыхьэнэр</u>:

Я, АллаҺ, сынолъэIу сэ уэ ЖэнэткIэ, икIи сыпкъуоувэ МафIэм сыщыпхъумэну.

* * *

«اللَّهُمَّ إِنِّــي أَسْأَلُكَ يَا أَللَّهُ بِأَنَّكَ الْوَاحِدُ الْأَحَدُ الصَّمَدُ الَّذِي لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ أَنْ تَغْفِرَ لِي ذُنُوبِي إِنَّكَ أَنْتَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ»

<u>И къеджэкIэр</u>:

**"IэллаҺуммэ Iинни IэсIэлукэ я IэллаҺ, биIэннэкэл-Уахьидул-Iэхьэдущ-Щэмэдуллэзии лэм елид уэ лэм юулэд, уэ лэм екун лэҺуу куфууэн Iэхьэд – Iэн тэгъфирэ лии зунууби, Iиннэкэ Iэнтэл-Гъэфуурур-Рэхьиим".**[97]

<u>И мыхьэнэр</u>:

---

[95] Дунейм и къайгъэуэ зи гугъу ищIыр Дэджжалращ.

[96] Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

[97] Iэхьмэд, НэсаIий.

Я, Аллаh, сэ Уэ сынолъэIу я Аллаh, уэ узэры-Зыуэ, узэры-Закъуэу, узэры-КIэухыншэу зыри къэзымылъхуауэ, Езыри зыми къимылъхуауэ, Езым хуэдэ зыри щымыIэу узырыщытым (и хьэтыркIэ) си гуэныхьхэр къысхуэбгъэгъуну – Уэ, шэч хэмылъыжу, Угуэныхьгъэгъущ, УгущIэгъущIщ".

* НэгъуэщI духьэхэри щыIэщ.

❁ ❁ ❁

## НЭМЭЗЫР ЯУХА НЭУЖЬ, ЖАIЭР

﴿ أَسْتَغْفِرُ اللهَ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

﴿**Iэстэгъфирул-Лаh**﴾-3-ней.

<u>И мыхьэнэр</u>:

Алыхьым къысхуигъэгъу.

* * *

﴿اَللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ ، وَمِنْكَ السَّلَامُ ، تَبارَكْتَ يَا ذَا الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

﴿**Iэллаhуммэ Iэнтэс-сэлам, уэ минкэс-сэлам, тэбарэктэ я зэл-джэлали уэл-Iикрам**﴾.[98]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, Уэ Езыр усэламщ. Уи дежщ къыздикIри сэламыр, Уэ Зыхуэдэ щымыIэ, Уэ Иныгъэ зыбгъэдэлъу пщIэ зыхуащI".

---

[98] Муслим.

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، يُحْيِـــي وَيُمِــيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، اللَّهُمَّ لاَ مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ وَلاَ مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَلاَ يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу, ла шэриикэ лэh, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hуу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр, Iэллаhуммэ ла манигьэ лима IэгьтIэйтэ, уэ ла мугьтIие лима мэнэгьтэ, уэ ла енфэгьу зэл-джэдди минкэл-джэдду﴾.**[99]

И мыхьэнэр:

"Закъуэу икIи Iыхьэгъу зимыIэ Алыхь лъагэм фIэкIа тхьэ щыIэкъым, мылъкур зейр аращ, фIыщIэр зейр аращ, Абы и лъэкIыныгъэр сыт ищIысми пхокI. Я, Аллаh, Уэ птар зыубыдыжыфын щыIэкъым, Уэ быубыдыжари зытыфын щыIэкъым. ЛъэкIыныгъэ зиIэми и лъэкIыныгъэр Уи деж къыщыщхьэпэжынукъым".

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ لاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللَّهِ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَلاَ نَعْبُدُ إِلاَّ إِيَّاهُ لَهُ النِّعْمَةُ وَلَهُ الْفَضْلُ وَلَهُ الثَّنَاءُ الْحَسَنُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэриикэ лэhуу, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hуу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр. Уэ ла хьэулэ уэ ла къуууэтэ Iилла бил-Ляh; ла Iилаhэ Iиллэл-Лаh, уэ ла**

---

[99] Бухъарий, Муслим.

**нэгьбуду Іилла Іийяħ, лэħун-нигьмэту уэ лэħул-фэдлу, уэ лэħуŝ-ŝэнаІул-хьэсэн. Ла Іилаħэ Іиллэл-Лаħ, мухълищиинэ лэħуд-диин, уэ лэу кэриħэл-кафируун**﴾.[100]

И мыхьэнэр:

"Закъуэу икIи гъусэ зимыIэу Алыхь Лъагэм фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым, мылъкур зейр Аращ, фIыщIэр зейр Аращ, Абы и лъэкIыныгъэр сытми пхокI. ЛъэкIыныгъи къаруи зыми иIэфынукъым Алыхьым емыпхауэ. Тхьэ щыIэкъым Алыхьым нэмыщI; Абы фэкIа нэгъуэщIми дыхуэпщылIкъым, фIыгъуэри, упсэныгъэри аращ зыбгъэдэлъыр; Тхьэ щыIэкъым Алыхьым нэмыщI; къабзэу Абы и закъуэ дыбгъэдэтщ, джаурхэм ар яфIэмыфIми".

* * *

﴿ سُبْحَانَ اللهِ ﴾

И къеджэкIэр:

﴿ **Субхьанэллаħ** ﴾ 33-рэ.

И мыхьэнэр:

"ХэIэтыкIащ Алыхьыр".

* * *

﴿ اَلْحَمْدُ للهِ ﴾

И къеджэкIэр:

﴿ **Іэлльхьэмду лил-Лаħ** ﴾ 33-рэ.

И мыхьэнэр:

"ФIыщIэр ейщ Алыхьым.

[100] Муслим.

* * *

﴿ اللهُ أَكْبَرُ ﴾

И къеджэкIэр:

﴿ **Iэллаhу Iэкбэр** ﴾ 33-рэ.

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр нэхъ Инщ".

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴾

И къеджэкIэр:

﴿ **Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэриикэ лэhуу, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hуу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр**﴾.[101]

И мыхьэнэр:

"Закъуэу икIи гъусэ зимыIэу Алыхь лъагэм фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым, мылъкур зейр Аращ, фIыщIэр зейр Аращ, Абы и лъэкIыныгъэр сытми нос"[102].

❁ ❁ ❁

## Нэмэз нэужьхэм мыбыхэм зэрызэ уеджэнщ:

### (Iэл-Iихълащ сурэ)

﴿ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

[101] Муслим.

[102] Нэмэз нэужь къэскIэ ахэр жызыIэм и гуэныхьхэр тенджыз тхъурымыбэм хуэдизми къыхуэгъуну къыщокIуэ Муслим къиIуэтэжа хьэдисым.

قُلۡ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ﴿٢﴾ لَمۡ يَلِدۡ وَلَمۡ يُولَدۡ ﴿٣﴾ وَلَمۡ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدُۢ ﴿٤﴾ ﴾

И къеджэкӀэр:

**﴿ Бисмил-ЛаҺир-Рэхьманир-Рэхьийм.**
**﴿Къул һу-уэл-Лаһу Іэхьэд, Іэл-Лаһущ-Щэмэд, лэм елид уэ лэм юулэд, уэ лэм екун лэһуу куфу-уэн Іэхьэд ﴾**

И мыхьэнэр:

" ЖыӀэ: Ар, Алыхьыр – Закъуэщ. Алыхьыр псори зыхуэныкъуэу зыми хуэмыныкъуэжщ. Лъхуакъым, икӀий къалъхуакъым. ИкӀи абы хуэбгъэдэн зыри щыӀэкъым".

## (Іэл-Фэлэкъ сурэ)

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلۡفَلَقِ ﴿١﴾ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ﴿٢﴾ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ﴿٣﴾ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِي ٱلۡعُقَدِ ﴿٤﴾ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ﴿٥﴾ ﴾

И къеджэкӀэр:

**﴿ Бисмил-ЛаҺир-Рэхьманир-Рэхьийм.**
**Къул Іэгьуу-зу бирэббил-фэлэкъ, мин шэрри ма хъэлэкъ, уэ мин шэрри гъасикъин Іиза уэкъэб, уэ мин шэррин-нэффаŝати фил-гьукъэд, уэ мин шэрри хьасидин Іиза хьэсэд ﴾**

И мыхьэнэр:

"ЖыIэ: КIыфIыр къызэгуэзыч нэхум и Тхьэм сыкъуоувэ: къигъэщIахэм я Iейми; сытри щыщIиуфэм и деж кIыфIым и Iейми; щхъухьпсыхьым епщэхэм я Iейми; щыфыгъуэм и деж фыгъуакIуэм и Iейми – сащихъумэну ".

**(Iэн-Нас сурэ)**

﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ٣ مِن شَرِّ
ٱلۡوَسۡوَاسِ ٱلۡخَنَّاسِ ٤ ٱلَّذِي يُوَسۡوِسُ فِي صُدُورِ ٱلنَّاسِ ٥
مِنَ ٱلۡجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ٦﴾

И къеджэкIэр:

**﴾ Бисмил-ЛаҺир-Рэхьманир-Рэхьиим. Къул Iэгъуу-зу бирэббин-нас, мэликин-нас, IилаҺин-нас, мин шэрриль уэс-уасил-хъэннас, Iэллэзий юуэс-уису фий щудуу-рин-нас, минэл-джиннэти уэн нас﴿**

И мыхьэнэр:

" ЖыIэ: Сыкъуоувэ цIыхухэм я Тхьэм, цIыхухэм я Пщым, цIыхухэм ЗыхуэпщылIым: къоIущащэрейуэ зызудыгъужрейм (шейтIаным) и Iейм; цIыхухэм ягухэм екIэ къиIущащэм и Iейм – сащихъумэну, ар жынхэм ящыщми, цIыхухэм ящыщми ".

**(Аетул-Курсий)**

﴿ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْحَىُّ ٱلْقَيُّومُ ۚ لَا تَأْخُذُهُۥ سِنَةٌ وَلَا نَوْمٌ ۚ لَّهُۥ مَا
فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ مَن ذَا ٱلَّذِى يَشْفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذْنِهِۦ ۚ
يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ ۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَىْءٍ مِّنْ عِلْمِهِۦٓ
إِلَّا بِمَا شَآءَ ۚ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ ۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ حِفْظُهُمَا ۚ
وَهُوَ ٱلْعَلِىُّ ٱلْعَظِيمُ ﴿٢٥٥﴾ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Iэл-Лаhу ла Iилаhэ Iилла hу-уэл-Хьэйюл-Къэйюм, ла тэIхъузуhуу синэтун уэ ла нэу-м. Лэhуу ма фис-сэмауати уэ ма фил-Iэрд, мэн зэллэзи ешфэгьу гьиндэhуу Iилла биIизниh. Егьлэму ма бэйнэ Iэйдиййhим уэ ма хъэлфэhум, уэ ла юхьийтIуу-нэ бишэйIин мин гьилмиhий Iилла бима шаI. Уэсигьэ курсиййюhус-сэмауати уэл-Iэрд, уэ ла еIуудуhуу хьифжьуhума уэ hу-уэл-Гьэлиййюл-Гьэжьийм ﴾**.[103]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым. Псэущ, ЗэтезыIыгъэщ. Щхьэукъуэнми жейми яубыдыркъым Ар. Уафэхэм щыIэхэри, щIылъэм щыIэхэри Абы ейщ. Абы Езым и IизынкIэ фIэкIа – хэт Абы и деж къыщыпщхьэщыжыфын?! Абы ещIэ (къигъэщIахэм ялэжьауэ) я пащхьэ илъри, (ялэжьыну) я щIыбагъ

[103] Нэмэз нэужь къэскIэ мыхэм къеджэр Жэнэтым изымыгъэхьэу къызэтезыгъэувыIэр зэрымылIа къудейрщ, къыщокIуэ хьэдисым. НэсаIий, Ибн Iэс-Сунний.

къыдэлъри. Абы и щIэныгъэм щыщу ар зыхуейм хуэдизым фIэкIа зыри къыхуэухьынукъым къигъэщIахэм я щIэныгъэм. Абы и Курсийм (тахътэм) уафэхэри щIылъэри еуфэбгъу. А тIур (уафэхэмрэ щIылъэмрэ) хъумэнри къехьэлъэкIкъым Абы. Ар нэсу Лъагэщ, Ин и Иныжщ".

❁ ❁ ❁

## Пщэдджыжь нэмэзымрэ ахъшэм нэмэзымрэ яужькIэ 10-ней мыр жыпIэнщ:

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْد، يُحْيِــي وَيُمِــيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ . ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэh, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, юхь-ий уэ юмийту, уэ hуу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр﴾**.[104]

И мыхьэнэр:

"Закъуэу икIи гъусэ зимыIэ Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым, мылъкур зейр Аращ, фIыщIэр зейр Аращ, Абы къегъэщI икIи егъэлIэж, Абы псори хузэфIокI".

❁ ❁ ❁

[104] Iэхьмэд, Тирмизий.

## Пщэдджыжь нэмэз нэужьым сэлам уотри, мыр жыбоIэ:

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْماً نَافِعاً وَرِزْقاً طَيِّباً ، وَعَمَلاً مُتَقَبَّلاً ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ гьилмэн нафигьэн, уэ ризкъэн тIэийбэн, уэ гьэмэлэн мутэкъэббэлэн﴾**.[105]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ сынолъэIу – сэбэпынагъ зыпылъ щIэныгъэкIэ, ерыскъы къабзэкIэ, къабыл хъун лэжьыгъэкIэ укъысхуэупсэну ".

❁ ❁ ❁

# IИСТИХЪАРЭ НЭМЭЗЫМ И ДУГЬЭ [106]

КъаIуэтэж Джабир ибн Абдуллахыу, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, жиIауэ:

Алыхьым и лIыкIуэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, сыт хуэдэ Iуэхуми теухуауэ[107] нэхъыфIыр къытхухихыну Алыхьым делъэIуну дригъасэрт, КъурIэным и сурэхэм дызэрыхуигъасэм хуэдэу. Мыр жиIэт:

---

[105] Ибн Маджэ, нэгъуэщIхэми.

[106] НэхъыфIыр Алыхьым къыпхуихын папщIэ ящI нэмэзым и духьэращ.

[107] Абы къикIращи, гуитIщхьитI укъэзыщIа Iуэхугъуэр инми цIыкIуми Алыхьым уи чэнджэщыр бгъэдэплъхьэныр фIыщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iуэху цIыкIум Iуэхушхуэ къыщикIыр мащIэкъым. "Фэтхь Iэл-Бари". *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

**«Фи языхэзым зыгуэр ищІэну мурад ищІмэ, фарз нэмэз мыхъуу, (псапэ нэмэзу) тІысыгъуитІ ирещІи, итІанэ мыр жыреІэ:**

﴿اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْتَخِيرُكَ بِعِلْمِكَ، وَأَسْتَقْدِرُكَ بِقُدْرَتِكَ، وَأَسْأَلُكَ مِنْ فَضْلِكَ العَظِيمِ، فَإِنَّكَ تَقْدِرُ وَلا أَقْدِرُ، وَتَعْلَمُ وَلا أَعْلَمُ، وَأَنْتَ عَلاَّمُ الغُيُوبِ، اَللَّهُمَّ إِنْ كُنْتَ تَعْلَمُ أَنَّ هَذَا الْأَمْرَ–

–(мыбдежым и Іуэхур хегъэувэ) –

خَيْرٌ لِي فِي دِينِي وَمَعَاشِي وَعَاقِبَةِ أَمْرِي، فَاقْدُرْهُ لِي وَيَسِّرْهُ لِي ثُمَّ بَارِكْ لِي فِيهِ، وَإِنْ كُنْتَ تَعْلَمُ أَنَّ هَذَا الْأَمْرَ شَرٌّ لِي فِي دِينِي وَمَعَاشِي وَعَاقِبَةِ أَمْرِي، فَاصْرِفْهُ وَاصْرِفْنِي عَنْهُ وَاقْدُرْ لِي الخَيْرَ حَيْثُ كَانَ ثُمَّ أَرْضِنِي بِهِ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Іэллаhуммэ Іинний Іэстэхъийрукэ бигьилмикэ, уэ Іэстэкъдирукэ бикъудрэтикэ, уэ ІэсІэлукэ мин фэдликэл-гьэжьийми, фэІиннэкэ тэкъдиру уэ ла Іэкъдиру, уэ тэгьлэму уэ ла Іэгьлэму, уэ Іэнтэ гьэлламул-гъуюб. Іэллаhуммэ Іин кунтэ тэгьлэму Іэннэ hазэл-Іэмрэ**

- (мыбдежым и Іуэхур хегъэувэ) –

**хъэйрун лий фи динии, уэ мэгьашии, уэ гьакъибэти Іэмрии, фэкъдурhу лий уэ ессирhу лий, ĉуммэ барик лий фийhи, уэ Іин кунтэ тэгьлэму Іэннэ hазэл-Іэмрэ шэррун лий фий дийний, уэ мэгьаший, уэ гьакъибэти Іэмрий, фэщрифhу гьэнний, уэщрифний гьэнhу, уэкъдур лиел-хъэйрэ хьэйĉу канэ ĉуммэ Іэрдиний биh﴾**.[108]

[108] Бухъарий.

И мыхьэнэр:

"Я Аллаh, Уэ нэхъ уощIэри – нэхъыфIыр къысхухэпхыну сынолъэIу, Уэ нэхъ плъокIри – ар слъэбгъэкIынуи сынолъэIу; уи упсэныгъэ инымкIи сынолъэIу. НтIэ аракъэ, Уэ плъокI, сэ слъэкIкъым; Уэ уощIэ сэ сщIэркъым, Уэращ щэху псоми щыгъуазэр. Я Аллаh, мы Iуэхугъуэр (мыбдежым и Iуэхур хегъэувэ) си динкIи, си гъащIэкIи, си Iуэхухэм я кIэух хъунумкIи нэхъыфIу щытмэ, ар къызэхъулIэну Iэмыр схуэщI, икIи къысщыгъэпсынщIэ, иужькIи берычэтыр абы схухэлъхьэж.

Ауэ (а Iуэхугъуэр) си динкIи, си гъащIэкIи, си Iуэхухэм я кIэух хъунумкIи Iейуэ щытмэ, абы щыгъуэ сыщыхъумэ абы, сэри абы сыбгъэдэгъэкIуэти, фIыр дэнэ щымыIами къысхуэух, итIанэ арэзы сыкъэщIыж абыкIэ".

Пэжыращи – нэхъыфIыр къыхухихыну КъэзыгъэщIам елъэIур, къигъэщIахэми ечэнджэщыр, сакъыныгъэкIэ Iуэхум бгъэдыхьэр зэикI щIегъуэжыркъым. Езы Алыхьми къыжреIэ и лIыкIуэ лъапIэм мыпхуэдэу: "...**IуэхумкIэ абыхэм ечэнджэщи, зыгуэрым тебубыдэмэ (абы теухуауэ), Алыхьым щыгугъ**".[109]

❁ ❁ ❁

[109] Сурэ Iал Гьимран, аят: 159.

# ПЩЭДДЖЫЖЬЫМРЭ ПЩЫХЬЭЩХЬЭМРЭ ЯЩI ЗИКРХЭР[110]

**(Аетул-Курсий)**

﴿ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ لَّهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ مَن ذَا ٱلَّذِي يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيۡءٖ مِّنۡ عِلۡمِهِۦٓ إِلَّا بِمَا شَآءَۚ وَسِعَ كُرۡسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ حِفۡظُهُمَاۚ وَهُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡعَظِيمُ ٢٥٥ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэл-Лаhу ла Iилаhэ Iилла hу-уэл-Хьэйюл-Къэйюм, ла тэIхъузуhуу синэтун уэ ла нэу-м. Лэhуу ма фис-сэмауати уэ ма фил-Iэрд, мэн зэллэзи ешфэгъу гьиндэhуу Iилла биIизниh. Егьлэму ма бэйнэ Iэйдиййhим уэ ма хъэлфэhум, уэ ла юхьийтIуу-нэ бишэйIин мин гьилмиhий Iилла бима шаI. Уэсигьэ**

---

110 Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iэнэс къиIуэтэжащ, бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIауэ: **"Алыхь Талэм и цIэр жызыIэу пщэдджыжь нэмэзым щыщIэдзауэ дыгъэр къыкъуэкIыхукIэ щысхэм сахэсыныр нэхъ къызощтэ Исмагьил и бынхэм щыщу цIыхуиплI щхьэхуит къэсщIыж нэхърэ. Алыхь Талэм и цIэр жызыIэу ичынды нэмэзым щыщIэдзауэ дыгъэр къухьэхукIэ щысхэм сахэсыныр нэхъ къызощтэ Исмагьил и бынхэм щыщу цIыхуиплI щхьэхуит къэсщIыж нэхърэ".** Iэбу Дауд.

**курсиййюhус-сэмауати уэл-Iэрд, уэ ла еIуудуhуу хьифжьуhума уэ hу-уэл-Гъэлиййюл-Гъэжьиийм ﴿.** [111]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым. Псэущ, ЗэтезыIыгъэщ. Щхьэукъуэнми жейми яубыдыркъым Ар. Уафэхэм щыIэхэри, щIылъэм щыIэхэри Абы ейщ. Абы Езым и IизынкIэ фIэкIа – хэт Абы и деж къыщыпщхьэщыжыфын?! Абы ещIэ (къигъэщIахэм ялэжьауэ) я пащхьэ илъри, (ялэжьыну) я щIыбагъ къыдэлъри. Абы и щIэныгъэм щыщу ар зыхуейм хуэдизым фIэкIа зыри къыхуэухьынукъым къигъэщIахэм я щIэныгъэм. Абы и Курсиийм (тахътэм) уафэхэри щIылъэри еуфэбгъу. А тIур (уафэхэмрэ щIылъэмрэ) хъумэнри къехьэлъэкIкъым Абы. Ар нэсу Лъагэщ, Ин и Иныжщ".

* * *

**(Iэл-Iихълащ сурэ)**

﴾ بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ﴿٢﴾ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ﴿٣﴾ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ﴿٤﴾ ﴿

И къеджэкIэр:

**﴾ Бисмил-Лаhир-Рэхьманир-Рэхьиийм.**

---

[111] Мыр Бэкъэрэ сурэм и 255 аятщ. Iэл-Хьаким, Iэн-НэсаIий, IэтI-ТIэбэраний сымэ къаIуэтэж хьэдисым къызэрыхэщымкIэ: "Нэху ща нэужь ар жызыIэр жэщ хъухукIэ жыным щыхъума хъунущ, пщыхьэщхьэм ар жызыIэр – нэху щыхукIэ (жыным) щыхъума хъунущ".

**﴿Къул hу-уэл-Лаhу Iэхьэд, Iэл-Лаhущ-Щэмэд, лэм елид уэ лэм юулэд, уэ лэм екун лэhуу куфу-уэн Iэхьэд﴾**

<u>И мыхьэнэр</u>:
" ЖыIэ: Ар, Алыхьыр – Закъуэщ. Алыхьыр псори зыхуэныкъуэу зыми хуэмыныкъуэжщ. Лъхуакъым, икIий къалъхуакъым. ИкIи абы хуэбгъэдэн зыри щыIэкъым".

* * *

**(Iэл-Фэлэкъ сурэ)**

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلۡفَلَقِ ١ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ٢ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ
٣ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِي ٱلۡعُقَدِ ٤ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ
٥ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:
**﴿ Бисмил-Лаhир-Рэхьманир-Рэхьиийм.
Къул Iэгьуу-зу бирэббил-фэлэкъ, мин шэрри ма хъэлэкъ, уэ мин шэрри гъасикъин Iиза уэкъэб, уэ мин шэррин-нэффаŝати фил-гьукъэд, уэ мин шэрри хьасидин Iиза хьэсэд ﴾.**

<u>И мыхьэнэр:</u>
"ЖыIэ: КIыфIыр къызэгуэзыч нэхум и Тхьэм сожалIэ: къигъэщIахэм я Iейми; сытри щыщIиуфэм и деж кIыфIым и Iейми; щхъухьпсыхьым епщэхэм я Iейми;

щыфыгъуэм и деж фыгъуакIуэм и Iейми – сащихъумэну ".

* * *

**(Iэн-Нас сурэ)**

﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ٣ مِن شَرِّ
ٱلۡوَسۡوَاسِ ٱلۡخَنَّاسِ ٤ ٱلَّذِي يُوَسۡوِسُ فِي صُدُورِ ٱلنَّاسِ ٥
مِنَ ٱلۡجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ٦ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Бисмил-ЛаҺир-Рэхьманир-Рэхьийм. Къул Iэгъуу-зу бирэббин-нас, мэликин-нас, IилаҺин-нас, мин шэрриль уэс-уасил-хъэннас, Iэллэзий юуэс-уису фий щудуу-рин-нас, минэл-джиннэти уэн нас﴾.**[112]

<u>И мыхьэнэр:</u>

" ЖыIэ: СожалIэ цIыхухэм я Тхьэм, цIыхухэм я Пщым, цIыхухэм ЗыхуэпщылIым: къоIущащэрейуэ зызудыгъужрейм (шейтIаным) и Iейм; цIыхухэм ягухэм екIэ къиIущащэм и Iейм – сащихъумэну, ар жынхэм ящыщми, цIыхухэм ящыщми ".

[112] Пщэдджыжьым щэ, пщыхьэщхьэми щэ а сурищыр жызыIэм, ахэр сытми хурикъунущ. (Iэбу Дауд, Тирмизий).

* * *

﴿ أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ (أَمْسَيْنَا وَأَمْسَى)[113] الْمُلْكُ لله وَالحَمْدُ لِلَّهِ ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ، رَبِّ أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَخَيْرَ مَا بَعْدَهُ، (رَبِّ أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا فِي هَذِهِ اللَّيْلَةِ وَخَيْرَ مَا بَعْدَهَا)[114] ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِي هَذَا الْيَوْمِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهُ (فِي هَذِهِ اللَّيْلَةِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهَا)[115]، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكَسَلِ وَسُوءِ الْكِبَرِ ، رَبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابٍ فِي النَّارِ وَعَذَابٍ فِي الْقَبْرِ ﴾.

﴿**<u>Iэщбэхьна уэ Iэщбэхьэл</u>-** (Iэмсэйна уэ Iэмсэл) **мулку лил-Лаhи, уэл-хьэмду лил-Лаhи. Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку, уэ лэhул-хьэмду, уэ hу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр. Рэбби IэсIэлукэ хъэйрэ ма фий hазэл-еуми, уэ хъэйрэ ма бэгьдэhуу, уэ Iэгьуу-зу бикэ мин шэрри ма фий hазэл-еуми уэ шэрри ма бэгьдэhуу[116].**
**Рэбби Iэгьуу-зу бикэ минэл-кэсэли, уэ сууIил-кибэри, рэбби Iэгьуу-зу бикэ мин гьэзабин фин-нар, уэ гьэзабин фил-къэбр**﴾.[117]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Дэри, дэр нэмыщI щыIэхэри псори Алыхьу Лъагэм ейуэ <u>нэху дыкъекIащ</u> (жэщ къыттехъуащ), фIыщIэри Алыхьым ейщ. Алыхьым фIэкIа тхьэ щыIэкъым,

---

[113] Пщыхьэщхьэм деж щIэтхъам ипIэкIэ къаш зэхуакум дэтыр жыпIэнущ.
[114] Пщыхьэщхьэм деж щIэтхъам ипIэкIэ къаш зэхуакум дэтыр жыпIэнущ.
[115] Пщыхьэщхьэм деж щIэтхъам ипIэкIэ къаш зэхуакум дэтыр жып1энущ.
[116] Пщыхьэщхьэмэ, абы ипIэкIэ*: "рэбби IэсIэлукэ хъэйрэ ма фий хазихил-лэйлэти уэ хъэйрэ ма бэгьдэха, уэ Iэгьуу-зу бикэ мин шэрри ма фий хазихил-лэйлэти уэ шэрри ма бэгьдэха)* жеIэ.
[117] Муслим.

Закъуэщ гъусэ иIэкъым, мылъкури фIыщIэри ейщ,
сытри Абы лъокI.
Си Тхьэ! нобэрей махуэм (ныжэбэрей жэщым)
къыриубыдэхэм я фIыгъуэмкIи, абы къыкIэлъыкIуэм и
фIыгъуэмкIи сынолъэIу. Нобэрей махуэм (жэщым)
къыриубыдэм я Iейхэми, абы къыкIэлъыкIуэм и
Iейхэми сащыпхъумэну сыножалIэ.
Си Тхьэ! Щхьэхынагъэми, жьыгъэм и Iейми
сыщыпхъумэну сыножалIэ.
Си Тхьэ! МафIэм и гьэзабми, мащэм и гьэзабми
сыщыпхъумэну сыножалIэ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ بِكَ أَصْبَحْنَا وَبِكَ أَمْسَيْنَا، وَبِكَ نَحْيَا وَبِكَ نَمُوتُ وَإِلَيْكَ النُّشُورُ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллахуммэ бикэ Iэщбэхьна, уэ бикэ Iэмсэйна, уэ бикэ нэхья, уэ бикэ нэмуут, уэ Iилэйкэн-нушуур﴾.**

ЗэманкIэ пщыхьэщхьэмэ:

﴿ اَللَّهُمَّ بِكَ أَمْسَيْنَا، وَبِكَ أَصْبَحْنَا، وَبِكَ نَحْيَا، وَبِكَ نَمُوتُ وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ ﴾

**﴿Iэллаhуммэ бикэ Iэмсэйна, уэ бикэ Iэщбэхьна, уэ бикэ нэхья, уэ бикэ нэмуут, уэ Iилэйкэл-мэщийр﴾.**

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh! УэркIэ нэху къыттощхьэ (жэщ къыттохъуэ), УэркIэ жэщ къыттохъуэ (нэху къыттощхьэ), УэркIэ допсэу, УэркIэ долIэж, дызэкIуэлIэжынури Уи дежщ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ أَنْتَ رَبِّـــي لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ ، خَلَقْتَنِـــي وَأَنَا عَبْـــدُكَ ، وَأَنَا عَلَـــى عَهْـــدِكَ وَوَعْـــدِكَ مَا اسْتَـــطَعْـــتُ ، أَعُـــوذُ بِكَ مِنْ شَـــرِّ مَا صَنَـــعْتُ ، أَبُـــوءُ لَـــكَ بِنِعْـــمَتِـــكَ عَلَـــيَّ وَأَبُـــوءُ بِذَنْـــبِي فَاغْفِـــرْ لِي فَإِنَّـــهُ لاَ يَغْـــفِرُ الذُّنُـــوبَ إِلاَّ أَنْتَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iэнтэ рэббий, ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ, хъэлэкътэний уэ Iэнэ гьэбдукэ, уэ Iэнэ гьэла гьэhдикэ уэ уэгьдикэ мэстэтIэгьту, Iэгьуу-зу бикэ мин шэрри ма щэнэгьту, Iэбуу-Iу лэкэ бинигьмэтикэ гьэлэйе, уэ Iэбуу-Iу бизэнбий, фэгъфир лий, фэIиннэhуу ла егъфируз-зунуубэ Iилла Iэнтэ﴾**.[118]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, Уэращ си Тхьэр, Уэр фIэкIа тхьэ щыIэкъым, уэ сыкъэбгъэщIащ, сэри – сыурипщылIщ, уэ уэста псалъэмрэ укъызэрызгъэгугъамрэ сытетщ зэрыслъэкIкIэ. Злэжьахэм я ягъэм сыщыпхъумэжыну сыножалIэ. Сэ къызэбгъэхъулIа фIыгъуэмкIэ зызумысыж; си гуэныхьымкIи зызумысыжри – къысхуэбгъэгъуну сынолъэIу; пэжыращи, гуэныхьхэр Уэр фIэкIа зыгъэгъу щыIэкъым".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَصْبَـــحْتُ أُشْـــهِدُكَ، وَأُشْـــهِدُ حَمَلَـــةَ عَـــرْشِـــكَ، وَمَلاَئِكَتَكَ، وَجَمِـــيعَ خَلْـــقِكَ، أَنَّـــكَ أَنْـــتَ اللهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْـــتَ وَحْـــدَكَ لاَ شَرِيكَ لَـــكَ، وَأَنَّ مُحَمَّـــداً عَبْـــدُكَ وَرَسُـــولُـــكَ ﴾.

И къеджэкIэр:

118 **А псалъэхэм къарыкIыр и гум пхрыкIауэ зи фIэщ хъууэ пщыхьэщхьэм жызыIар а жэщым лIэмэ Жэнэтым кIуэнущ. Пщэдджыжьым жызыIэри апхуэдэщ.** (Бухъарий).

**﴿Іэллахуммэ Іинний Іэщбэхьту** (пщыхьэщхьэмэ:Іэмсэйту) **Іушhидукэ, уэ Іушhиду хьэмэлэтэ гьэршикэ, уэ мэлаІикэтэкэ, уэ джэмийгьэ хъэлкъикэ, Іэннэкэ Іэнтэл-Лаhу ла Иилаhэ Иилла Іэнтэ уэхьдэкэ ла шэрийкэ лэкэ, уэ Іэннэ Мухьэммэдэн гьэбдукэ уэ рэсуу-лукэ﴾.**[119] (ПлІэ (4) жыІэн пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми).

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ нэху сыкъекІащ (жэщ къыстехъуащ) Уэри щыхьэту узогъэувыж, уи Гъэршыр зезыхьэ мелыІычхэри, адрей уи мелыІычхэри, къэбгъэщІа псори щыхьэту согъэув Уэ узэрыАлыхьымкІэ, Уэр фІэкІа тхьэ зэрыщымыІэмкІэ; узакъуэу, гъусэ уимыІэу; Мухьэммэд (лъапІэри) уэ уи лІыкІуэу икІи уи пщылІу зэрыщытымкІэ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ مَا أَصْبَحَ بِي مِنْ نِعْمَةٍ أَوْ بِأَحَدٍ مِنْ خَلْقِكَ ، فَمِنْكَ وَحْدَكَ لاَ شَرِيكَ لَكَ ، فَلَكَ الْحَمْدُ وَلَكَ الشُّكْرُ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Іэллаhуммэ ма Іэщбэхьэ бий** (пщыхьэщхьэмэ: Іэмса бий) **мин нигьмэтин, Іэу биІэхьэдин мин хъэлкъикэ, фэминкэ уэхьдэкэ ла шэрийкэ лэкэ, фэлэкэл-хьэмду, уэ лэкэш-шукру﴾.** [120]

---

[119] **Пщыхьэщхьэм е пщэдджыжьым ахэр жызыІэр Жэхьэнэмэ мафІэм Алыхьым щихъумэнущ.** (Іэбу Дауд, НэсаІий "Гьэмэл Іэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Іэс-Сунний).

[120] Нэху къекІауэ ар жызыІэм и махуэм и фІыщІэр ищІа хъунущ. Пщыхьэщхьэм ар жызыІэм, и жэщым и фІыщІэр ищІа хъунущ. (Іэбу Дауд, НэсаІий и "Гьэмэл Іэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Іэс-Сунний, Ибн Хьиббан). .

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаһ! Сэ нэху къыздекIа (жэщ къыздытехъуа) фIыгъуэхэри, е къэбгъэщIахэм дэтхэнэ зым къехъулIэри къызыбгъэдэкIыр Уэ уи закъуэщ. Уэ гъусэ уиIэкъым, фIыщIэ зыхуэсщIри щытхъур зейр Уэрщ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ عَافِـــنِي فِي بَدَنِـــي ، اَللَّهُمَّ عَافِـــنِي فِي سَمْـــعِي ، اَللَّهُمَّ عَافِـــنِي فِي بَصَـــرِي ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْـــتَ . اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَعُـــوذُ بِكَ مِنَ الْكُـــفْرِ ، وَالْفَـــقْرِ ، وَأَعُـــوذُ بِكَ مِنْ عَذابِ الْقَـــبْرِ ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْـــتَ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴾Iэллаһуммэ гьафиний фий бэдэний, Iэллаһуммэ гьафиний фий сэмгьий, Iэллаһуммэ гьафиний фий бэщэрий, ла Iилаһэ Iилла Iэнтэ. Iэллаһуммэ Iинний Iэгьуу-зу бикэ минэл-куфри, уэл-фэкъри, уэ Iэгьуу-зу бикэ мин гьэзабил-къэбри, ла Iилаһэ Iилла Iэнтэ﴿.**[121] (3-рэ жыIэн).

И мыхьэнэр:

Я, Аллаһ! Си IэпкълъэпкъкIэ сыгъэузыншэ. Я, Аллаһ! Си зэхэзых къарумкIэ сыгъэузыншэ. Я, Аллаһ! Зылъагъу къарумкIэ сыгъэузыншэ, Уэр нэмыщI нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым. Я, Аллаһ! Уэ сыпкъуоувэ джаурыгъэмрэ факъырагъэмрэ сащыпхъумэну, уэ сыножалIэ кхъэ гьэзабым сыщыпхъумэну, щыIэкъым тхьэ нэгъуэщI Уэр фIэкIа!.

* * *

[121] (Iэбу Дауд, Iэхьмэд, НэсаIий "Гьэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым).

﴿ حَسْبِـــيَ اللّهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ، عَلَـــيْهِ تَوَكَّـــلْتُ وَهُوَ رَبُّ الْعَرْشِ العَظِـــيمِ﴾ .

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Хьэсби-ел-Лаһу ла Iилаһэ Iилла һу-уэ, гьэлэйһи тэуэккэлту уэ ху-уэ рэббул-гьэршил-гьэжьиим﴾.**[122]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьыр сиIэщ (Ар схурикъунщ), Абы фIэкIа тхьэ щыIэкъым, си Iуэхур абы бгъэдэслъхьащ, Ар Гьэршышхуэм и Тхьэщ".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَسْـــأَلُـــكَ الْعَـــفْوَ وَالْعَـــافِـــيَةَ فِي الدُّنْـــيَا وَالآخِـــرَةِ ، اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَسْـــأَلُـــكَ الْعَـــفْوَ وَالْعَـــافِـــيَةَ فِي دِينِي وَدُنْـــيايَ وَأَهْـــلِي وَمَالِـــي ، اَللَّهُمَّ اسْتُـــرْ عَـــوْرَاتِي وَآمِـــنْ رَوْعَاتِـــي ، اَللَّهُمَّ احْفَظْـــنِي مِنْ بَـــيْنِ يَدَيَّ وَمِنْ خَلْفِـــي وَعَنْ يَمِـــينِي وَعَنْ شِمَـــالِي ، وَمِنْ فَوْقِـــي ، وَأَعُـــوذُ بِعَظَمَـــتِكَ أَن أُغْـــتالَ مِنْ تَحْتِـــي﴾.

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаһуммэ Iинний IэсIэлукэл-гьэфуэ уэл-гьафи-етэ фид-дуня уэл-Iахъирэ, Iэллаһуммэ Iинний IэсIэлукэл-гьэфуэ уэл-гьафи-етэ: фий дийний, уэ дун-яе, уэ Iэһлий, уэ малий; Iэллаһуммэстур гьэуратий, уэ Iамин рэугьатий, Iэллаһуммэхьфэжьний мин бэйни едэй-е, уэ мин хъэлфий, уэ гьэн емини, уэ гьэн шималий, уэ мин фэукъий, уэ Iэгьуу-зу бигьэжьэмэтикэ Iэн Iугъталэ мин тэхьтий﴾**.[123]

<u>И мыхьэнэр</u>:

---

[122] **Пщэдджыжьымрэ пщыхьэмрэ блэрыблэ мы дугьэр жызыIэм и дуней IуэхукIи, и ахърэт IуэхукIи зыхуей хуигъэзэнущ Алыхьым.** (Iэбу Дауд).

[123] Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

Я, Аллаһ! ДунеягъэкІи ахърэткІи узыншагъэрэ гъэгъуныгъэрэкІэ сынолъэІу. Я, Аллаһ! Си динымкІи, си дунеймкІи, си унагъуэкІи, си мылъкукІи узыншагъэрэ гъэгъуныгъэрэкІэ сынолъэІу. Я, Аллаһ! ЩІэхъумапхъэу збгъэдэлъыр схущІэхъумэ, сызыщышынэхэмкІэ сигу къыхэмыщтыкІыжын сыщІ. Я Аллаһ! Си гупэмкІи, си щІыбагъымкІи, си ижьырабгъумкІи, си сэмэгурабгъумкІи, си щІыІумкІи сыкъыщыхъумэ. Си щІагъымкІэ бэлыхь сыщыхэхуэным сыщыпхъумэну Уэ уи Иныгъэм сыкъуоувэ.

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ عَالِـــمَ الْغَــيْبِ وَالشَّـــهَادَةِ فَاطِـــرَ السَّمَاوَاتِ وَالأَرْضِ رَبَّ كُـــلِّ شَـــيْءٍ وَمَلِيـــكَهُ ، أَشْهَـــدُ أَنْ لاَ إِلَـــهَ إِلاَّ أَنْتَ ، أَعُـــوذُ بِكَ مِنْ شَـــرِّ نَفْسِـــي وَمِنْ شَـــرِّ الشَّيْـــطَانِ وَشِـــرْكِهِ ، وَأَنْ أَقْتَـــرِفَ عَلَـــى نَفْسِـــي سُوءاً أَوْ أَجُـــرَّهُ إِلَـــى مُسْـــلِمٍ ﴾.

<u>И къеджэкІэр</u>:

**﴿Іэллаһуммэ гьалимэл-гъэйби уэш-шэһадэ, фатІирэс-сэмауати уэл-Іэрд, рэббэ кулли шэйІин уэ мэликэһ, Іэшһэду Іэн ла Іилаһэ Іилла Іэнтэ, Іэгьуу-зу бикэ мин шэрри нэфсий, уэ мин шэрриш-шэйтІани уэ ширкиһи, уэ Іэн Іэкътэрифэ гьэла нэфсий суу-Іэн, Іэу Іэджуррэһу Іила муслим﴾**.[124]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаһу нэрылъагъури нэрымылъагъури зыщІэу, уафэхэри щІылъэри къэзыгъэщІа! Сыт ищІысми и Тхьэу сыт ищІысри зей! Сэ сыщыхьэтщ уэр нэмыщІ тхьэ зэрыщымыІэмкІэ; сыпкъуоувэ си *нэфсым* и Іейми,

[124] Іэбу Дауд, Тирмизий.

шейтIаным и Iейми, шейтIаным гъусэ къызэрыбгуигъэувым и Iейми – сащыпхъумэну. Сыпкъуоувэ си псэм бэлыхь теслъхьэжыным е нэгъуэщI муслъымэн гуэрым бэлыхь теслъхьэным сыщыпхъумэну".

* * *

﴿ بِسْــــمِ اللهِ الَّذِي لاَ يَضُـــرُّ مَعَ اسْمِــهِ شَيْءٌ فِي الْأَرْضِ وَلاَ فِي السَّمَـــاءِ وَهُــوَ السَّمِـــيعُ العَلِــيمُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Бисмил-Лаhиллэзий ла едурру мэгьэс-миhий шэйIун фил-Iэрди, уэ ла фис-сэмаIи, уэ hу-уэс-Сэмигьул-Гьэлийм﴾.**[125]

И мыхьэнэр:

" И ЦIэр къипIуа иужь, уафэм щыIэхэми, щIылъэм щыIэхэми я ягъэ къомыкIыжу укъэзыхъумэ Алыхьым и цIэкIэ. Ар псори Зэхэзыхщ, псори ЗыщIэщ".

* * *

﴿ رَضِيــــتُ بِاللهِ رَبــًّا وَبِالْإِسْلامِ دِيـــناً وَبِمُحَـــمَّدٍ ﷺ نَبِيّـــاً ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Рэдийту бил-Лаhи рэббэн, уэ бил-Iислами динэн, уэ би Мухьэммэдин** **щэллэл-Лаhу гьэлэйhи уэ сэллэмэ** **нэбий-ен﴾.**[126] **. (Щэрыщэ жыIэн пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми).**

[125] **Пщыхьэщхьэмрэ, пщэдджыжьымрэ ар жызыIэм зыри зэран къыхуэхъунукъым.** (Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ).

[126] **Пщэдджыжьым щэ, пщыхьэщхьэми щэ ар жызыIэр Къемэт Махуэм Алыхьым арэзы къищIыжыну хьэкъ зыщещIыж.** (Iэхьмэд, НэсаIий "Гьэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Iэс-Сунний, Iэбу Дауд, Тирмизий).

И мыхьэнэр:

"Арэзы сытехъуащ тхьэуэ – Алыхьым, дину – Ислъамым, бегъымбару – Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысын, Мухьэммэдым".

* * *

﴿ يَا حَيُّ يَا قَيُّومُ بِرَحْمَتِكَ أَسْتَغِيثُ ، أَصْلِحْ لِي شَأْنِي كُلَّهَ ، وَلاَ تَكِلْنِي إِلَى نَفْسِي طَرْفَةَ عَيْنٍ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Я Хьэйю я Къэйюм, бирэхьмэтикэ Iэстэгъийĉ, Iэщлихь лий шэIний куллэһ, уэ ла тэкилний Iила нэфсий тIэрфэтэ гьэйн﴾**.[127]

И мыхьэнэр:

"Уа Псэу! Уа сыт иIысри зытезыIыгъэ! Уи гущIэгъумкIэ дэIэпыкъуэгъу узыхузощI, си Iуэхухэр псори щхьэпэн схуэщI, си нэфсым зы напIэ IэтыгъуэкIэ сыкъыхуумыгъанэ".

* * *

Зэманк[Iэ пщэдджыжьмэ:](#)

﴿ أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ الْمُلْكُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ، اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ هَذَا الْيَوْمِ ، فَتْحَهُ ، وَنَصْرَهُ ، وَنُورَهُ، وَبَرَكَتَهُ ، وَهُداهُ ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِيهِ وَشَرِّ مَا بَعْدَهُ﴾ .

ЗэманкIэ пщыхьэщхьэмэ:

[127] Iэл-Хьаким.

﴿ أَمْسَيْنَا وَأَمْسَى الْمُلْكُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ، اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ
هَذِهِ اللَّيْلَةِ، فَتْحَهَا، وَنَصْرَهَا، وَنُورَهَا، وَبَرَكَتَهَا، وَهُدَاهَا،
وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا فِيهَا وَشَرِّ ما بَعْدَهَا﴾.

ЗэманкIэ пщэдджыжьмэ:

И къеджэкIэр:

**﴿Iэщбэхьна уэ Iэщбэхьэл-мулку лиллаhи рэббил-гьалэмийнэ, Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ хъэйрэ hазэль еу-ми: фэтхьэhуу, уэ нэщрэhуу, уэ нурэhуу, уэ бэрэкэтэhуу, уэ hудаhу, уэ Iэгьуузу бикэ мин шэрри ма фийhи, уэ шэрри ма бэгьдэh ﴾.**

ЗэманкIэ пщыхьэщхьэмэ:

И къеджэкIэр:

**(Iэмсэйна уэ Iэмсэл-мулку лиллаhи рэббил-гьалэмийнэ. Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ хъэйрэ hазиhил-лэйлэти: фэтхьэhа, уэ нэщрэhа, уэ нуурэhа, уэ бэрэкэтэhа, уэ hудаhа, уэ Iэгьуузу бикэ мин шэрри ма фийhа, уэ шэрри ма бэгьдэhа ﴾**.[128]

И мыхьэнэр:

"Дэри, дэр нэмыщIу щыIэхэри, псори, Алыхьу дунейхэм я Тхьэм ейуэ нэху дыкъекIащ (жэщ къыттехъуащ). Я Аллаh! Нобэрей махуэм (жэщым) и фIыгъуэмкIэ сынолъэIу – абы къызэIухыныгъэу, текIуэныгъэу, нуру, берычэту, узэщIыныгъэу

[128] Iэбу Дауд.

къыздихьынумкӀэ. Абы къриубыдэ Ӏеймрэ, абы къыкӀэлъыкӀуэнум и Ӏеймрэ сащыпхъумэну сынылкъуоувэ".

* * *

﴿ أَصْـبَحْنَا عَلَـى فِطْـرَةِ الإِسْلاَمِ، وَعَلَـى كَلِـمَةِ الْإِخْـلاَصِ، وَعَلَـى دِينِ نَبِـيِّنَا مُحَـمَّدٍ ﷺ وَعَلَـى مِلَّـةِ أَبِينَـا إِبْـرَاهِيـمَ حَنِيـفاً مُسْلِـماً وَمَـا كَـانَ مِنَ الْمُشْـرِكِيـنَ﴾.

<u>И къеджэкӀэр</u>:

﴿**<u>Ӏэщбэхьна</u>** (пщыхьэщхьэм: **<u>Ӏэмсэйна</u>**) **гьэла фитӀрэтил-Ӏислам, уэ гьэла кэлимэтил-Ӏихълащ, уэ гьэла дини нэбийина Мухьэммэд,** **щэллэл-Лаhуу гьэлэйhи уэ сэллэм**, **уэ гьэла миллэти Ӏэбина Ӏибраhимэ, хьэнифэн муслимэн, уэ ма канэ минэл-мушрикин**﴾.[129]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" <u>Нэху дыкъекӀащ</u> (жэщ къыттехъуащ) муслъымэн щӀыкӀэм диту, гъэпэжыныгъэ псалъэм дытету, ди бегъымбару Мухьэммэд, Алыхьым и нэфӀыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфӀыр зылъысыным, и диным диту, ди адэшхуэу Ӏибраhим бегъымбар лъапӀэу – хьэнифу (тхьэр игъэзакъуэу) муслъымэным, Алыхьым гъусэ хуэзыщӀхэм ящымыщу щытам – и *миллэтым* (и гупышхуэм) дыщыщу".

* * *

﴿سُبْحَـانَ اللهِ وَبِحَمْـدِهِ﴾

<u>И къеджэкӀэр</u>:

[129] Ӏэхьмэд, Ибн Ӏэс-Сунний.

**﴿ Субхьанэл-Лаhи уэ бихьэмдиh ﴾**.[130]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьу Лъагэр хуэмыфащэхэм хэIэтыкIащ, езым хуэфэщэж щытхъури ейщ".

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّٰهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَـــرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُـــلْكُ وَلَهُ الْحَمْـــدُ، وهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhуу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэh, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hу-уэ гьэла кулли шэйIин къэдийр﴾**. (I0-рэ жыIэн)[131], (е I-рэ жыIэн щхьэхынагъэр къыщытекIуэм деж)[132].

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Закъуэу икIи гъусэ зимыIэ Алыхьым фIэкIа тхьэ щыIэкъым, мылъкур зейр Аращ, фIыщIэр зейр Аращ, Абы и лъэкIыныгъэр сытми пхокI".

* * *

﴿سُبْحَانَ اللَّهِ وَبِحَمْدِهِ: عَدَدَ خَلْقِهِ وَرِضَا نَفْسِهِ، وَزِنَةَ عَرْشِهِ، وَمِدَادَ كَلِمَاتِهِ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Субхьанэл-Лаhи уэ бихьэмдиh: гьэдэдэ хъэлкъиh, уэ рида нэфсиh, уэ зинэтэ гьэршиh, уэ мидадэ**

---

130 **Пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ щэрэ (100) а псалъэхэр хэт жиIэми – абы ищIам нэхъыфI ищIауэ Къемэт Махуэм зыри екIуэлIэжынукъым, кIуэ, абы жиIам хуэдэ дыдэ жызыIам, е абы щIезыгъэгъум къыщынэмыщIа.** (Муслим).

131 НэсаIий "Гьэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым.

132 Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

**кэлиматиһ**﴾.[133] (Пщэдджыжьым щэней (3) жыIэн).

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр хуэмыфащэхэм хэIэтыкIащ, Езым хуэфэщэж фIыщIи иIэщ: къигъэщIахэм я бжыгъэм хуэдизу, езыр арэзы зытехъуэжын хуэдизу, и Гъэршым и хьэлъагъым хуэдизу, абы и псалъэхэр зытхыфын шэкъэ[134] хуэдизу".

* * *

﴿اَللَّهُمَّ إِنِّـــي أَسْأَلُــــكَ عِلْمـــاً نَافِعـــاً وَرِزْقـــاً طَيِّــباً ، وَعَمَـــلاً مُتَقَـــبَّلاً﴾

И къеджэкIэр:

﴿**Iэллаһуммэ Iинний IэсIэлукэ гьилмэн нафигьэн, уэ ризкъэн тIэй-ибэн, уэ гьэмэлэн мутэкъэббэлэн**﴾.[135]
(Нэху къекIмэ жиIэнщ).

И мыхьэнэр:

"Я Аллаһ, сынолъэIу щIэныгъэ щхьэпэкIэ, ерыскъы къабзэкIэ, къабылу сIыпхын лэжьыгъэкIэ укъысхуэупсэну".

* * *

﴿أَسْـــتَغْفِرُ اللهَ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ﴾.

И къеджэкIэр:

﴿**Iэстэгъфирул-Лаһ, уэ Iэтуу-бу Iилэйһ**﴾.[136]

---

[133] Муслим.

[134] «Мы дунейм жыгыу тетыр къалэм хъурэ, хыри шакъэ хъужу, апхуэдибл къыхэхъуэжами, Алыхьым и псалъэр тхын пхуэухынукъым. Алыхьыращ лъэщри, Iущри.» Сурэ (31), Iэят 27.

[135] Ибн Iэс-Сунний, Ибн Маджэ.

[136] Бухъарий, Муслим.

(Щэрэ (100) жыIэн махуэм къыриубыдэу).

И мыхьэнэр:

"Алыхьым гъэгъуныгъэкIэ солъэIу, Абы и дежи тобэ къыщызохьыж".

* * *

﴿أَعُـــوذُ بِكَلِمَـــاتِ اللَّهِ التَّـــامَّـــاتِ مِنْ شَـــرِّ مَا خَلَـــقَ﴾ .

И къеджэкIэр:

**﴿Iэгъуузу бикэлиматил-Лаhит-таммати мин шэрри ма хъэлэкъэ﴾**. (Щэней (3) жыIэн пщыхьэщхьэм)[137].

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и Псалъэ ирикъуахэм сакъуоувэ, къигъэщIахэм къабгъэдэкI Iейм сащихъумэну".

* * *

﴿اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ щэлли уэ сэллим гьэла нэбий-ина Мухьэммэд﴾**. (ПщIэрэ (I0) жыIэн пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми).[138]

И мыхьэнэр:

[137] **"Пщыхьэщхьэм щэней (3) хэт ар жиIэми, а жэщым и щхъухьым и зэран абы къекIынукъым"**. (Iэхьмэд, Тирмизий, НэсаIий "Гьэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Iэс-Сунний).

[138] **"Пщэдджыжьым пщIэ, пщыхьэщхьэми пщIэ щэлэуат къысхуэзыхьым – Къемэт Махуэм си шэфэгьэтыр лъысынущ"**, жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным. (IэтI-ТIэбэрэний).

" Я Аллаһ, ди бегъымбар Мухьэммэд лъапӀэм уи нэфӀыр къыщыгъахуи, хъуэхъум я нэхъыфӀри къылъыгъэс ".

✵ ✵ ✵

# ЩЫГЪУЭЛЪЫЖКІЭ, ЖАІЭ ДУГЪЭХЭР

И Іэгу ущІаитІыр зэгуелъхьэри, мыхэм къеджэурэ, Іэгум йопщэ:

**《1》**

**(Іэл-Іихълащ сурэ)**

﴿ بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ۝١ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ۝٢ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝٣ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ۝٤ ﴾

<u>И къеджэкІэр</u>:

**﴿ Бисмил-Лаһир-Рэхьманир-Рэхьийм.**
**﴿Къул һу-уэл-Лаһу Іэхьэд, Іэл-Лаһущ-Щэмэд, лэм елид уэ лэм юулэд, уэ лэм екун лэһуу куфу-уэн Іэхьэд ﴾**

<u>И мыхьэнэр</u>:

" ЖыІэ: Ар, Алыхьыр – Закъуэщ. Алыхьыр псори зыхуэныкъуэу зыми хуэмыныкъуэжщ. Лъхуакъым, икІий къалъхуакъым. ИкІи абы хуэбгъэдэн зыри щыІэкъым".

**《2》**

**(Iэл-Фэлэкъ сурэ)**

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلۡفَلَقِ ١ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ٢ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ

٣ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِي ٱلۡعُقَدِ ٤ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ

٥ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴾ Бисмил-Лаĥир-Рэхьманир-Рэхьийм. Къул Iэгьуу-зу бирэббил-фэлэкъ, мин шэрри ма хъэлэкъ, уэ мин шэрри гъасикъин Iиза уэкъэб, уэ мин шэррин-нэффаŝати фил-гьукъэд, уэ мин шэрри хьасидин Iиза хьэсэд ﴿**

И мыхьэнэр:

"ЖыIэ: КIыфIыр къызэгуэзыч нэхум и Тхьэм сыкъуоувэ: къигъэщIахэм я Iейми; сытри щыщIиуфэм и деж кIыфIым и Iейми; щхъухьпсыхьым епщэхэм я Iейми; щыфыгъуэм и деж фыгъуакIуэм и Iейми – сащихъумэну ".

**《3》**

**(Iэн-Нас сурэ)**

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ۝١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ۝٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ۝٣ مِن شَرِّ ٱلۡوَسۡوَاسِ ٱلۡخَنَّاسِ ۝٤ ٱلَّذِى يُوَسۡوِسُ فِى صُدُورِ ٱلنَّاسِ ۝٥ مِنَ ٱلۡجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ۝٦ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Бисмил-ЛаҺир-Рэхьманир-Рэхьийм. Къул Iэгъуу-зу бирэббин-нас, мэликин-нас, IилаҺин-нас, мин шэрриль уэс-уасил-хъэннас, Iэллэзий юуэс-уису фий щудуу-рин-нас, минэл-джиннэти уэн нас﴾**

И мыхьэнэр:

" ЖыIэ: Сыкъуоувэ цIыхухэм я Тхьэм, цIыхухэм я Пщым, цIыхухэм Зыхуэпщыл1ым: къоIущащэрейуэ зызудыгъужрейм (шейтIаным) и Iейм; цIыхухэм ягухэм екIэ къиIущащэм и Iейм – сащихъумэну, ар жынхэм ящыщми, цIыхухэм ящыщми ".

** Абыхэм еджа нэужь, и Iэгухэм йопщэри, и Iэпкълъэпкъ псом зылъыIэсым нэс щехуэ. Япэу зыщихуэнур и щхьэ, и нэкIу, и Iэпкълъэпкъым щыщу и гупэмкIэ щы1эхэращ. Апхуэдэурэ щэней (3) къытригъэзэжурэ ещI.*[139]

**《4》**

139

﴿ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ لَّهُۥ مَا فِي
ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ مَن ذَا ٱلَّذِي يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ
يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيۡءٖ مِّنۡ عِلۡمِهِۦٓ
إِلَّا بِمَا شَآءَۚ وَسِعَ كُرۡسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ حِفۡظُهُمَاۚ
وَهُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡعَظِيمُ ٢٥٥ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэл-Лаhу ла Iилаhэ Iилла hу-уэл-Хьэйюл-Къэйюм, ла тэIхъузуhуу синэтун уэ ла нэу-м. Лэhуу ма фис-сэмауати уэ ма фил-Iэрд, мэн зэллэзи ешфэгьу гьиндэhуу Iилла биIизниh. Егьлэму ма бэйнэ Iэйдийhим уэ ма хъэлфэhум, уэ ла юхьийтIуу-нэ бишэйIин мин гьилмиhий Iилла бима шаI. Уэсигьэ курсийюhус-сэмауати уэл-Iэрд, уэ ла еIуудуhуу хьифжьуhума уэ hу-уэл-Гьэлийюл-Гьэжьийм ﴾**.[140]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым фIэкIа нэгъуэщ1 тхьэ щыIэкъым. Псэущ, ЗэтезыIыгъэщ. Щхьэукъуэнми жейми яубыдыркъым Ар. Уафэхэм щыIэхэри, щIылъэм щыIэхэри Абы ейщ. Абы Езым и IизынкIэ фIэкIа – хэт Абы и деж къыщыпщхьэщыжыфын?! Абы ещIэ (къигъэщIахэм

[140] Нэмэз нэужь къэскIэ мыхэм къеджэр Жэнэтым изымыгъэхьэу къызэтезыгъэувыIэр зэрымылIа къудейрщ, къыщокIуэ хьэдисым. НэсаIий, Ибн Iэс-Сунний.

ялэжьауэ) я пащхьэ илъри, (ялэжьыну) я щIыбагъ къыдэлъри. Абы и щIэныгъэм щыщу ар зыхуейм хуэдизым фIэкIа зыри къыхуэухьынукъым къигъэщIахэм я щIэныгъэм. Абы и Курсийм (тахътэм) уафэхэри щIылъэри еуфэбгъу. А тIур (уафэхэмрэ щIылъэмрэ) хъумэнри къехьэлъэкIкъым Абы. Ар нэсу Лъагэщ, Ин и Иныжщ".

* * *

**﴾5﴿**

﴿ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ
وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّن رُّسُلِهِۦۚ وَقَالُواْ
سَمِعۡنَا وَأَطَعۡنَاۖ غُفۡرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيۡكَ ٱلۡمَصِيرُ ٢٨٥ لَا يُكَلِّفُ ٱللَّهُ
نَفۡسًا إِلَّا وُسۡعَهَاۚ لَهَا مَا كَسَبَتۡ وَعَلَيۡهَا مَا ٱكۡتَسَبَتۡۗ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذۡنَآ
إِن نَّسِينَآ أَوۡ أَخۡطَأۡنَاۚ رَبَّنَا وَلَا تَحۡمِلۡ عَلَيۡنَآ إِصۡرٗا كَمَا حَمَلۡتَهُۥ عَلَى
ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِنَاۚ رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلۡنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِۦۖ وَٱعۡفُ عَنَّا
وَٱغۡفِرۡ لَنَا وَٱرۡحَمۡنَآۚ أَنتَ مَوۡلَىٰنَا فَٱنصُرۡنَا عَلَى ٱلۡقَوۡمِ ٱلۡكَٰفِرِينَ
٢٨٦﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iаманэр-рэсулу бима Iунзилэ Iилэйhи мин ррэббиhи уэл-муIминун. Куллун Iамэнэ биллаhи уэ**

**мэлаIикэтиһи уэ кутубиһи уэ русулиһ. Ла нуфэррикъуу бэйнэ Iэхьэдин мин ррусулиһ. Уэ къалуу сэмигьна уэ IэтIэгьна, гъуфранэкэ рэббэна уэ Iилэйкэл-мэщиир. Ла юкэллифул-Ллаһу нэфсэн Iилла усгьэһа, лэһа ма кэсэбэт уэ гьэлейһа мэктэсэбэт. Рэббэна ла туIахъизна Iин нэсина Iэу IэхътIэIна. Рэббэна уэ ла тэхьмил гьэлэйна Iищрэн кэма хьэмэлтэһуу гьэлэ-ллэзинэ мин къэблина. Рэббэна уэ ла тухьэммилна ма ла тIакъэтэ лэна биһ, уэгьфу гьэнна, уэгъфир лэна, уэрхьэмна, Iэнтэ мэулана, фэнщурна гьэлэл-къэумил-кафирин**﴾.

И мыхьэнэр:

﴿ЛIыкIуэм и фIэщ хъуащ и Тхьэм къыхуригъэхар (КъурIэныр), Iиман зиIэхэми (я фIэщ хъуащ). А псоми я фIэщ хъуащ Алыхьри; Абы и мелыIычхэри; и фIыцIагъэхэри; и лIыкIуэхэри. (Жа1э абыхэм): Дэ Абы и лIыкIуэхэр зэхэгъэж тщIыркъым. Абыхэм жаIэ: "Дэ (унафэр) зэхэтхащ ик1и жыIэщIэ дыхъуащ. Уэ ди Тхьэ! Къытхуэгъэгъу, Уэращ дэ зи пащхьэ дихьэжынур". Алыхьым зыми хуэмышэчын трилъхьэркъым. ФIы зыщ1эм – и щхьэ хуещ1эжэ, Iей зыщ1эм – и щхьэ ирещ1эж. Уэ ди Тхьэ, тщыгъупщамэ е дыщыуамэ думыгъэпшынэ! Уэ ди Тхьэ, ди япэкIэ щыIахэм ятелъа хьэлъэм хуэдэ къыттумылъхьэ! Уэ ди Тхьэ, ди къарум къимыхьын къыттумылъхьэ! Дыщыхъумэ, къытхуэгъэгъу, гущIэгъуи къытхуэщI! Уэращ ди Тепщэр, къыддэIэпыкъуи датегъакIуэ джаурхэм!﴿.[141]

﴾6﴿

[141] Сурэ "Iэль-Бэкъэрэ", Iэятхэр 285-286.

﴿ بِاسْمِكَ رَبِّي وَضَعْتُ جَنْبِي، وَبِكَ أَرْفَعُهُ، فَإِنْ أَمْسَكْتَ نَفْسِي فارْحَمْهَا، وَإِنْ أَرْسَلْتَهَا فَاحْفَظْهَا بِمَا تَحْفَظُ بِهِ عِبَادَكَ الصَّالِحِينَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Бисмикэ рэббий уэдэгьту джэнбий, уэ бикэ Iэрфэгьуh, фэIин Iэмсэктэ нэфсий фэрхьэмhа, уэ Iин Iэрсэлтэhа фэхьфэжьhа, бима тэхьфэжьу биhи гьибадэкэщ-щалихьийн﴾**.[142]

И мыхьэнэр:

" Уи цIэкIэ, Си Тхьэ, си Iэпкълъэпкъыр згъэтIылъыжащ, УэркIи къызоIэтыжри - си псэр быубыдыжмэ гущIэгъу къыхуэщI; къэбутIыпщыжмэ, къэхъумэ, уи пщылI пэжхэр зэрыпхъумэмкIэ".

**﴾7﴿**

﴿ اَللَّهُمَّ إِنَّكَ خَلَقْتَ نَفْسِي وَأَنْتَ تَوَفَّاهَا، لَكَ مَمَاتُهَا وَمَحْيَاهَا، إِنْ أَحْيَيْتَهَا فَاحْفَظْهَا ، وَإِنْ أَمَتَّهَا فَاغْفِرْ لَهَا . اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَافِيَةَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iиннэкэ хъэлэкътэ нэфсий уэ Iэнтэ тэуэффаhа, лэкэ мэматуhа уэ мэхь-яhа, Iин Iэхь-ейтэhа фэхьфэжьhа, уэ Iин Iэмэттэhа фэгъфир лэhа, Iэллаhуммэ Iиннии IэсIэлукэл--гьафиеh﴾**.[143]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, пэжыращи Уэ къэбгъэщIащ си псэр, зыгъэлIэжынури Уэращ. Уи IэмыщIэ илъщ абы и

[142] Бухъарий, Муслим. Хьэдисым и пэублэр мыращ: **"ГъуэлъыпIэм фекIуэлIэжа нэужь щIагъщIэлъымкIэ гъуэлъыпIэр къивутхыпщIыкI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ф и щIыбагъкIэ абдежым къыщыхъуар фэ фщIэкъым. ИтIанэ жыфIэ: Бисмикэ рэббии…".**

[143] Муслим, Iэхьмэд.

лIэнри, и псэунри. Ар бгъэпсэумэ, къэхъумэ; бгъалIэмэ къыхуэгъэгъу. Я, Аллаһ, хъумэныгъэкIэ сынолъэIур".

**﴾8﴿**

﴿اللَّهُمَّ قِنِـــي عَذابَـــكَ يَـــوْمَ تَبْـــعَثُ عِبـــادَكَ ﴾ .

И къеджэкIэр:

**﴾Iэллаһуммэ къиний гъэзабэкэ еумэ тэбгъэŝу гьибадэкэ﴿**. ( 3 жыIэн).[144]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаһ, сыщыхъумэ уи гъэзабым уи пщылIхэр къыщыбгъэтэджыжыну Махуэм".

**﴾9﴿**

﴿بِاسْـــمِكَ اللَّهُمَّ أَمُـــوتُ وَأَحْـــيَا ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴾ Бисмикэл-Лаһуммэ Iэмууту уэ Iэхь-я ﴿**.[145]

И мыхьэнэр:

" Я Аллаһ, уи цIэр жысIэурэ сыпсэухукIэ сопсэу, абы сытетыуи солIэж".

**﴾10﴿**

﴿سُبْحَانَ اللهِ﴾ -﴿وَالْحَمْدُ للهِ﴾ - ﴿وَاللهُ أَكْبَرُ﴾

И къеджэкIэр:

---

144 Iэбу Дауд, Тирмизий. Хьэдисым къызэрыщыкIуэмкIэ, "**бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, гъуэлъыжын мурад щищIам и деж и Iэ ижьыр и щхьэ лъабжьэм щIилъхьэрти, итIанэ жиIэт: Iэллаһуммэ къинии…**".

145 Бухъарий, Муслим.

﴿**Субхьанэл-Лаhи** (33-рэ); **уэл-хьэмду лил-Лаhи** (33-рэ); **уэл-Лаhу Iэкбэр** (33-рэ) ﴾.[146]

И мыхьэнэр:

"ХэIэтыкIащ Алыхьыр; щытхъур ейщ Алыхьым, Алыхьыр псом нэхърэ нэхъ Инщ".

**(11)**

﴿اَللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ وَرَبَّ الْعَرْشِ العَظِيمِ ، رَبَّنا وَرَبَّ كُلِّ شَيْءٍ ، فَالِقَ الْحَبِّ وَالنَّوَى ، وَمُنَزِّلَ التَّوْرَاةِ وَالْإِنْجِيلِ وَالْفُرْقَانِ ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ كُلِّ شَيْءٍ أَنْتَ آخِذٌ بِنَاصِيَتِهِ . اَللَّهُمَّ أَنْتَ الْأَوَّلُ فَلَيْسَ قَبْلَكَ شَيْءٌ ، وَأَنْتَ الْآخِرُ فَلَيْسَ بَعْدَكَ شَيْءٌ ، وَأَنْتَ الظَّاهِرُ فَلَيْسَ فَوْقَكَ شَيْءٌ ، وَأَنْتَ الْبَاطِنُ فَلَيْسَ دونَكَ شَيْءٌ ، اِقْضِ عَنَّا الدَّيْنَ وَأَغْنِنَا مِنَ الْفَقْرِ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ рэббэс-сэмауатис-сэбгьи уэ рэббэл-гьэршил-гьэжьийм; рэббэна уэ рэббэ кулли шэйIин, фаликъэл-хьэбби уэн-нэуа, уэ мунзилэт-тэурати уэл-Iинджили, уэл-фуркъан; Iэгьуузу бикэ мин шэрри кулли шэйIин Iэнтэ Iахъизун бинащиетиh. Iэллаhуммэ Iэнтэл-Iэууэлу фэлэйсэ къэблэкэ шэйI, уэ Iэнтэл-Iахъиру фэлэйсэ бэгьдэкэ шэйI, уэ Iэнтэжь-Жьахиру фэлэйсэ фэукъэкэ шэйI, уэ Iэнтэл-БатIину фэлэйсэ дуунэкэ шэйI, Iикъди гьэннэд-дэйнэ, уэ Iэгънина минэл-фэкъри ﴾**.[147]

И мыхьэнэр:

---

[146] Бухъарий, Муслим. **ЩыгъуэлъыжкIэ а псалъэхэр жызыIэм, и Iуэхухэр хуищIэу унэIут иIэ нэхърэ нэхъыфIщ**, къыщокIуэ а хьэдис дыдэм.

[147] Муслим.

"Я, Аллаhу уафиблми гъэршышхуэми я Тхьэ; ди Тхьэ икIи псоми я Тхьэ; хьэдзэри, купкъри къэзыгъэтIэпI; Тэурэтри, Инджылри, КъурIэнри къезыгъэха, Уэ сыножал1э сыт хуэдэ Iейми сыщыпхъумэну, псори Уэ уи жыIэ щIэтщи! Я, Аллаh, Уэ Япэ уитщ, икIи щыIакъым уи япэ зыри, Уэ Иужьи уитщ, уи яужьи зыри щыIэнукъым, Уэ – УнаIуэщ, Уи щхьэкIи щыIэIакъым, Уэ – УщIэхъумащ, Уэр нэхъ гъунэгъуи щыIэкъым, тхуэпшыныж ди щIыхуэр, дыкъыхуумыгъанэ факъырагъэм".

**﴾12﴿**

﴿ اَلْحَمْدُ لِلّهِ الَّذِي أَطْعَمَنَا وَسَقَانَا، وَكَفَانَا، وَءَاوَانَا، فَكَمْ مِمَّنْ لاَ كَافِيَ لَهُ وَلاَ مُؤْوِيَ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴾Iэльхьэмду лил-Лаhил-лэзий IэтIгьэмэна уэ сэкъана, уэ кэфана, уэ Iауана, фэкэм миммэн ла кафие лэhу уэ ла муI-уие﴿**.[148]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Дызыгъэшха, (псы) дезыгъэфа, дыкъэзыхъума, увыIэпIэ къыдэзыта Алыхьым фIыщIэр ейщ; дапщэ щыIэ-тIэ къэзыхъумэнрэ, зэкIуэлIэнрэ имыIэу?!".

**﴾13﴿**

﴿ اَللَّهُمَّ عَالِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَاطِرَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ رَبَّ كُلِّ شَيْءٍ وَمَلِيكَهُ، أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ، أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ نَفْسِي، وَمِنْ شَرِّ الشَّيْطَانِ وَشِرْكِهِ، وَأَنْ أَقْتَرِفَ عَلَى نَفْسِي سُوءاً أَوْ أَجُرَّهُ إِلَى مُسْلِمٍ ﴾ .

<u>И къеджэкIэр</u>:

[148] Муслим.

**﴿Iэллаhуммэ гьалимэл-гъэйби уэш-шэhадэ, фатIирэс-сэмауати уэл-Iэрд, рэббэ кулли шэйIин уэ мэлийкэh, Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ; Iэгьуузу бикэ мин шэрри нэфсии, уэ мин шэрриш-шэйтIани уэ ширкиh, уэ Iэн Iэкътэрифэ гьэла нэфсий сууIэн, Iэу Iэджуррэhу Iила муслим﴾.**[149]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаhу щэхури наIуэри ЗыщIэ, уафэхэри щIылъэри КъэзыгъэщIа, сыт ищIысми и Тхьэу ик1и и Тепщэ; щыхьэт сытохъуэ уэр фIэкIа нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм; си псэм и Iейми, шэйтIаным къыбгъэдэкI Iейми, тхьэм гъусэ хуэщIыным (шейтIаным) зэрыхуриджэми, муслъымэн гуэрым е си щхьэ зэран езгъэкIынми сащыпхъумэну сыныпкъуоувэ ".

* КъурIэн лъапIэм щыщу сурэ "Iэс-Сэждэ"-мрэ (№32), сурэ "Iэл-Мулк"-ымрэ (№ 67) йоджэ.

**(14)**

﴿ اَللَّهُمَّ أَسْلَمْتُ نَفْسِي إِلَيْكَ، وَفَوَّضْتُ أَمْرِي إِلَيْكَ، وَوَجَّهْتُ وَجْهِي إِلَيْكَ، وَأَلْجَأْتُ ظَهْرِي إِلَيْكَ، رَغْبَةً وَرَهْبَةً إِلَيْكَ، لاَ مَلْجَأَ وَلاَ مَنْجَا مِنْكَ إِلاَّ إِلَيْكَ، آمَنْتُ بِكِتَابِكَ الَّذِي أَنْزَلْتَ وَبِنَبِيِّكَ الَّذِي أَرْسَلْتَ﴾.

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэ Iэслэмту нэфсий Iилэйкэ, уэ фэууэдту Iэмрий Iилэйкэ, уэ уэдджэhту уэджhии Iилэйкэ, уэ IэльджэIту жьэhрий Iилэйкэ, рэгъбэтэн уэ рэhбэтэн**

[149] Iэбу Дауд, Тирмизий.

**Іилэйкэ, ла мэлджэІэ уэ ла мэнджа минкэ Іилла Іилэйкэ, Іамэнту бикитабикэл-лэзий Іэнзэлтэ, уэ бинэбийикэл-лэзий Іэрсэлтэ﴾.**[150]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, си псэр Уэ пІэщІэслъхьащ, си Іуэхури Уэ ныббгъэдэслъхьащ, си нэкІури Уэ ныпхуэзгъэзащ, си тхыри Уэ ныпкІэрызгъэщІащ[151]; сыщІэхъуэпсу (уи псапэм), сыщышынэу (уи губжьым). Уэ сыкъыббгъэдэкІыу сызэжэлІэн зыри щыІэкъым Уэ сыномыжэлІэжмэ; Уэ сыукърыгъэлыну зыри щыІэкъым Уэр фІэкІаи; си фІэщ хъуащ уи тхыгъэ къебгъэхари, уи лІыкІуэ къэбгъэкІуари".

❁ ❁ ❁

# ЖЭЩЫМ ЗЫДЭЖЕЙМ ЗЫ ЛЪЭНЫКЪУЭМ КЪИКІЫУ НЭГЪУЭЩІ ДЖАБЭКІЭ ТЕГЪУАЛЪХЬЭМЭ, ЖИІЭНУ ДУГЬЭР

﴿ لاَ إِلَـٰهَ إِلاَّ اللهُ الْـوَاحِدُ القَهَّـارُ، رَبُّ ٱلسَّمَـٰوَاتِ وَالأَرْضِ وَمَا بَيْـنَهُـمَا، الْعَزِيـزُ الغَـفَّارُ﴾.

<u>И къеджэкІэр</u>:

[150] Бухъарий, Муслим. А псалъэхэр жызыІам ехьэлІауэ бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ: **"улІэми** (а жэщым), ***фитІрэм*** (Ислъам дин къабзэм) **утету улІэнущ".**

[151] Сыпщогугъу укъыздэІэпыкъуну, жыхуиІэщ.

**﴿Ла Іилаһэ Іиллэл-Лаһул-Уахьидул-Къэһһар; рэббус-сэмауати уэл-Іэрди уэ ма бэйнэхумэл-гьэзизул-Гъэффар﴾.**[152]

И мыхьэнэр:

"ЩыІэкъым тхьэ Алыхьу зи Закъуэу, тепщэныгъэ зиІэм нэмыщІ; уафэхэми, щІылъэми, абы я зэхуакум щыІэхэми я Тхьэу, ЛІэкІыныгъэрэ Гъэгъуныгъэрэ зыбгъэдэлъщ Ар".

❁ ❁ ❁

# ЖЕЙМ КЪЫХЭЩТЫКІЫМ Е ГУЗАВЭУ КЪЭУШЫМ ЖИІЭНУ ДУГЪЭР

﴿ أَعُــوذُ بِكَلِمَــاتِ اللَّهِ التَّــامَّــاتِ مِنْ غَضَــبِهِ وَعِــقابِهِ، وَشَــرِّ عِبَــادِهِ وَمِنْ هَمَــزَاتِ الشَّــيَاطِينِ وَأَنْ يَحْضُــرُونِ﴾.

И къеджэкІэр:

**﴿Іэгьуу-зу бикэлиматил-Лаһит-таммати мин гъэдэбиһи, уэ гьикъабиһи, уэ шэрри гьибадиһи, уэ мин һэмэзатиш-шэятІийни, уэ Іэн ехьдуруу-ни﴾.**[153]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и Псалъэ нэгъэсахэм сакъуоувэ: Езым и губжьми и гьэзабми (сащихъумэжыну), къигъэщІахэм къабгъэдэкІ Іейми (сащихъумэну), шейтІанхэм гум

[152] Іэл-Хьаким, НэсаІий "Гъэмэл Іэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Іэс-Сунний.

[153] Іэбу Дауд, Тирмизий.

къралъхьэ гупсысэхэми, (шейтIанхэр) сэ къызбгъэдыхьэнми сащихъумэну".

❁ ❁ ❁

# ПЩIЫХЬЭПIЭ IЕЙ ЗЫЛЪЭГЪУАМ ЖИIЭНУМРЭ ИЩIЭНУМРЭ

**1 .** СэмэгумкIэ зегъазэри щэней (3) йопщэ; Iупс хэмыту жьы мажьэ къыжьэдэкIыу.[154]

**2.** Алыхьым зыхуегъазэ шейтIанымрэ мыхъумыщIэ илъэгъуамрэ ящихъумэну, мыхэр жиIэурэ: "Iэгъузу биллаhи минэш-шэйтIан, уэ мин шэрри ма рэIейту".[155]

**3.** ПщIыхьэпIэ Iей илъэгъуар зыми хуиIуэтэжкъым. [156]

**4.** Адрей джабэ лъэныкъуэмкIэ зегъазэ.[157]

**5.** Гукъыдэж иIэмэ къотэджри нэмэз тIысыгъуитI ещI. [158]

Хьэдисым къызэрыхэщымкIэ, ахэр зылэжьам пщIыхьэпIэ Iей илъэгъуам и зэран къекIынукъым.

❁ ❁ ❁

---

154 Муслим.
155 Муслим, "Шэрхь 1эн-Нэуэуий".
156 Муслим.
157 Муслим.
158 Муслим.

# УИТЫР НЭМЭЗЫМ ХЭТ КЪУНУТ ДУГЪЭР [159]

**﴾1﴿**

﴿اللَّهُمَّ اهْدِنِي فِيمَنْ هَدَيْتَ وَعَافِنِي فِيمَنْ عَافَيْتَ وَتَوَلَّنِي فِيمَنْ تَوَلَّيْتَ وَبَارِكْ لِي فِيمَا أَعْطَيْتَ وَقِنِي شَرَّ مَا قَضَيْتَ إِنَّكَ تَقْضِي وَلاَ يُقْضَى عَلَيْكَ إِنَّهُ لاَ يَذِلُّ مَنْ وَالَيْتَ وَ لاَ يَعِزُّ مَنْ عَادَيْتَ تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴾Iэллаhумэh-динии фи мэн hэдэйт, уэ гъафинии фи мэн гъафэйт, уэ тэуэллэнии фи мэн тэуэллэйт, уэ барик лии фи ма Iэгьтэйт, уэ къинии шэррэ ма къэдэйт, Iиннэкэ тэкъдии уэ ла юкъда гъэлэйк. Iиннэhу ла езиллу мэн уалэйт, уэ ла егъиззу мэн гъадэйт, тэбарэктэ рэббэна уэ тэгьалэйт﴿.**[160]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, бузэщIахэм сахэту сэри сыузэщI, къэпхъумахэм сахэту сэри сыкъэхъумэ, узыхуэсэкъахэм сахэту сэри къысхуэсакъ, къызэптами берычэтыр схухэлъхьэ, къысхуэбухам и Iейми сыщыхъумэ; Уэращ унафэ зыщIыр, Уэ зыми унафэ къыптрищIэжкъым; Уэ фIыуэ плъэгъуар пуд хъуркъым, Уэ бий пщIам къару иIэкъым; уи берычэтыр бэгъуащ, Уэ, ди Тхьэ!, икIи ухэIэтыкIащ".

---

[159] И лъабжьэкIэ къэкIуэну дугъэхэм дэтхэнэми укъеджэ хъунущ уитырым и къунут дугъэуэ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

[160] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ, Iэд-Даримий, Iэл-Хьаким, Iэл-Бэйхэкъий.

**﴾2﴿**

﴿اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِرِضَاكَ مِنْ سَخَطِكَ، وَبِمُعَافَاتِكَ مِنْ عُقُوبَتِكَ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْكَ، لاَ أُحْصِي ثَنَاءً عَلَيْكَ، أَنْتَ كَمَا أَثْنَيْتَ عَلَى نَفْسِكَ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhумэ Iиннии Iэгьузу биридакэ мин сэхъэтIик; уэ бимугьафатикэ мин гьукъуубэтик; уэ Iэгьузу бикэ минк, ла Iухьщии ŝэнаIэн гьэлэйк; Iэнтэ кэма Iэŝнэйтэ гьэла нэфсик﴾**.[161]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ уи арэзыныгъэм сыкъуоувэ уи губжьым сыкъелын папщIэ, уи къэхъумэныгъэми (сыкъуоувэ) уи тезырым сыкъелын папщIэ; Уэри сыножал1э Уэ сыкъолын папщIэ; Уэ щытхъу (пхуэфащэр) сэ къысхуэлъытэнукъым, атIэ Уэ езыр уи щхьэ узэрыщытхъужщ".

**﴾3﴿**

﴿ [اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْتَعِينُكَ وَنَسْتَغْفِرُكَ وَنَسْتَهْدِيكَ، وَنُؤْمِنُ بِكَ وَنَتَوَكَّلُ عَلَيْكَ وَنُثْنِي عَلَيْكَ الْخَيْرَ كُلَّهُ، نَشْكُرُكَ وَلاَ نَكْفُرُكَ وَنَخْلَعُ وَنَتْرُكُ مَنْ يَفْجُرُكَ].

اللَّهُمَّ إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَلَكَ نُصَلِّي وَنَسْجُدُ، وَإِلَيْكَ نَسْعَى وَنَحْفِدُ نَرْجُو رَحْمَتَكَ وَنَخْشَى عَذَابَكَ إِنَّ عَذَابَكَ الجِدَّ بِالْكُفَّارِ مُلْحِقٌ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iинна нэстэгьиинукэ, уэ нэстэгъфирукэ, уэ нэстэhдиикэ, уэ нуIмину бикэ уэ нэтэуэккэлу гьэлэйкэ, уэ нуŝний гьэлэйкэл-хъэйрэ**

[161] Iэхьмэд , Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ.

**куллэһ, нэшкурукэ уэ ла нэкфурукэ, уэ нэхълэгьу уэ нэтруку мэн ефджурукэ.**

**Іэллаһуммэ Іийякэ нэгьбуду, уэлэкэ нущэллии уэ нэсджуду, уэ Іилэйкэ нэсгъа уэ нэхьфиду, нэрджуу рэхьмэтэкэ, уэ нэхъша гьэзабэкэ, Іиннэ гьэзабэкэлджиддэ бил-куффари мулхьикъ**﴿.[162]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаһ, укъыддэІэпыкьуну дынолъэІур, къытхуэбгъэгъунуи дынолъэІур; дыбузэщІынуи дынолъэІур, ди фІэщи уохъу, икІи дыпщогугъу; фІы псомкІи дызыщытхъур Уэращ; фІыщІи пхудощІ, фІыщІэмыщІхэми дащыщкъым;
Я, Аллаһ, уэращ дызыхуэпщылІри, нэмэз зыхуэтщІри, ди щхьэр зыхуэдгъэтІылъри; Уэ уи деж дыпІащІэу (дыпхуэлэжьэну) дынокІуэ; дыщогугъ уи гущІэгъум, дыщошынэ уи гъэзабым, Уэ уи гъэзаб хьэкъыр, шэч хэмылъу, джаурхэм къалъыІэсынущ".

✵ ✵ ✵

# УИТЫР НЭМЭЗ НЭУЖЬЫМ, ЖАІЭ ДУХЬЭР

﴾سُبْحَانَ الْمَلِكِ الْقُدُّوسِ﴿

И къеджэкІэр:

﴾**Субхьанэл-Мэликил-Къуддуус**﴿ - 3-ней.[163]

(ещанэ жыІэгъуэм деж и макъым нэхъ зрегъэІэт).

---

[162] Іэл-Бэйхэкъий.

[163] НэсаІий, Іэд-ДарэкъутІний, нэгъуэщІхэми.

И мыхьэнэр:

**"ХэIэтыкIащ псоми я Тепщэр, ХэгъэкъэбзыкIар** (сыт хуэдэ ныкъусаныгъэми)**".**

❁ ❁ ❁

# ЦIЫХУР ГУКЪЕУЭ-ГУХЭЩIХЭМ ЩЫХЭХУАМ И ДЕЖ ЖИIЭНУ ДУГЬЭР

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي عَبْدُكَ، ابْنُ عَبْدِكَ، ابْنُ أَمَتِكَ، نَاصِيَتِي بِيَدِكَ، مَاضٍ فِيَّ حُكْمُكَ، عَدْلٌ فِيَّ قَضَاؤكَ، أَسْأَلُكَ بِكُلِّ اسْمٍ هُوَ لَكَ، سَمَّيْتَ بِهِ نَفْسَكَ، أَوْ أَنْزَلْتَهُ فِي كِتَابِكَ، أَوْ عَلَّمْتَهُ أَحَداً مِنْ خَلْقِكَ، أَوِ اسْتَأْثَرْتَ بِهِ فِي عِلْمِ الغَيْبِ عِنْدَكَ أَنْ تَجْعَلَ القُرْآنَ رَبِيعَ قَلْبِي، وَنورَ صَدْرِي، وجَلاَءَ حُزْنِي، وذَهَابَ هَمِّي﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллахуммэ Iинни гъэбдукэ, ибну гъэбдикэ, ибну Iэмэтикэ, нащиетии биедикэ, мадин фийе хьукмукэ, гъэдлун фийе къэдаIукэ, IэсIэлукэ бикуллис-мин хуу-уэ лэкэ, сэммэйтэ биhи нэфсэкэ, Iэу Iэнзэлтэhу фи китабикэ, Iэу гъэллэмтэhу Iэхьэдэн мин хъэлкъикэ, IэуистэIĉэртэ биhи фи гьилмил-гъэйби гьиндэкэ, Iэн тэджгьэлэл-КъурIанэ рэбиигьэ къэлбий, уэ нурэ щэдрии, уэ джэлаIэ хьузнии, уэ зэhабэ hэмми﴾**.[164]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ Уэ сыурипщылIщ, уи пщылI цIыхухъум сырибынщ, уи пщылI цIыхубзми сырибынщ; си

[164] Iэхьмэд.

Iуэхур уи IэмыщIэ илъщ, уи унафэр си деж щыпхырокI, сэ къысхуэбухауэ къэхъу Iуэхугъуэхэр уи захуагъэм щыщщ.

СынолъэIу: цIэ уиIэхэмкIэ псомк1и; ахэр Уэ зыфIэпщыжами, е уи тхылъкIэ къебгъэхами, е къэбгъэщIахэм ящыщ гуэрым ебгъэщIами, е уи щIэныгъэ щэхум щыщу уи деж къэбгъэнэжами, (сынолъэIу) КъурIэныр си гум и гъатхэ пщIыну, си бгъэм и нури пщIыну, си нэщхъеягъэр абыкIэ сщхьэщыкIыну, си гукъеуэри абы дэкIуэдыну".

﴿اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الهَـمِّ وَ الْحُـزْنِ، والعَجْـزِ والكَسَلِ والبُخْـلِ والجُـبْنِ، وضَلَـعِ الـدَّيْنِ وغَلَبَـةِ الرِّجَالِ﴾

И къеджэкIэр:

﴿**IэллаhуммэIинний Iэгьуу-зу бикэ минэл-hэмми, уэл-хьэзэни, уэл-гьэджзи, уэл-кэсэли, уэл-бухъли, уэл-джубни, уэ дэлэгьид-дэйни, уэ гъэлэбэтир-риджал**﴾.[165]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, сэ сыныпкъуоувэ - гукъеуэми, гухэщIми, слъэмыкIыжIауэ сыкъэнэнми, щхьэхынагъэми, быдагъэми (нэпсеягъэ), къэрэбгъагъэми, щIыхуэм и хьэлъагъми, цIыху къыстегушхуэнми – сащыпхъумэну".

✵ ✵ ✵

[165] Бухъарий. **Бегъымбар лъапIэм,** Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, **а псалъэхэр жиIэрейуэ щытауэ** хьэдисым къыщокIуэ.

# ГУЗЭВЭГЪУЭМ ХЭХУАМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР

﴿لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ الْعَظِيمُ الْحَلِيمُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ رَبُّ السَّمَاوَاتِ ورَبُّ الأَرْضِ ورَبُّ الْعَرْشِ الْكَرِيمِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhул-Гьэжьимул-Хьэлийм; ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу рэббул-гьэршил-гьэжьиим; ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhуу рэббус-сэмауати уэ рэббул-Iэрди, уэ рэббул-гьэршил-кэриим﴾**.[166]

И мыхьэнэр:

"Иныгъэ егъэлея зыбгъэдэлъу, егъэлеяуи щабэу щыт Алыхьым фIэкIа тхьэ щыIэкъым. Гьэршышхуэм и тет Алыхьым фIэкIа тхьэ щыIэкъым. Уафэхэми я тету щIылъэми и тету, Гьэрш гъуэзэджэми и тету щыт Алыхьым фIэкIа тхьэ щыIэкъым".

* * *

﴿اَللَّهُمَّ رَحْمَتَكَ أَرْجُو فَلاَ تَكِلْنِي إِلَى نَفْسِي طَرْفَةَ عَيْنٍ، وَأَصْلِحْ لِي شَأْنِي كُلَّهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ рэхьмэтэкэ Iэрджуу, фэла тэкилний Iила нэфсий тIэрфэтэ гьэйн, уэ Iэщлихь лий шэIний куллэh, ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ﴾**.[167]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, уи гущIэгъуращ сызыщыгугъри; напIэ Iэтыгъуэ хуэдизкIэ си щхьэм сыкъыхуомыгъанэ; си

---

[166] Бухъарий, Муслим.
[167] Iэхьмэд, Iэбу Дауд.

Іуэхухэр псори зэпэщ схуэщІ. ЩыІэкъым тхьэ Уэр нэмыщІ".

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ سُبْحَانَكَ إِنِّي كُنْتُ مِنَ الظَّالِمِينَ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Ла Іилаhэ Іилла Іэнтэ субхьанэкэ Іинний кунту минэжь-жьалимин﴾.**

И мыхьэнэр:

"ЩыІэкъым тхьэ Уэр нэмыщІ. Хуэмыфащэхэм уахэІэтыкІащ. Пэжыр аращи, сэ залмыгъэ зезыхьахэм сащыщащ".

* * *

﴿ اللهُ اللهُ رَبِّي لاَ أُشْرِكُ بِهِ شَيْئاً ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Іэллаhу, Іэллахуу рэббий ла Іушрику биhии шэйІэн﴾.**[168]

И мыхьэнэр:

"Алыхьращ, Алыхьращ си тхьэр, абы зыри гуэгъу хуэсщІыркъым".

[168] Іэбу Дауд, Ибн Маджэ.

# БИЙМ Е ЛЕЙЗЕХЬЭ УНАФIЭЩIЫМ ЩАIУЩIЭМ ДЕЖ, ЖАIЭР

﴿ اَللَّهُمَّ إِنَّا نَجْـعَلُكَ فِي نُحُـورِهِـمْ، وَنَعُـوذُ بِكَ مِنْ شُرُورِهِـمْ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iинна нэджгьэлукэ фии нухьуурииhим, уэ нэгьуузу бикэ мин шуруурииhим﴾**.[169]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, дэ Уэ Абыхэм уапэщIыдогъэувэ, я Iейм дыщыпхъумэнуи Уэ дыпкъуоувэ".

* * *

﴿اَللَّهُمَّ أَنْتَ عَضُـدِي، وَأَنْتَ نَصِـيرِي، بِكَ أَحُـولُ وَبِكَ أَصُـولُ وَبِكَ أُقَـاتِلُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iэнтэ гьэдудий, уэ Iэнтэ нэщийрий, бикэ Iэхьуулу, уэ бикэ Iэщуулу, уэ бикэ Iукъатилу﴾**.

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, Уэращ си щIэгъэкъуэнри, Уэращ си дэIэпыкъуэгъури. Уи фIыгъэкIэщ (бийм и хьилагъэм) сызэрыпэлъэщыр, уи фIыгъэкIэщ сызырытеуэри, уи фIыгъэкIэщ  сызэрызауэри".

* * *

﴿حَسْبُـنَا اللهُ وَنِعْـمَ الْوَكِـيلُ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Хьэсбунэл-Лаhу уэ нигьмэл-Уэкийл﴾**. [170]

[169] Iэбу Дауд, Iэл-Хьаким.
[170] Бухъарий.

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр сиIэщ (схурокъу), 1уэху зыбгъэдалъхьэм я нэхъ гъуэзэджэкъэ тIэ Ар?!".

❁ ❁ ❁

# УНАФIЭЩIЫМ И ЗАЛЫМЫГЪЭМ ТЕШЫНЫХЬЫМ ЖИIЭНУ ДУГЬЭР

﴿اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ، وَرَبَّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ، كُنْ لِي جَارًا مِنْ فُلاَنِ بْنِ فُلاَنٍ، وَأَحْزَابِهِ مِنْ خَلاَئِقِكَ، أَنْ يَفْرُطَ عَلَيَّ أَحَدٌ مِنْهُمْ أَوْ أَنْ يَطْغَى، عَزَّ جَارُكَ، وَجَلَّ ثَنَاؤُكَ، وَلاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ рэббэс-сэмэуатис-сэбгьи, уэ рэббэл-гьэршил-гьэжьийм, кун лий джарэн мин** (<u>зышышынэм и цIэр жиIэнщ</u>), **уэ Iэхьзабиhи мин хъэлаIикъикэ, Iэн ефрутIэ гьэлэйе Iэхьэдун минhум, Iэу Iэн етIгъа, гьэззэ джарукэ, уэ джэллэ ŝэнаIукэ, уэ ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ﴾**.[171]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаhу, уафиблми, Гьэршышхуэми я Тхьэ, сащыхъумэ (*<u>зышышынэм и цIэр мыбдежым хагъэувэ</u>*)-рэ, КъэбгъэщIахэм щыщу абы и пэщIэщIэгъухэми, (сыщыхъумэ) ахэм пIэщIэгъуэкIэ яIэщIэкIыу зыгуэр къызащIэным, е лей зырахьэным.
Лъэщщ уэ укъызыщхьэщыжыр, инщ Уэ уи фIыщIэри, щыIэкъым Уэр нэмыщI тхьэи".

---

[171] Бухъарий "Iэл-Iэдэб Iэл-Муфрэд" тхылъым.

* * *

﴿اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ مِنْ خَلْقِهِ جَمِيعًا، اللَّهُ أَعَزُّ مِمَّا أَخَافُ وَأَحْذَرُ، أَعُوذُ بِاللَّهِ الَّذِي لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ، اَلْمُمْسِكِ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ أَنْ يقَعْنَ عَلَى الْأَرْضِ إِلاَّ بِإِذْنِهِ، مِنْ شَرِّ عَبْدِكَ فُلاَنٍ وَجُنُودِهِ، وَأَتْبَاعِهِ وَأَشْيَاعِهِ مِنَ الْجِنِّ وَالإِنْسِ، إِلَهِي كُنْ لِي جَارًا مِنْ شَرِّهِمْ، جَلَّ ثَنَاؤُكَ، وَعَزَّ جَارُكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَلاَ إِلَهَ غَيْرُكَ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhу Iэкбэру, Iэллаhу Iэгьэззу мин хъэлкъиhи джэмиийгьэн, Iэллаhуу Iэгьэззу мимма Iэхъафу уэ Iэхьзэру, Iэгьуузу бил-Лаhиллэзий ла Iилаhэ Iилла hуу. Iэл-мумсикис-сэмауатис-сэбгьи Iэн екъэгьнэ гьэлэл-Iэрди Iилла биIизниh, мин шэрри гьэбдикэ** (*<u>зышышынэм и цIэр мыбдежым хагъэувэ</u>*)**, уэ джунуудиhи уэ Iэтбагьиhи уэ Iэшягьиhи, минэл-джинни уэл-Iинси. Iэллаhуммэ кун лий джарэн мин шэрриhим, джэллэ ŝэнаIукэ, уэ гьэззэ джарукэ, уэ тэбарэкэс-мукэ, уэ ла Iилаhэ гъэйрукэ﴾**. (щэ (3) жыIэгъуэкIэ).[172]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьыр нэхъ инщ (псом нэхъри), къигъэщIа псом нэхъри нэхъ лъэщщ Алыхьыр; сызышышынэм нэхъри, зызыщысхъумэм нэхъри Алыхьыр нэхъ лъэщщ. Сыкъуоувэ Алыхьу зи нэмыщI Тхьэ щымыIэм, уафиблри Езым и IизынкIэ щIым къытезымыгъахуэу зыIыгъым: уи пщылI, (*<u>зышышынэм и цIэр мыбдежым хагъэувэ</u>*), абы и дзэхэми, и къуэдзэхэми, и

[172] Бухъарий "Iэл-Iэдэб Iэл-Муфрэд" тхылъым.

пэшэгъухэми я зэранығъэм сыщихъумэну; ирехъу ахэр жыну е цIыхуу.
Уэ Алыхь сыщыхъумэ абыхэм я Iейм! Уи щытхъур инщ, укъызыщхьэщыжыр лъэщщ, уи цIэр берычэткIэ куэдщ, Уэр нэмыщIи тхьэ щыIэкъым".

❁ ❁ ❁

## БИЙМ ТЕКIУЭН ПАПЩIЭ ЗЭРЫЛЪАIУЭ ДУГЬЭ

﴿ اللَّهُمَّ مُنْزِلَ الْكِتَابِ، سَرِيعَ الْحِسَابِ، اِهْزِمِ الْأَحْزَابَ، اللَّهُمَّ اهْزِمْهُمْ وَزَلْزِلْهُمْ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ мунзилэл-китаб, сэриигьэл-хьисаб, Iиhзимил-Iэхьзаб, Iэллаhуммэh-зимhум, уэ зэлзилhум ﴾.**[173]

И мыхьэнэр:

"Я Аллаhу, Тхыгъэр къезыгъэха, щIэхыу хьисэп зыщI: зэтекъутэ мы гупхэр. Я Аллаh, зэтекъутэ, икIи удынышщIэ ахэр".

❁ ❁ ❁

## ЗЫ ГУП ГУЭРЫМ ЯЩЫШЫНЭМ, ЖИIЭНУР

﴿اللَّهُمَّ اكْفِنِيهِمْ بِمَا شِئْتَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэк-финийhим бима шиIтэ﴾.**[174]

---

[173] Муслим.

И мыхьэнэр:

﴿Я Аллаh, Уэ узэрыхуей дыдэм хуэдэу мыбыхэм схуахурикъу﴾.

❁ ❁ ❁

# ЗИ ІИМАНКІЭ ШЭЧ КЪЭЗЫХЬАМ ЖИІЭНУМРЭ ИЩІЭНУМРЭ

Япэрауэ**:** шейтІаным щихъумэну Алыхь Иным елъэІун, мыр жиІэу:

**"Іэгьуузу биллаhи минэш-шэйтІанир-рэджиим".**[175]

ЕтІанэрауэ: и гум шэч къихьар жыжьэу зыпыІуигъэкІуэтын. [176]

Ещанэрауэ: мыр жиІэн: ﴿ آمَنْـــتُ بِاللهِ وَرُسُـــلِهِ ﴾. [177]

"**Іамэнту биллаh уэ русули**h" –

"Си фІэщ хъуащ Алыхьри, Абы и лІыкІуэхэри".

ЕплІанэрауэ**:** КъурІэным щыщу мыбы къеджэн:

﴿هُوَ ٱلۡأَوَّلُ وَٱلۡأٓخِرُ وَٱلظَّـٰهِرُ وَٱلۡبَاطِنُۖ وَهُوَ بِكُلِّ شَىۡءٍ عَلِيمٌ﴾

**﴿hуузл-Іэууэлу уэл-Іахъиру, уэжь-Жьаhиру уэл-БатІину, уэ hууэ бикулли шэйІин гьэлиим﴾**.[178]

---

174 Муслим.
175 Бухъарий.
176 Бухъарий.
177 Муслим.
178 Іэбу Дауд.

"Ар (Алыхьыр) япи итщ, яужьи къитщ; НаIуэщ икIи ЩIэхъумащ, Ар псори зыщIэщ".

❁ ❁ ❁

## ЩIЫХУЭ ЗЫТЕЛЪЫР ЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУГЬЭ

﴿اللَّهُمَّ اكْفِـــنِي بِحَلاَلِـــكَ عَنْ حَـــرَامِـــكَ، وَأَغْنِـــنِي بِفَضْـــلِكَ عَمَّـــنْ سِـــوَاكَ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэкфиний бихьэлаликэ гьэн хьэрамикэ, уэ Iэгънииний бифэдликэ гьэммэн сиуакэ﴾.** [179]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, Уи хьэлэлымкIэ сыгъэнщI Уи хьэрэмым сыхуэмыныкъуэн хуэдэу; Уи фIыгъэкIэ Уэр нэмыщIым хуэныкъуэн сумыщI".

* * *

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الهَـــمِّ وَ الْحُـــزْنِ، والعَجْـــزِ والكَسَلِ والبُخْـــلِ والجُـــبْنِ، وضَلَـــعِ الـــدَّيْنِ وغَلَبَـــةِ الرِّجال﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэ Iинний Iэгьуу-зу бикэ минэл-hэмми, уэл-хьэзэни, уэл-гьэджзи, уэл-кэсэли, уэл-бухъли, уэл-джубни, уэ дэлэгьид-дэйни уэ гъэлэбэтир-риджал﴾.** [180]

<u>И мыхьэнэр</u>:

---

179 Тирмизий.

180 Бухъарий.

"Я, Аллаһ сэ сыпкъуоувэ - гукъеуэми, гухэщIми, слъэмыкIыжIауэ сыкъэнэнми, щхьэхынагъэми, быдагъэми (нэпсеягъэ), къэрэбгъагъэми, щIыхуэм и хьэлъагъми, цIыху къыстегушхуэнми – сащыпхъумэну".

❁ ❁ ❁

## НЭМЭЗЫМ УЩЫТЕТКIЭ, Е КЪУРIЭН УЩЕДЖЭКIЭ ШЕЙТIАНЫМ И *УЭСУЭСЭМ* [181] ЗЭРЫЗЫЩЫПХЪУМЭН

**1.** ЖыбоIэ:

﴿أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ﴾

И къеджэкIэр:

﴿**Iэгьуузу биллаһи минэш-шэйтIанир-рэджиим**﴾.

И мыхьэнэр:

"Алыхьым сыкъуоувэ шейтIан нэлатым сыщихъумэну".

**2.** Абы иужькIэ сэмэгумкIэ зыбгъэзэнщи Iупс мащIэ хэту щэней (3) уепщэнщ. [182]

❁ ❁ ❁

---

[181] Уэсуэсэ: шейтIаныр цIыхум и гум къызэриIущащэ щIыкIэращ.

[182] Муслим. Хьэдисыр къэзыIуэтэжа Гъусман ибн Iэл-Гьащ жеIэ: "Апхуэдэу сщIати, Алыхьым сщхьэщихащ сигу къэкIар".

## IУЭХУ ЗЭФIЭХЫГЪУЕЙ ИРИХЬЭЛIАМ ЖИIЭНУР

﴿ اَللَّهُمَّ لاَ سَــــهْلَ إِلاَّ مَا جَعَلْـــتَهُ سَهْــلاً، وَأَنْتَ تَجْـــعَلُ الْحَـــزَنَ إِذَا شِــئْتَ سَهــْلاً ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ ла сэhлэ Iилла ма джэгьэлтэhу сэhлэн, уэ Iэнтэ тэджгьэлул-хьэзэнэ Iиза шиIтэ сэhлэн﴾**.[183]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, Уэ тынш пщIаращ тынш хъури; Уэ ущыхуейм дежи хьэлъэр тынш уощI".

❁ ❁ ❁

## ГУЭНЫХЬ КЪЭЗЫХЬАМ ЖИIЭНУМРЭ, ИЩIЭНУМРЭ

КъаIуэтэж бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщцыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIауэ:

**﴿Гуэныхь къэзыхьам андез зэрыщтапхъэу ищтэрэ, итIанэ <u>нэмэз тIысыгъуитI ищIрэ</u>, абы иужькIэ Алыхьым зыхуигъазэу <u>гъэгъуныгъэкIэ елъэIумэ</u>, абы къыхуимыгъэгъуу Алыхьым къигъэнэнукъым﴾.** [184]

❁ ❁ ❁

---

183 Ибн Хьиббан, Ибн Iэс-Сунний.

184 Iэбу Дауд, Тирмизий.

## ШЕЙТӀАНЫМРЭ АБЫ КЪИӀУЩЭЩХЭМРЭ ӀУЗЫГЪЭКӀУЭТ ПСАЛЪЭХЭР

**1.**

﴿أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ﴾

И къеджэкӀэр:

﴿**Ӏэгьуузу биллаһи минэш-шэйтӀанир-рэджиим**﴾,- жыпӀэн.[185]

И мыхьэнэр:

Алыхьым сыкъуоувэ шейтӀан нэлатым сыщихъумэну.

**2.** Азэным и псалъэхэм.

**3**. Алыхьыр уигу къэбгъэкӀынымрэ, КъурӀэн уеджэнымрэ.

❁ ❁ ❁

## ЦӀЫХУМ ФӀЭМЫФӀ ГУЭР КЪЫЩЫЩӀМЭ Е И УНАФЭР ФӀАКЪУТЭМЭ, ЖИӀЭНУР

﴿قَدَّرَ اللهُ وَمَا شَـــاءَ فَعَـــلَ﴾.

И къеджэкӀэр:

﴿**Къэддэрэл-Лаһу уэ ма шаӀэ фэгьэлэ**﴾.[186]

---

[185] Ӏэбу Дауд, Тирмизий.

[186] Хьэдисым къыщокӀуэ: "**Муслъымэн къарууфӀэр муслъымэн къарууншэм нэхърэ нэхъыфӀщ, Алыхьми нэхъыфӀу къелъагъу, ауэ тӀуми хьер яхэлъщ. Сэбэпынагъ зыхэлъым яужь ит, дэӀэпыкъуныгъэкӀи Алыхьым елъэӀу икӀи умыщхьэх. Зыгуэр къыпщыщӀ хъуми жумыӀэ**

И мыхьэнэр:

"Алыхьым иухат ари; зэрыхуейм хуэдэуи ищIащ".

❁ ❁ ❁

# БЫН ЗЫГЪУЭТА АДЭМ УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР, ЕЗЫМИ ЖЭУАП КЪУЗЭРИТЫЖЫНУР

﴿ بَارَكَ اللهُ لَكَ فِي الْمَوْهُوبِ لَكَ، وَشَكَرْتَ الْوَاهِبَ، وَبَلَغَ أَشُدَّهُ، وَرُزِقْتَ بِرَّهُ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Барэкэл-Лаhу лэкэ фил-мэуhууби лэкэ, уэ шэкэртэл-Уахибэ, уэ бэлэгъэ Iэшуддэhу, уэ рузикътэ биррэhу﴾.**

И мыхьэнэр:

" Къуитам берычэт Алыхьым къыхилъхьэ; Къозытами фIыщIэ хуэпщIыжыф ухъу; и ныбжь (Алыхьым) нигъэс; и жыIэдаIуагъи уигъэлъагъу".

*Зэхъуэхъуам мыр жэуапу къитыжынщ:*

ХьэрыпыбзэкIэ:

﴿ بَارَكَ اللهُ لَكَ، وبَارَكَ عَلَيْكَ، وَجَزَاكَ اللهُ خَيْرًا، وَرَزَقَكَ اللهُ مِثْلَهُ، وَأَجْزَلَ ثَوَابَكَ﴾

И къеджэкIэр:

---

**"мыпхуэдэу е мопхуэдэу сщIатэмэ..", атIэ жыIэ: "Алыхьым иухат ар; зэрыхуейм хуэдэуи ищIащ", сыт щхьэкIэ жыпIэмэ "сщIатэмэ"-жыхуиIэм шейтIаным и лэжьыгъэр кърегъэбл".** (Муслим).

**﴿ Барэкэл-Лаһу лэкэ, уэ барэкэ гьэлэйкэ, уэ джэзакэл-Лаһу хъэйрэн, уэ рэзэкъэкэл-Лаһу миŝлэһу, уэ Іэджзэлэ ŝэуабэкэ﴾**.[187]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым берычэтыр къыббгъэдилъхьэ, берычэтыр къыпщхьэщилъхьэ; фІыкІэ Алыхьыр къыпхуэупсэ; уэри Алыхьым апхуэдэ къуит, уи псапэри пхуигъэбагъуэ".

❁ ❁ ❁

# САБИЙР ІЕЙМ ЩЫХЪУМА ХЪУН ПАПЩІЭ, ЖАІЭР

﴿ أُعِيذُكُمَا بِكَلِمَاتِ اللهِ التَّامَّةِ، مِنْ كُلِّ شَيْطَانٍ وَهَامَّةٍ، وَمِنْ كُلِّ عَيْنٍ لاَمَّةٍ﴾ .

И къеджэкІэр:

**﴿Іугьийзукума бикэлиматил-Лаһит-таммэти, мин кулли шэйтІанин уэ һаммэтин, уэ мин кулли гьэйнин ламмэтин﴾**.[188]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и Псалъэ нэгъэсахэм факъузогъэувэ - сыт хуэдэ шэйтІанми, хьэпщхупщми, сыт хуэдэ нэ Іейми - абыхэм фыщахъумэну".

❁ ❁ ❁

[187] Нэуэуий и тхылъ "Іэл-Іэзкар"ым итщ.
[188] Бухъарий.

# СЫМАДЖЭМ ЩІЭУПЩІЭНУ ЩІЫХЬАМ МЫХЭР ЖИІЭНЩ

**﴾1﴿**

﴾ لا بأْسَ، طَهُــورٌ إنْ شَــاءَ اللّٰهُ ﴿

И къеджэкIэр:

**﴾ Ла бэIсэ, тIэhуурун Iин шаIэл-Лаhу﴿.**[189]

И мыхьэнэр:

"Ягъэ кIакъым; къабзэныгъэ пхуэхъунщ, Алыхьым жиIэмэ".

**﴾2﴿**

﴾أَسْــأَلُ اللّٰهَ الْعَــظِيــمَ، رَبَّ العَــرْشِ العَــظِيــمِ أَنْ يَشْفِــيَكَ﴿

И къеджэкIэр:

**﴾IэсIэлул-Лаhэл-Гьэжьийм, рэббэл-гьэршил-гьэжьийми Iэн ешфиекэ ﴿.**[190]

И мыхьэнэр:

"СолъэIу Алыхь Ину, Гьэрш иным и Тхьэм уигъэхъужыну". (блэней жиIэн).

❁ ❁ ❁

# СЫМАДЖЭМ ЩІЭУПЩІЭНЫМ ФІЫГЪУЭУ ПЫЛЪЫР

---

[189] Бухъарий.

[190] Хьэдисым къызэрыхэщымкIэ, **зи ажалыр къэмыса сымаджэм апхуэдэ дугьэ хуэпщIмэ, мыхъужу къэнэнукъым.** (Iэбу Дауд, Тирмизий).

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

"**ЦIыхур и къуэш муслъымэным щIэупщIэну щыкIуэкIэ Жэнэтым и пхъэщхьэмыщхьэ хадэм хэту макIуэ, (щIыхьу) етIысэхыхукIэ. ТIыса нэужь, (Алыхьым и) гущIэгъум щIеуфэ ар. ЩIэупщIэгъуэр пщэдджыжьым ирихьэлIамэ, жэщ хъухукIэ мелыIычу мин блыщI абы къыхуохъуахъуэ. ЩIэупщIэгъуэр пщыхьэщхьэм ирихьэлIамэ, нэху щыхукIэ мелыIычу мин блыщI абы къыхуохъуахъуэ**". [191]

❁ ❁ ❁

# ЗИ ГУГЪЭР ГЪАЩIЭМ ХЭЗЫХЫЖА СЫМАДЖЭР ЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУГЪЭ

**(1)**

﴿اَللَّهُمَّ اغْفِـــرْ لِي وَارْحَمْـــنِي وَأَلْحِقْـــنِي بِالرَّفِـــيقِ الأَعْلَـــى﴾ .

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэгъфир лий, уэрхьэмний, уэ Iэлхьикъний бир-рэфийкъил-Iэгьла﴾**. [192]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, къысхуэгъэгъу, гущIэгъу къысхуэщIи хэпIэтыкIахэм гъусэ сахуэщI".

* * *

[191] Iэхьмэд, Тирмизий, Ибн Маджэ.
[192] Бухъарий, Муслим.

Езы бегъымбарыми, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыныр, и псэ хэкІыгъуэр къыщыблэгъам, и ІитІыр псым хилъхьэрэ, и нэкІум ар щихуэжурэ, мыр жиІэрт:

﴿لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ، إِنَّ لِلْمَـــوْتِ لَسَكَـــرَاتٍ﴾.

И къеджэкІэр:

**﴿Ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу, Іиннэ лил-мэути лэсэкэраат﴾.**[193]

И мыхьэнэр:

"ЩыІэкъым тхьэ Алыхьым нэмыщІ; пэжыращи, лІэныгъэм и Іуэхур хьэлъэщ".

* * *

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَاللّهُ أَكْبَـــرُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْـــدَهُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَلاَ حَـــوْلَ وَلاَ قُـــوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ﴾ .

И къеджэкІэр:

**﴿Ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэл-Лаhу Іэкбэру, ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэхьдэhуу, ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэh, ла Іилаhэ Ілэл-Лаhуу лэhул-мулку, уэ лэhул-хьэмду, ла Іилаhэ Іиллэл-Лаh. Уэ ла хьэулэ уэ ла къуууэтэ Іилла бил-Лаh﴾.**[194]

И мыхьэнэр:

"ЩыІэкъым тхьэ Алыхьым нэмыщІ, Алыхьыр Инщ; щыІэкъым тхьэ Алыхь закъуэм фІэкІа; щыІэкъым тхьэ Алыхь закъуэм фІэкІа гъуси иІэкъым Абы; щыІэкъым

193 Бухъарий.

194 Тирмизий, Ибн Маджэ.

тхьэ Алыхьым нэмыщI, тетыгъуэр зейри Аращ, щытхъур зейри Аращ; щыIэкъым тхьэ Алыхьым нэмыщI, ЛъэкIыныгъи, къаруи зыми иIэфынукъым Алыхьыншэу".

❁ ❁ ❁

## ЗИ ПСЭ ЕДЖЭУ ТЕЛЪЫМ ЖИIЭНУМРЭ ЖЕБГЪЭIЭНУМРЭ

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

"**Иужьрей псалъэу хэт "Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаh" жиIэжами, ар Жэнэтым кIуэнущ".**[195]

❁ ❁ ❁

## ГУАУЭ ЗИIЭМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР

﴿إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاجِعُونَ ، اَللَّهُمَّ أْجُرْنِي فِي مُصِيبَتِي، وَأَخْلِفْ لِي خَيْراً مِنْهَا﴾.

И къеджэкIэр:

﴾**Iинна лил-Лаhи уэ Iинна Iилэйhи раджигьунэ, IэллаhуммэI-джурний фий мущибэтий, уэ Iэхълиф лий хъэйрэн минhа**﴿.[196]

И мыхьэнэр:

"Пэжыращи, Алыхьыращ дэ дызейри, Абы и дежи декIуэлIэжынущ. Я, Аллаh, Мы гузэвэгъуэ

[195] Iэбу Дауд.
[196] Муслим.

къызэуэлIамкIэ псапэ къызэтыж, нэхъыфIыIуэкIи къысхуэупсэж".

❁ ❁ ❁

## ЛIАМ И НЭР ЩЫЗЭТРАПIЭЖКIЭ ЖАIЭР

﴿اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِـ- лIам и цIэр хыбогъэувэ - وَارْفَعْ دَرَجَتَهُ فِي الْمَهْدِيِّينَ ، وَاخْلُفْهُ فِي عَقِبِهِ فِي الْغَابِرِينَ، وَاغْفِرْ لَنَا وَلَهُ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ، وَافْسَحْ لَهُ فِي قَبْرِهِ وَنَوِّرْ لَهُ فِيهِ﴾.

И къеджэкIэр:

﴿**Iэллаhуммэгъфир ли –** лIам и цIэр хыбогъэувэ– **уэрфэгь дэрэджэтэhу фил-мэhдиийнэ, уэхълуфhу фий гьэкъибиhи фил-гъабирийнэ, уэгъфир лэна уэ лэhу я рэббэл-гьалэмийнэ, уэфсэхь лэhу фий къэбриhи, уэ нэуурир лэhу фийhи**﴾.[197]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh! Къыхуэгъэгъу (лIам и цIэр жыбоIэ), узэщIахэм я дежи щыхэIэтыкI; иужь къинахэми къащхьэщыт; абыи, дэри къытхуэгъэгъу, Уэ дунейхэм я Тхьэ! И мащэр Iэхуитлъэхуит хуэщIи, нур къыщIидзэуи хуэщI".

❁ ❁ ❁

[197] Муслим.

# ЖЭНАЗЫ НЭМЭЗЫМ ХЭТ ДУХЬЭР

**Гу зылъытапхъэ:** Мы дугъэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри къыхэпхыу, Жэназы нэмэзым хэбгъэувэ хъунущ.

**⁅1⁆**

﴿ اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لَهُ وَارْحَمْهُ ، وَعَافِهِ وَاعْفُ عَنْهُ ، وَأَكْرِمْ نُزُلَهُ ، وَوَسِّعْ مُدْخَلَهُ ، وَاغْسِلْهُ بِالْمَاءِ وَالثَّلْجِ وَالْبَرَدِ ، وَنَقِّهِ مِنَ الْخَطَايَا كَمَا نَقَّيْتَ الثَّوْبَ الأَبْيَضَ مِنَ الدَّنَسِ ، وَأَبْدِلْهُ دَاراً خَيْراً مِنْ دارِهِ ، وَأَهْلاً خَيْراً مِنْ أَهْلِهِ، وَزَوْجاً خَيْراً مِنْ زَوْجِهِ ، وَأَدْخِلْهُ الْجَنَّةَ ، وَأَعِذْهُ مِنْ عَذابِ القَبْرِ [وَعَذَابِ النَّارِ] ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhумэгъфир лэhу уэрхьэмhу, уэ гъафиhи уэгъфу гъэнhу, уэ Iэкрим нузулэhу, уэ уэссигь мудхъэлэhу, уэгъсилhу бил-маIи уэŝ-ŝэлджи уэл-бэрэди, уэ нэкъкъиhи минэл-хъэтIая кэма нэкъкъэйтэŝ-ŝэубэл-Iэб-едэ минэд-дэнэси, уэ Iэбдилhу дарэн хъэйрэн мин дариhи, уэ Iэhлэн хъэйрэн мин Iэhлиhи, уэ зэуджэн хъэйрэн мин зэуджиhи, уэ Iэдхъилhул-джэннэтэ, уэ Iэгъизhу мин гъэзабил-къэбри (уэ гъэзабин-нари)﴾**.[198]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, къыхуэгъэгъу мыбы (и гуэныхьыр), гущIэгъуи къыхуэщI; щыхъумэ гъэзабым, къыщыгъэлъапIэ екIуэлIапIэ хуэхъуам, и мащэр Iэхуитлъэхуит хуэщI; гъэкъабзэ ар псыкIэ, уэскIэ, уэкIэ; къыхэгъэкъэбзыкI и гуэныхьхэм щыгъын хужьым фIейр зэрыхэбгъэкIым хуэдэу; къет абы унэ –

[198] Муслим.

и унэм нэхърэ нэхъыфIу, унагъуэ – и унагъуэм нэхърэ нэхъыфIу, щхьэгъусэ – и щхьэгъусэм нэхърэ нэхъыфIу, хэшэ ар Жэнэтым, щыхъумэ мащэм и гъэзабми, [мафIэм и гъэзабми]".

**⸨2⸩**

﴿ اَللَّهُـــمَّ اغْفِـــرْ لِحَيِّـــنَا وَمَيِّتِـــنَا وَشَـــاهِدِنَا ، وَغَائِبِـــنَا ، وَصَغِيـــرِنَا وَكَبِيـــرِنَا ، وَذَكَـــرِنَا وَأُنْثَانَا . اَللَّهُـــمَّ مَنْ أَحْيَيْـــتَهُ مِنّا فَأَحْيِـــهِ عَلَى ٱلْإِسْلاَمِ ، وَمَنْ تَوَفَّـــيْتَهُ مِنَّا فَتَوَفَّـــهُ عَلَى ٱلْإِيـــمَانِ ، اَللَّهُـــمَّ لاَ تَحْـــرِمْنَا أَجْـــرَهُ ، وَلاَ تُضِـــلَّنَا بَعْـــدَهُ ﴾ .

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴾Iэллаhуммэгъфир ли хьэиина, уэ мэиитина, уэ шаhидина, уэ гъаIибина, уэ щэгъийрина, уэ кэбийрина, уэ зэкирина, уэ Iунŝана. Iэллаhуммэ мэн Iэхь-ейтэhу минна фэ Iэхьиhи гьэлэл-Iислами, уэ мэн тэуэффэйтэhу минна фэтэуэффэhу гьэлэл-Iиймани. Iэллаhуммэ ла тэхьримна Iэджрэhу, уэ ла тудиллэна бэгьдэhу﴿**.[199]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, къахуэгъэгъу ди псэухэми ди лIахэми, (мыбдеж) къекIуэлIахэми, къемыкIуэлIахэми, нэхъыщIэхэми, нэхъыжьхэми; цIыхухъухэми, цIыхубзхэми. Я, Аллаh, дэ тщыщу гъащIэ зэптхэр гъэпсэу Ислъамым тету, дэ тщыщу зэпшэлIэжхэр зэшэлIэж Iиман ябгъэдэлъу. Я, Аллаh, дэри дыхыумын псапэ къыпэк1уэм, абы иужь гъуэгу захуэми дытумыш".

* *НэгъуэщI дугьэхэри щыIэщ.*

[199] 1эбу Дауд, Тирмизий.

✵ ✵ ✵

# САБИЙМ И ЖЭНАЗЫ НЭМЭЗЫМ ХАГЪЭУВЭ ДУГЪЭР

**﴾1﴿**

﴿ اَللَّهُمَّ أَعِذْهُ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iэгьизhу мин гьэзабил-къэбр ﴾**.[200]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, кхъэ гьэзабым щыхъумэ мыр ".

## Абы ипIэкIэ мыр жиIэми хъунущ:

**﴾2﴿**

﴿ اللَّهُمَّ اجْعَلْهُ فَرَطًا لِوَالِدَيْهِ ، وَذُخْرًا وَسَلَفًا وَأَجْرًا ، اللَّهُمَّ ثَقِّلْ بِهِ مَوَازِينَهُمَا ، وَأَعْظِمْ بِهِ أُجُورَهُمَا ، اللَّهُمَّ اجْعَلْهُ فِي كَفَالَةِ إِبْرَاهِيمَ وَأَلْحِقْهُ بِصَالِحِ سَلَفِ الْمُؤْمِنِينَ ، وَأَجِرْهُ بِرَحْمَتِكَ مِنْ عَذَابِ الْجَحِيمِ ، وَأَبْدِلْهُ دَارًا خَيْرًا مِنْ دَارِهِ ، وَأَهْلاً خَيْرًا مِنْ أَهْلِهِ ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لأَسْلاَفِنَا وَأَفْرَاطِنَا وَمَنْ سَبَقَنَا بِالْإِيمَانِ﴾ .

И къеджэкIэр:

**﴿ Iэллаhуммэджгьэлhу фэрэтIэн уэ зухърэн лиуалидэйhи, уэ шэфигьэн муджабэн. Iэллаhуммэ ŝэкъкъил биhи мэуазинэhума, уэ Iэгьжьим биhи Iуджуурэhума, уэ Iэлхьикъhу би щалихьил-муIминин, уэджгьэлhу фи кэфалэти Iибраhиим, уэ къиhи бирэхьмэтикэ гьэзабэл-джэхьиим, уэ**

---

[200] Ибн Iэби Шейбэ, Iэл-Бейхэкъий.

**Іэбдилһу дарэн хъэйрэн мин дариһи, уэ Іэһлэн хъэйрэн мин Іэһлиһи, Іэллаһуммэгъфир лиІэслафина, уэ ІэфратІина, уэ мэн сэбэкъэна бил-Іииман ﴾.**[201]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" Я, Аллаһ, и адэ–анэм япэ иту Жэнэтым нэгъэс мыр, тыгъэуи къапэгъаплъэ, пэрыт щІы, псапи яхуэщІ. Я, Аллаһ, абыкІэ а тІум я тэрэзэр хьэлъэ яхуэщІ, я псапэри яхуэгъэбатэ, муслъымэн цІыхуфхэми ар яхэгъэхьэ; Ибраһим и къан щІы, уи гущІэгъумкІэ Жэхьэнэмэ гьэзабым щыхъумэ; къет абы унэ – и унэм нэхърэ нэхъыфІу, унагъуэ – и унагъуэм нэхърэ нэхъыфІу. Я, Аллаһ, къахуэгъэгъу ди япэ ища нэхъыжьхэми, нэхъыщІэхэми, Іиман зиІэу ди япэ итахэми".

**﴾3﴿**

﴿اَللَّهُمَّ اجْعَلْــــهُ لَنَا فَرَطـــاً، وَسَلَــفاً وَأَجْــراً﴾.

<u>И къеджэкІэр</u>:

**﴿Іэллаһуммэджгъэлһу лэна фэрэтІэн, уэ сэлэфэн, уэ Іэджрэн﴾.**[202]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" Я, Аллаһ, мыр ди япэ иту Жэнэтым къыщытпэгъаплъэ, пэрыт щІы, псапи тхуэщІ".

❁ ❁ ❁

[201] Ибн Къудамэ "Іэл-Мугънии".
[202] Іэл-Бэгъэуий, Гъэбдур-Рэззакъэ.

# ЛIАР ЗЕЙМ ЗЭРЫХУЭГУЗАВЭ ПСАЛЪЭХЭР

﴿ إِنَّ لِلهِ مَا أَخَذَ، وَلَهُ مَا أَعْــطَــى، وَكُــلُّ شَيْءٍ عِنْــدَهُ بِأَجَلٍ مُسَــمًّى.فَلْتَصْــبِرِ وَلْتَحْــتَسِبِ﴾

И къеджэкIэр:

﴿**Iиннэ лил-Лаhи ма Iэхъэзэ, уэ лэhу ма IэгьтIа, уэ куллу шэйIин гьиндэhу биIэджэлин мусэмма…** фэл-тэщбир уэл-тэхьтэсиб﴾.[203]

И мыхьэнэр:

"Пэжыращи, зришэлIэжами езы Алыхьрат зейр, къуитами Арат зейр. Псори пIалъэ хэхам щитщ Абы и деж. Аращи, зыхэгъэлъ шы1эныгъэ, Алыхьым псапэ къуитыжынуми щыгугъ".

## Абы ипIэкIэ мыр жиIэми хъунущ:

﴿أَعْظَــمَ اللهُ أَجْــرَكَ، وَأَحْسَــنَ عَــزاءَكَ، وَغَفَــرَ لِمَيِّتِكَ﴾.

И къеджэкIэр:

﴿**Iэгьжьэмэл-Лаhу Iэджрэкэ, уэ Iэхьсэнэ гьэзаIэкэ, уэ гъэфэрэ лимэйитикэ**﴾.[204]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым уи псапэр ину къуитыж, тегъэупIэ дахи къуит, уи лIами и гуэныхьыр къыхуигъэгъу".

❁ ❁ ❁

[203] Бухъарий, Муслим.
[204] Нэуэуий и тхылъ "Iэл-Iэзкар"ым итщ.

## ЛIАР МАЩЭМ ЩРАХЬЭХКIЭ ЖАIЭР

﴿بِسْــمِ اللهِ وَعَلَــى سُــنَّةِ رَسُــولِ اللهِ﴾ .

И къеджэкIэр:

**﴿Бисмил-Лаhи уэ гьэла суннэти рэсулил-Лаh﴾**.[205]

И мыхьэнэр:

"Алыхьми и цIэкIэ, Алыхьым и лIыкIуэм и Суннэми тету".

❁ ❁ ❁

## ЛIАР ЩIАЛЪХЬЭРЭ, МАЩЭР ЯГЪЭБЫДЭЖА НЭУЖЬ, ЖАIЭР

﴿ اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لَهُ، اَللَّهُمَّ ثَبِّتْهُ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэгъфир лэhу, Iэллаhуммэ ŝэббитhу﴾**.[206]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, къыхуэгъэгъу, Я, Аллаh, зэтеIыгъэ".

❁ ❁ ❁

---

205 Iэхьмэд, Iэбу Дауд.

206 ЛIам ятIэ тыракIута иужькIэ, бегъымбар лъапIэр абы щхьэщыувэти, мыпхуэдэу жи1эрт: **"Фи къуэшым гъэгъуныгъэкIэ фыхуэлъаIуэ, зэтриIыгъэнуи фыхуэлъаIуэ, абы иджыпсту къеупщIынущ".** (Iэбу Дауд, Iэл-Хьаким).

# КХЪЭМ ЩЫДЫХЬЭКIЭ, ЖАIЭР

﴿ اَلسَّلاَمُ عَلَـيْكُمْ أَهْلَ الدِّيارِ مِنَ المؤْمِنِيــنَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَإِنَّا إِنْ شاءَ اللهُ بِكُــمْ لاَحِقُــونَ، [ وَيَرْحَمُ اللهُ الْمُسْتَقْدِمِينَ مِنَّا وَالْمُسْتَأْخِرِينَ ] نَسْــأَلُ اللهَ لَنَــا وَلَكُــمُ الْعَــافِيَةَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэс-сэламу гьэлэйкум Iэһлэд-дияри минэл-муIминиинэ уэл-муслимиинэ, уэ Iинна Iин шаIэл-Лаhу бикум лахьикъуун. (уэ ерхьэмул-Лаhул-мустэкъэдимиинэ минна уэл-мустэIхъириинэ), IэсIэлул-Лаhэ лэна уэ лэкумул-гьафиеh﴾.**[207]

И мыхьэнэр:

" Сэлам фызох мыбы дэлъхэу муIминхэми муслимхэми. Дэри, Алыхьым иухмэ дыныфхыхьэжынущ. (Алыхьым гущIэгъу къахуищI япэ ищахэми, иужь къинахэми). СолъэIу Алыхьым, сэр щхьэкIи, фэр щхьэкIи, и гущIэгъур тщхьэщимыхыну".

❁ ❁ ❁

# БОРЭНЫМ (ЖЬАПЩЭМ) ДЕЖ ЖАIЭР

**(1)**

﴿اللَّهُمَّ إِنِّــي أَسْــأَلُــكَ خَيْــرَها، وَأَعُــوذُ بِكَ مِنْ شَــرِّهَا﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ хъэйрэhа, уэ Iэгьуузу бикэ мин шэрриhа﴾.**[208]

---

[207] Муслим, Ибн Маджэ.
[208] Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, сэ Уэ сынолъэIур абы (жьым) и хъерыр къызэптыну, икIи сыныпкъуоувэ абы и зэраным сыщыпхъумэну".

**《2》**

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَها، وَخَيْرَ مَا فِيهَا، وَخَيْرَ ما أُرْسِلَتْ بِهِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّها، وَشَرِّ مَا فِيهَا، وَشَرِّ ما أُرْسِلَتْ بِهِ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iиннии IэсIэлукэ хъэйрэhа уэ хъэйрэ ма фииhа, уэ хъэйрэ ма Iурсилэт биhи, уэ Iэгьуузу бикэ мин шэрриhа, уэ шэрри ма фииhа, уэ шэри ма Iурсилэт биh﴾**.[209]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh,, сэ Уэ сынолъэIур абы и хъерымкIэ, хъеруи къыздихьымкIэ, ар къыщIаутIыпщам хъеру хэлъымкIи. ИкIи Уэ сыножал1э абы и Iейми, къыздихь Iейми, ар къыщIаутIыпщам Iейуэ хэлъми сащыпхъумэну".

❁ ❁ ❁

## УАФЭР ЩЫГЪУАГЪУЭМ ДЕЖ, ЖАIЭР

﴿سُبْحَانَ الَّذِي يُسبِّحُ الرَّعْدُ بِحَمْدِهِ، وَالْمَلائِكَةُ مِنْ خِيفَتِهِ﴾.

И къеджэкIэр:

[209] Бухъарий, Муслим.

**《Субхьанэллэзий юсэббихьур-рэгьду бихьэмдиhи, уэл-мэлаIикэту мин хъифэтиh》.**[210]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" ХэIэтыкIащ – зи фIыщIэкIэ уафэгъуагъуэм *тэсбихь*[211] ЗыхуащIыр, мелыIычхэри зыфIэлIыкIыу *тэсбихь* ЗыхуащIыр".

✵ ✵ ✵

# УЭШХ КЪЕШХЫН ПАПЩIЭ УЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУХЬЭХЭМ ЯЩЫЩ

**(1)**

﴿اَللَّهُمَّ اسْقِنَا غَيْثاً مُغِيثاً مَرِيئاً مَرِيعاً، نَافِعاً غَيْرَ ضَارٍّ، عَاجِلاً غَيْرَ آجِلٍ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**《Iэллаhуммэ-скъина гъэйс̂эн мугъис̂эн, мэрииIэн мэриигьэн, нафигьэн гъэйрэ даррин, гьаджилэн гъэйрэ Iаджил》.**[212]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" Я, Аллаh,, къытхуегъэшх уэшх: щIэгъэкъуэн тхуэхъуу, тхуэгуапэу, пэрыхьэту, сэбэпу, мызэрану; ари щIэхыу, мыгувэу".

**(2)**

﴿اَللَّهُمَّ أَغِثْنَا، اَللَّهُمَّ أَغِثْنَا، اَللَّهُمَّ أَغِثْنَا﴾

---

[210] Iэл-МууэтIэI. **Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Гьэбдуллах ибн Iэз-Зубейр уафэгъуагъуэр зэхихмэ, псалъэныр къигъанэрти мыр жиIэт: "Субухьанэллэзий…".**

[211] Тэсбихь: Алыхьыр хэпIэтыкIыу "субхьанэл-Лах" жыпIэнращ.

[212] Iэбу Дауд.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iэгъиŝна, Iэллаhуммэ Iэгъиŝна, Iэллаhуммэ Iэгъиŝна﴾**.[213]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, уэшх къытхуегъэшх. Я, Аллаh, уэшх къытхуегъэшх. Я, Аллаh, уэшх къытхуегъэшх".

**﴾3﴿**

﴿اَللَّهُمَّ اسْقِ عِبادَكَ وَبَهَـائِمَكَ، وَانْشُـرْ رَحْمَـتَكَ وَأَحْيِ بَلَـدَكَ الْمَيِّـتَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэскъи гьибадэкэ, уэ бэhаIимэкэ, уэншур рэхьэмтэкэ, уэ Iэхь-и бэлэдэкэл-мэйит﴾**.[214]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, Уи пщылIхэмрэ уи Iэщхэмрэ я псыхуэлIэр игъэкI. Зегъэубгъу Уи гущIэгъум. Псэншэ хъуа щIыналъэми псэ къыхэлъхьэж".

❁ ❁ ❁

# УЭШХ КЪЫЩЕШХКIЭ, ЖАIЭР

﴿ اَللَّهُمَّ صَيِّـباً نَافِـعاً ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ щэйибэн нафигьэн ﴾**. [215]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh,! Пэрыхьэту, фIыгъуи хэлъу къегъэшх".

---

213 Бухъарий, Муслим.
214 Iэбу Дауд.
215 Бухъарий.

❁ ❁ ❁

# УЭШХ КЪЕШХА ИУЖЬКIЭ, ЖАIЭР

﴿ مُطِــرْنَا بِفَضْــلِ اللهِ وَرَحْمَــتِهِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿МутIирна бифэдлил-Лаhи уэрэхьмэтиh﴾**.[216]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и фIыгъуэмк1эрэ, и гущIэгъумк1эрэ къытхуешхащ дэ уэшх".

❁ ❁ ❁

# УЭШХЫР ТЕУН ПАПЩIЭ, ЖАIЭР

﴿اللَّهُمَّ حَوالَيْنَا وَلاَ عَلَيْــنَا، اَللَّهُمَّ عَلَى ٱلآكَــامِ وَالظِّــرَابِ، وَبُطُــونِ ٱلأوْدِيَةِ، وَمَنَــابِتِ الشَّجَــرِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ хьэуалэйна уэ ла гьэлэйна, Iэллаhуммэ гьэлэл-Iаками, уэжь-жьираби, уэ бутIуунил-Iэудиети, уэмэнабитиш-шэджэр﴾**.[217]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, тщхьэщыгъэкIи ихъуреягъкIэ гъакIуэ; Я, Аллаh, гъакIуэ джабэхэм, бгы нэпкъхэм, псы бэкъухэм, жыг къыщыкIхэм".

❁ ❁ ❁

---

[216] Бухъарий, Муслим.

[217] Бухъарий, Муслим.

## МАЗЭЩIЭР ЯЛЪАГЪУМЭ, ЖАIЭР

﴿ اَللهُ أَكْــبَرُ، اَللَّهُمَّ أَهِلَّــهُ عَلَيْــنَا بِالْأَمْـــنِ وَالْإِيمَـــانِ، وَالسَّلاَمَـــةِ وَالْإِسْلاَمِ، وَالتَّـــوْفِيـــقِ لِمَا تُحِـــبُّ رَبَّنَا وَتَـــرْضَـــى، رَبُّنَـــا وَرَبُّكَ اللهُ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhу Iэкбэр, Iэллаhуммэ Iэhиллэhу гьэлэйна бил-Iэмни уэл-Iийман, уэс-сэламэти уэл-Iислам, уэт-тэуфиййкъи лима тухьиббу рэббэна уэ тэрда, рэббуна уэ рэббукэл-Лаh﴾**.[218]

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр Инщ! Я, Аллаh, мы (мазэщIэр) шынагъуэншагъэрэ Iиманрэ щIыгъуу, бэIутIэIуншагъэрэ ислъамрэ и гъусэу, Уэ фIыуэ плъагъумрэ, арэзы узытехъуэмрэ къыдэхъулIэнури хэту, къэунэхуауэ къытхущIэгъэкI, ди Тхьэ! Ди Тхьэри, уи Тхьэри (уэ мазэщIэ!) езы Алыхьращ ".

❁ ❁ ❁

## НЭЩI ЗЫIЫГЪАР ЩЫХЭЩХЬЭЖКIЭ, ЖИIЭНУР

"ذَهَبَ الظَّمَأُ، وَابْتَلَّتِ الْعُرُوقُ، وَثَبَتَ الْأَجْرُ إِنْ شَاءَ اللهُ"

И къеджэкIэр:

**"Зэhэбэжь-жьэмэI, уэбтэллэтил-гIурукъ, уэ ŝэбэтэл-Iэджру Iин ша Iэл-Лаh".**[219]

218 Тирмизий, Iэд-Даримий.
219 Iэбу Дауди, нэгъуэщIхэми.

И мыхьэнэр:

"ПсыхуэлIэри икIащ, лъынтхуэхэри къэпсэужащ, псапи къэтхьащ, Алыхьым жиIэмэ".

﴿اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ بِرَحْمَتِكَ الَّتِي وَسِعَتْ كُلَّ شَيْءٍ، أَنْ تَغْفِرَ لِي﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ Iиннии IэсIэлукэ бирэхьмэтикэллэтий уэсигьэт куллэ шэйIин: Iэн тэгъфирэ лии﴾**.[220]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, уи гущIэгъуу сыт ищIысри къызэщIэзыубыдэмкIэ сынолъэIу – къысхуэбгъэгъуну (си гуэныхьыр)".

❁ ❁ ❁

# ШХЭН ЯМЫУБЛЭ ИПЭКIЭ, ЖАIЭР

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ: "**Фыщышхэнум деж жыфIэ:**

﴿ بِسْمِ اللهِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Бисмил-Лаh﴾**.

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и цIэкIэ".

**ЩиублэкIэ ар жиIэну зыщыгъупщам, жырыреIэ:**

---

[220] Ибн Маджэ.

﴿ بِسْمِ اللهِ فِي أَوَّلِهِ وَآخِــرِهِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Бисмиллаhи фий Iэуувэлиhи уэ Iахъириhи﴾**.[221]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и цIэкIэ и пэщIэдзэми и кIэухми".

Мыпхуэдэуи жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"Алыхьым ерыскъы зритам мыпхуэдэу жырыреIэ:**

﴿ اَللَّهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِيهِ وَأَطْــعِمْنَا خَــيْراً مِنْــهُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ барик лэна фииhи, уэ IэтIгьимна хъэйрэн минhу﴾**.

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, берычэтыр мыбы къытхухэлъхьи, нэхъыфIыжи шхыну къыдэт".

**Шэ Алыхьым зриту абы ефам жырыреIэ:**

﴿ اَللَّهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِيهِ وَزِدْنَا مِنْــهُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ барик лэна фииhи, уэ зидна минhу﴾**.[222]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, берычэтыр мыбы къытхухэлъхьи, нэхъыбэжуи къыдэт".

---

221 Iэбу Дауд, Тирмизий.
222 Тирмизий.

✵ ✵ ✵

# ШХА НЭУЖЬ ЖАІЭР

﴿الْحَمْــدُ لِلَّهِ الَّذِي أَطْعَمَنِــي هَــذَا وَرَزَقَنِــيهِ، مِنْ غَــيْرِ حَوْلٍ مِنِّي وَلا قُوَّةٍ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Іэльхьэмду лил-Лаhил-лэзий ІэтIгьэмэний hаза уэ рээкъэниййhи, мин гъэйри хьэулин минний уэ ла къуузh﴾**.[223]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Щытхъур хуэфащэщ Алыхьу мыр сэзыгъэшхам, мыр къызэзытам; лъэкIыныгъэрэ къарурэ збгъэдэмылъ пэтрэ".

* * *

﴿ الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّــــبًا مُبَارَكًا فِيهِ غَيْرَ مَكْفِيٍّ وَلاَ مُوَدَّعٍ وَلاَ مُسْتَغْنًى عَنْهُ رَبُّنَا ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**"Іэл-хьэмду лил-Лаhи хьэмдэн кэŝиирэн тIэйибэн мубарэкэн фииhи, гъэйрэ мэкфийн, уэ ла муУэдэгьин, уэ ла мустэгънэн гьэнhу рэббуна"**.[224]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Щытхъур ейщ Алыхьым; ари куэду, къабзэу (Езым и закъуэ хуэгъэзауэ), берычэткIи гъэнщIауэ. (Алыхьым) зыщыдгъэнщIкъым, (ди лъэIури) бгъэдэтхкъым; дыхуэмыныкъуэнкIи Іэмал иIэххэкъым ди Тхьэм".

223 Іэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ.
224 Бухъарий.

❋ ❋ ❋

## ХЬЭЩІЭР БЫСЫМЫМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

﴿اللَّهُمَّ بَارِكْ لَهُمْ فِيمَا رَزَقْــتَهُمْ، وَاغْفِــرْ لَهُـــمْ وَارْحَمْهُمْ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Іэллаhуммэ барик лэhум фи ма рэзэкътэhум, уэгъфир лэhум уэрхьэмhум﴾**.[225]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, берычэтыр къыхэлъхьэ мыбыхэм къептам, къахуэгъэгъу (я гуэныхьыр), гущIэгъуи къахуэщI".

❋ ❋ ❋

## ПСЫ УЕЗЫГЪЭФАМ Е УЕЗЫГЪЭФЭНУМ ЖЕПІЭНУР

﴿اللَّهُمَّ أَطْعِمْ مَنْ أَطْعَمَنِي، وَاسْقِ مَنْ سَقَانِي﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Іэллаhуммэ ІэтІгьим мэн ІэтІгьэмэний, уэскъи мэн сэкъаний﴾**.[226]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, шхын къет сызыгъэшхам, (псы) къегъафэ сезыгъэфам".

❋ ❋ ❋

[225] Муслим.
[226] Муслим.

# УХЭЗЫГЪЭЩХЬЭЖА УНАГЪУЭМ ИСХЭМ УАЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР

﴿أَفْطَـــرَ عِنْدَكُمُ الصَّـــائِمُونَ، وَأَكَلَ طَعامَــــكُمُ الأَبْــرَارُ، وَصَلَّـــتْ عَلَـــيْكُمُ الْمَلاَئِكَـــةُ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴾IэфтIэрэ гьиндэкумущ-щаIимуун, уэ Iэкэлэ тIэгьамэкумул-Iэбрар, уэ щэллэт гьэлэйкумул-мэлаIикэ﴿**. [227]

И мыхьэнэр:

"Щыхрещхьэж фи деж нэщIахэр, зырагъэнщI фи ерыскъыкIэ цIыхуфIхэм, мелыIычхэри къыфхурехъуахъуэ".

✵ ✵ ✵

# ПСАПЭ НЭЩI ЗЫIЫГЪЫР ШХЫН ИРИХЬЭЛIЭМЭ, ИЩIЭНУР

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"ХьэщIапIэ ирагъэблэгъа къыфхэтмэ, фымыкIуэу къэвмыгъанэ. Ирагъэблэгъам нэщI иIыгъмэ бысымым хуэлъэIуэнщ** (абы папщIэ духьэ ищIынщ), **нэщI имыIыгъмэ, ерыскъым щыщ зыIуигъэхуэнщ".** [228]

✵ ✵ ✵

---

[227] Iэбу Дауд, Ибн Маджэ, НэсаIий "Гъэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым.
[228] Муслим.

# НЭЩI ЗЫIЫГЪЫМ ЗЫГУЭР КЪЫЩЫХЬЭМЭ, ЖИIЭНУР

﴿ إِنِّي صَائِمٌ، إِنِّي صَائِمٌ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iинний щаIим, Iинний щаIим﴾**.[229]

И мыхьэнэр:

"Сэ сынэщIщ, сэ сынэщIщ".

✵ ✵ ✵

# ЯПЭ ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭР КЪЫПИДЗАУЭ ЩАЛЪАГЪУКIЭ, ЖАIЭР

﴿اللَّهُمَّ بَارِكْ لَنا في ثَمَــرِنا، وَبارِكْ لَنَا في مَدينَتِنَـــا، وَبارِكْ لَنا في صَاعِنَـــا، وَبَارِكْ لَنَا فِي مُدِّنَا﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ барик лэна фи ŝэмэрина, уэ барик лэна фии мэдинэтина, уэ барик лэна фий щагьина, уэ барик лэна фий муддина﴾**. [230]

И мыхьэнэр:

" Я, Аллаh, берычэтыр къытхухэлъхьэ ди пхъэщхьэмыщхьэм, берычэтыр къыдэлъхьэ ди къалэм, ди *щагьми*[231] берычэтыр тхухэлъхьэ, ди *муддми*[232] берычэтыр тхухэлъхьэ".

---

[229] Бухъарий, Муслим.

[230] Муслим.

[231] Щагь: муслъымэн пщалъэщ, литр 2,75 е г.2I75 мэхъу. НэгъуэщI щIэныгъэлI гупым г.3800 хъууэ жаIащ.

✵ ✵ ✵

# КЪЕПСАМ ЖИІЭНУР

Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ:

**"Къепсам жыреІэ:**

﴿الْحَمْـــدُ للهِ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Іэльхьэмду лил-Лаһ﴾**

И мыхьэнэр:

﴿Щытхъур Алыхьым ейщ ﴾.

**Ар зэхэзыхам абы къыжырыреІэ:**

﴿ يَرْحَمُـــكَ اللهُ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Ерхьэмукэл-Лаһ﴾**

﴿Алыхьым и гущІэгъур къыплъыс!﴾.

**Абы и жэуапу къепсами мыр жреІэ:**

﴿ يَهْـــدِيكُـــمُ اللهُ وَيُصْـــلِحُ بالَـــكُمْ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Еһдикумул-Лаһу уэ ющлихьу балэкум﴾**.[233]

И мыхьэнэр:

---

232 Мудд: г.675. е литр 0,688.

233 Бухъарий.

﴾Алыхьым гъуэгу захуэр фигъэлъагъу, фи Iуэхухэри дахэ фхуищI﴿.

❁ ❁ ❁

## ДЖАУРЫР КЪЕПСРЭ, "IЭЛ-ХЬЭМДУ ЛИЛ-ЛАh" ЖИIЭМЭ, ЖЫРАIЭЖЫР

﴾ يَهْــدِيكُــمُ اللهُ وَيُصْــلِحُ بالَــكُمْ ﴿

И къеджэкIэр:

**﴾Еhдикумул-Лаhу уэ ющлихьу балэкум﴿**.[234]

И мыхьэнэр:

﴾Алыхьым гъуэгу захуэр фигъэлъагъу, фи Iуэхухэри дахэ фхуищI﴿.

❁ ❁ ❁

## КЪЭЗЫШАМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

﴾ بارَكَ اللّهُ لَكَ، وَبارَكَ عَلَــيْكَ، وَجَمَعَ بَيْــنَكُما فِي خَــيْرٍ ﴿

И къеджэкIэр:

**﴾Барэкэл-Лаhу лэкэ, уэ барэкэ гьэлэйкэ, уэ джэмэгьэ бэйнэкума фи хъэйр﴿**.[235]

И мыхьэнэр:

---

[234] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Тирмизий.
[235] Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ.

"Берычэтыр Алыхьым къыпхилъхьи, берычэтыр къыпщхьэщилъхьи, хъерк1э фызэщIыгъуу фызэдигъэпсэу".

❁ ❁ ❁

## КЪЭЗЫШАР ЗЭРЫЛЪАIУЭМРЭ, ЛЭЖЬАКIУЭ КЪЫЩАЩТЭКIЭ, ЖАIЭМРЭ

﴿اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَها، وَخَيْرَ مَا جَبَلْتَها عَلَيْه، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّها، وَشَرِّ ما جَبَلْتَهَا عَلَيْهِ﴾.

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэ Iинний IэсIэлукэ хъэйрэhа, уэ хъэйрэ ма джэбэлтэhа гъэлэйhи, уэ Iэгъуузу бикэ мин шэрриhа, уэ шэрри ма джэбэлтэhа гъэлэйhи﴾**.[236]

<u>И мыхьэнэр</u>:

" Я, Аллаh, сынолъэIу мыбы и хъерымкIи, хъер хэпщIыхьамкIи. Уэ сыныпкъуоувэ абы и Iейми, хэпщIыхьам Iейуэ хэлъми сащыпхъумэну".

❁ ❁ ❁

## ЛIЫГЪУЭФЫЗЫГЪУЭМ ИПЭ КЪИХУЭУ, ЖАIЭР

﴿بِسْمِ اللهِ اَللَّهُمَّ جَنِّبْنَا الشَّيْطَانَ، وَجَنِّبِ الشَّيْطَانَ مَا رَزَقْتَنَا﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

236 Iэбу Дауд, Ибн Маджэ.

﴿**Бисмил-Лаһ, Іэллаһуммэ джэнибнэш-шэйтІан, уэ джэннибиш-шэйтІанэ ма рэзэкътэна**﴾.[237]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым ицІэкІэ. Я, Аллаһ, дыхуэщІ шейтІаным пэІэщІэ, къыдэптынуми яхуэщІ пэІэщІэ шейтІаныр".

❁ ❁ ❁

## КЪЭГУБЖЬАМ, ЖИІЭНУР

﴿ أَعُـــوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْـــطَانِ الرَّجِيـــمِ ﴾

И къеджэкІэр:

﴿**Іэгъуузу бил-Лаһи минэш-шэйтІанир-рэджиим** ﴾.[238]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым сыкъуоувэ, шейтІан нэлатым сыщихъумэну".

❁ ❁ ❁

## ЗЫГУЭРЫМ ІЕЙ КЪЫЩЫЩІАУЭ ЗЫЛЪЭГЪУАМ ЖИІЭНУР

﴿الْحَمْـــدُ للهِ الَّذِي عَافَانِي مِمَّا ابْتَـــلاَكَ بِهِ، وَفَضَّلَـــنِي عَلَى كَثِيـــرٍ مِمَّنْ خَلَـــقَ تَفْضِـــيلاً﴾

И къеджэкІэр:

---

[237] Бухъарий, Муслим.
[238] Бухъарий, Муслим.

**﴿ Iэльхьэмду лил-Лахил-лэзий гьафаний миммэбтэлакэ биһи, уэ фэддэлэний гьэла кэŝийрин миммэн хъэлэкъэ тэфдийлэн﴾.**[239]

И мыхьэнэр:

"ФIыщIэр ейщ уэ къыпщыщIам сыщызыхъумэу, къигъэщIахэм ящыщ куэдым сефIэкI сызыщIа Алыхьым". **[240]**

❁ ❁ ❁

# ЗЭХЭСЫПIЭМ ЩЫЖАIЭР

Ибн Гъумэру, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, жеIэж: "**Зэ тIысыгъуэм и кIуэцIкIэ Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм,** Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, **щэрэ** (100) **мы псалъэхэр зэрыжиIэр ябжу щытащ:**

﴿رَبِّ اغْفِــرْ لِي، وَتُبْ عَلَــيَّ، إِنَّكَ أَنْـــتَ التَّـــوَّابُ الغَــفُورُ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Рэббигъфир лий, уэ туб гьэлэйе, Iиннэкэ Iэнтэт-Тэууабул-Гъэфуур﴾.**[241]

И мыхьэнэр:

"Си Тхьэ, къысхуэгъэгъу, си тэубэри сIых, пэжыраци, Уэ тэубэ къэзыхьыжыр пфIэфIщ, гъэгъуныгъэ пхэлъщ".

❁ ❁ ❁

[239] Тирмизий.

[240] Гу зылъытапхъэ: мы псалъэхэр цIыхум зэрыжиIэн хуейр щэхуущ.

[241] Тирмизий, нэгъуэщIхэми.

# УЭРШЭРЫНЫМ *КЭФФАРЭТ* [242] ХУЭХЪУЖ ПСАЛЪЭХЭР

﴿سُبْحَـــانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، أَشْهَـــدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَـــيْكَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Субхьанэкэл-Лаhуммэ уэ бихьэмдикэ, Iэшhэду Iэн ла Iилаhэ Iилла Iэнтэ, Iэстэгъфирукэ уэ Iэтубу Iилэйкэ﴾.**[243]

И мыхьэнэр:

"УхэIэтыкIащ Уэ, я, Аллаh, ари Уи фIыщIэщ. Щыхьэт сытохъуэ Уэр фIэкIа нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм; гъэгъуныгъэкIи сынолъэIур, тэуби Уи деж къыщызохьыж".

❁ ❁ ❁

# "УИ ГУЭНЫХЬ АЛЫХЬЫМ ИГЪЭГЪУ", КЪЫБЖЕЗЫIАМ И ЖЭУАПЫР

"**УэрикI**", **-** жепIэжынращ**.**[244]

❁ ❁ ❁

---

[242] Кэффарэт: ящIар къахуэгъун папщIэ ялэжьыж Iуэху.

[243] Iэбу Дауд, Тирмизий, НэсаIий, Ибн Маджэ. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун ГъаIишэ жиIащ: Алыхьым и лIыкIуэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыныр, зы щIыпIэ деж щысами, КъурIэн еджами, нэмэз ищIами мы псалъэхэмкIэ зэхуищIыжт: " **Субхьанэкэл-Лаhуммэ уэ бихьэмдикэ**…". (НэсаIий "Гъэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым).

[244] Iэхьмэд, НэсаIий "Гъэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым.

# IУЭХУТХЬЭБЗЭ КЪЫПХУЭЗЫЩIАМ, ЖЕПIЭНУР

﴿ جَزَاكَ اللهُ خَـــيْراً ﴾

И къеджэкIэр:

﴾**Джэзакэл-Лаhу хъэйрэн**﴿.[245]

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр хъерк1э къыпхуэупсэ".

❁ ❁ ❁

# ДЭДЖДЖАЛЫМ ЩЫХЪУМА УЗЭРЫХЪУНУР

а) Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Iэл-Кэhф сурэм и пэублэм щыщу аятипщI зэзыгъащIэр Дэдждждалым щыхъума хъунущ"**.[246]

б) Нэмэз къэскIэ сэлам умыт ипэкIэ абы и бэлыхьым ущихъумэну улъэIуэныр.[247]

❁ ❁ ❁

---

[245] Тирмизий.

[246] Муслим. НэгъуэщI къэIуэтыжыкIэм къызэрыхэщымкIэ, 1эл-Кэhф сурэм и "иужьрей аятипщIыращ" апхуэдэ фIыгъуэ зыпылъыр. Язынкъуэ щ1эныгъэл1хэм зэрыжа1эмк1э, апхуэдэ щ1ык1эк1э сурэ псор зэбгъэщ1эну укъыхуриджэу аращ, ик1и абы иужьк1эщ Дэдждждалым укъыщелыпэнур.

[247] Абы ехьэлIа духьэр ибгъуэтэнущ 44 напэкIуэцIым.

## "АЛЫХЬЫМ И ЦІЭКІЭ ФІЫУЭ УСЛЪЭГЪУАЩ", КЪЫБЖЕЗЫІАМ, ЖЕПІЭЖЫНУР

**"Зи цІэкІэ фІыуэ сыкъэплъэгъуам, уэри фІыуэ укъилъагъу".**[248]

❁ ❁ ❁

## МЫЛЪКУКІЭ КЪЫБДЭІЭПЫКЪУНУ ЯУЖЬ ИХЬАМ, УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР

﴿ بَارَكَ اللَّهُ لَكَ فِي أَهْلِكَ وَمَالِكَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Барэкэл-Лаhу лэкэ фи Іэhликэ, уэ маликэ﴾.**[249]

И мыхьэнэр:

"Уи унагъуэми, уи мылъкуми берычэт Алыхьым къыхилъхьэ".

❁ ❁ ❁

## ЩІЫХУЭ КЪОЗЫТАМ ЩЕПТЫЖКІЭ, УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР

﴿ بارَكَ اللهُ لَكَ في أَهْلِكَ وَمالِكَ، إِنَّما جَـــزاءُ السَّلَفِ الْحَمْدُ والأَدَاءُ ﴾

И къеджэкIэр:

---

[248] Іэбу Дауд.

[249] Бухъарий.

《**Барэкэл-Лаhуу лэкэ фи Iэhликэ уэ маликэ, Iиннэма джэзаIус-сэлэфи Iэл-хьэмду уэл-IэдаI**》.[250]

<u>И мыхьэнэр</u>:

Уи унагъуэми, уи мылъкуми берычэт Алыхьым къахилъхьэ. Пэжыраши, щIыхуэ къозытам хуэщIапхъэр: фIыщIэ хуэпщIу, къуитар ептыжынырещ".

❁ ❁ ❁

# АЛЫХЬЫМ ГЪУСЭ ХУИЩIЫНКIЭ ТЕШЫНЫХЬЫМ, ЖИIЭНУР

﴿ اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ أَنْ أُشْرِكَ بِكَ وَأَنا أَعْلَمُ، وَأَسْتَغْفِرُكَ لِمَا لاَ أَعْلَمُ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

《**Iэллаhуммэ Iинний Iэгъуузу бикэ Iэн Iушрикэ бикэ уэ Iэнэ Iэгьлэму, уэ Iэстэгъфирукэ лима ла Iэгьлэму**》.[251]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Я, Аллаh, Уэ сыпкъуоувэ сэ сщIэуэ гъусэ пхуэсщIыным сыщыпхъумэну; сымыщIэри къысхуэбгъэгъуну сынолъэIу".

❁ ❁ ❁

[250] НэсаIий "Гъэмэл Iэл-еум уэл-лейлэ" тхылъым, Ибн Маджэ.
[251] Iэхьмэд, нэгъуэщIхэми.

## "АЛЫХЬЫМ БЕРЫЧЭТ КЪЫПХИЛЪХЬЭ", ЖЫЗЫIЭУ КЪОХЪУЭХЪУАМ И ЖЭУАПЫР

**"Уэри Алыхьым берычэт къыпхилъхьэ", -** жепIэжынращ.[252]

❁ ❁ ❁

## ЗЫГУЭР ЗЫЛЪАГЪУУ Е ЗЭХЭЗЫХЫУ – АР НЭЩЭНЭУ КЪЫЗЫЩЫХЪУМ, ЖИIЭНУР [253]

﴿اللَّهُمَّ لاَ طَيْـــرَ إِلاَّ طَيْـــرُكَ، وَلاَ خَـــيْرَ إِلاَّ خَـــيْرُكَ، وَلاَ إِلَهَ غَيْـــرُكَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ ла тIэйрэ Iилла тIэйрукэ, уэ ла хъэйрэ Iилла хъэйрукэ, уэ ла Iилаhэ гъэйрукэ﴾.**[254]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаh, щыIэкъым бзу, Уэ уи бзухэм нэмыщI,[255] щыIэкъым хъер, Уэ уи хъерым нэмыщI, щыIэкъым Тхьэ, Уэр нэмыщI".

❁ ❁ ❁

---

[252] Ибн Iэс-Сунний, Ибн Iэл-Къэйим и "Iэл-Уабил Iэщ-Щэйиб" тхылъым.

[253] Хьэрыпхэр зэманыжьым гъуэгу щытехьэкIэ къуалэбзу лIэужьыгъуэ гуэрхэм я макъ зэхахмэ, гурыщхъуэ ящ1ырт, я гъуэгуанэр къаймыхъулIэнкIэ ик1и абы иришынэхэрт.

[254] Iэхьмэд, Ибн Iэс-Сунний.

[255] Бзур нэхъ къыщIыхигъэщыр, хьэрыпхэм я хабзэу щытащ бзухэм и е нэгъуэщI псэущхьэ хэха гуэрхэм я макъ, я зыщIыкIэхэм теухуауэ "е фIы къыдэкIуэнущ, е Iей къишэнущ", жаIэу. Ар апхуэдэу зэрыщымытым тригъэчыныхьу хьэдисыр къокIуэ. *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

# ЗЫГУЭРЫМ УЩЫШЭСКIЭ Е УЩИТIЫСХЬЭКIЭ, ЖЫПIЭНУР

﴿ بِسْمِ اللهِ وَالْحَمْدُ للهِ ﴾

**﴿سُبْحَانَ الَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْرِنِينَ، وَإِنَّا إِلَى رَبِّنَا لَمُنْقَلِبُونَ﴾**

﴿ اَلْحَمْدُ للهِ، اَلْحَمْدُ للهِ، اَلْحَمْدُ للهِ، اَللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي فَاغْفِرْ لِي، فَإِنَّهُ لاَ يَغْفِرُ الذُّنوبَ إِلاّ أَنْتَ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿ Бисмил-Лаhи уэл-Хьэмду лил-Лаh﴾**
**﴿Субхьанэл-лэзий сэхъхъэрэ лэна hаза, уэ ма кунна лэhуу мукърининйнэ, уэ Iинна Iила рэббина лэмункъэлибуунэ﴾.**
**﴿Iэльхьэмду лил-Лаh, Iэльхьэмду лил-Лаh, Iэльхьэмду лил-Лаh, Iэллаhу Iэкбэр, Iэллаhу Iэкбэр, Iэллаhу Iэкбэр, субхьанэкэл-Лаhуммэ Iинний жьэлэмту нэфсий фэгъфир лий, фэIиннэhуу ла егъфируз-зунуубэ Iилла Iэнтэ﴾.**[256]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьым и цIэкIэ! Щытхъури Алыхьым ейщ!".
"ХэIэтыкIащ мы дэ тхуэмыщIыну щытар IурыщIэ тхуэзыщIар! Хьэкъщ, ди Тхьэм и пащхьэ дызэрихьэжынур".
"Щытхъур Алыхьым ейщ, щытхъур Алыхьым ейщ, щытхъур Алыхьым ейщ; Алыхьыр Инщ, Алыхьыр Инщ, Алыхьыр Инщ. УхэIэтыкIащ Уэ я, Аллаh, сэ си щхьэм лей есхыжащи къысхуэгъэгъу (си гуэныхьыр),

256 Iэбу Дауд, Тирмизий.

пэжыращи, гуэныхьхэр Уэр нэмыщI зыми игъэгъуркъым".

❁ ❁ ❁

## ГЪУЭГУАНЭ ТЕУВЭМ, ЖИIЭНУР

﴿ اَللهُ أكْـــبَرُ، اَللهُ أكْـــبَرُ، اَللهُ أكْـــبَرُ ﴾

﴿سُـبْحَانَ الَّذِي سَخَّـرَ لَنَا هَذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْـرِنِينَ، وَإِنَّا إِلَى رَبِّنَا لَمُنْـقَلِبُونَ﴾

اَللَّهُمَّ إِنَّا نَسْــأَلُكَ فِي سَفَــرِنَا هَذَا الْبِــرَّ وَالتَّــقْوَى، وَمِنَ الْعَمَـــلِ مَا تَــرْضَى، اَللَّهُمَّ هَوِّنْ عَلَــيْنَا سَفَرَنَا هَذَا وَاطْوِ عَنَّا بُعْــدَهُ، اَللَّهُمَّ أَنْــتَ الصَّــاحِبُ فِي السَّــفَرِ، وَالْخَلِــيفَةُ فِي الْأَهْــلِ، اَللَّهُمَّ إِنِّــي أَعــوذُ بِكَ مِنْ وَعْــثَاءِ السَّــفَرِ، وَكَآبَةِ الْمَنْــظَرِ، وَسوءِ الْمُنْــقَلَبِ فِي الْمَــالِ وَالْأَهْــلِ.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhу Iэкбэр, Iэллаhу Iэкбэр, Iэллаhу Iэкбэр﴾.**
**﴿Субхьанэллэзий сэхъхъэрэ лэна hаза, уэ ма кунна лэhуу мукърининйнэ, уэ Iинна Iила рэббина лэмункъэлибуунэ﴾.**
**﴿Iэллаhуммэ Iинна нэсIэлукэ фий сэфэрина hаза Iэл- биррэ уэт-тэкъ-уа, уэ минэл-гьэмэли ма тэрда, Iэллаhуммэ hэууин гьэлэйна сэфэрэна hаза, уэтI-уи гьэнна бугьдэhуу, Iэллаhуммэ Iэнтэщ-щахьибу фис-сэфэри, уэл-хъэлифэту фил-Iэhли, Iэллаhуммэ Iинний Iэгьуузу бикэ мин уэгьŝаIис-сэфэри, уэ кэIабэтил-мэнжьэри, уэ сууIил-мункъэлэби фил-мали уэл-Iэhли﴾.**

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр Инщ, Алыхьыр Инщ, Алыхьыр Инщ".

"ХэIэтыкIащ мы дэ тхуэмыщIыну щытар Iурыщ1э тхуэзыщIар! Хьэкъщ, ди Тхьэм и пащхьэ дызэрихьэжынур".
"Я, Аллаh, Уэ дынолъэIур мы ди гъуэгуанэм даIуэныгъэрэ тхьэшынагъэрэ тхэлъу дытебгъэтыну; IуэхущIафэуи Уэ арэзы узытехъуэр дыбгъэлэжьыну. Я, Аллаh, псынщIэ тхуэщI икIи тхуэгъэкIэщI мы ди гъуэгуанэр. Я, Аллаh, Уэращ гъуэгуанэм щыдигъусэр, ди унагъуэми къахэнэр. Я, Аллаh, Уэ сыныпкъуоувэ гъуэгуанэм и хьэлъэми, теплъэгъуэджэхэми; си мылъкукIэ е си унагъуэкIэ гуауэщхьэуэ къэхъункIэ хъунухэми сащыпхъумэну".

✵ ✵ ✵

## КЪЭБГЪЭЗЭЖАУЭ ГЪУЭГУАНЭ УКЪЫЩЫТЕХЬЭЖКIЭ, А ДУГЪЭ ДЫДЭР ЖЫПIЭНЩИ, МЫРИ И УЖЬЫМ КЪЫПЫБГЪЭУВЭНЩ:

﴿آيِبُونَ تَائِبُونَ عَابِدُونَ لِرَبِّنَا حَامِدُونَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iааибуунэ таIибуунэ гъабидуунэ, лирэббина хьамидунэ﴾**.[257]

И мыхьэнэр:

"Къыдогъэзэж, тоби къыдохьыж, гьибадэти долэжь, ди Тхьэми фIыщIэ худощI".

✵ ✵ ✵

[257] Муслим.

# КЪУАЖЭ Е КЪАЛЭ УЩЫДЫХЬЭКІЭ, ЖЫПІЭНУР

﴿اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ وَمَا أَظْلَلْنَ، وَرَبَّ الْأَرَضِينَ السَّبْعِ وَمَا أَقْلَلْنَ، وَرَبَّ الشَّيَاطِينِ وَمَا أَضْلَلْنَ، وَرَبَّ الرِّيَاحِ وَمَا ذَرَيْنَ، أَسْأَلُكَ خَيْرَ هَذِهِ الْقَرْيَةِ وَخَيْرَ أَهْلِهَا، وَخَيْرَ مَا فِيهَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّهَا وَشَرِّ أَهْلِهَا، وَشَرِّ مَا فِيهَا﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэллаhуммэ рэббэс-сэмэуатис-сэбгьи уэ ма Iэжьлэлнэ, уэ рэббэл-Iэрэдийнэс-сэбгьи уэ ма Iэкълэлнэ, уэ рэббэш-шэятIийни уэ ма Iэдлэлнэ, уэ рэббэр-рияхьи уэ ма зэрэйнэ: IэсIэлукэ хъэйрэ hазиhил-къэр-ети уэ хъэйрэ Iэhлиhа, уэ хъэйрэ ма фийhа; уэ Iэгьуузу бикэ мин шэрриhа уэ шэрри Iэhлиха, уэ шэрри ма фийhа﴾**.[258]

И мыхьэнэр:

"Я, Аллаhу, уафиблыми, абыхэм щIауфэхэми я Тхьэ, щIы къатиблыми, абы тетхэми я Тхьэ; шейтIанхэми, абыхэм ягъэгъуащэхэми я Тхьэ; жьыбгъэми, абы зэбгриххэми я Тхьэ: сынолъэIу мы къуажэм езым хъер хэлъымкIэ, абы дэсхэми хъер яхэлъымкIэ, къуажэми хъер дэлъымкIэ. ИкIи сыножал1э сащыпхъумэну мы къуажэм езым Iей хэлъми, дэсхэм Iей яхэлъми, къуажэми Iей дэлъми".

❁ ❁ ❁

258 Iэл-Хьаким, Ибн Iэс-Сунний.

## БЭЗЭРЫМ ЩЫТЕХЬЭКІЭ, ЖАІЭР

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ حَيٌّ لاَ يَمُوتُ، بِيَدِهِ الْخَيْرُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Іилаhэ Іилл-Лаhу уэхьдэhуу, ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку, уэ лэхуул-хьэмду, юхь-ий уэ юмийту, уэ hууэ хьэйюн ла емууту, биедиhил-хъэйру, уэ hууэ гъэла кулли шэйIин къэдийр﴾**.[259]

И мыхьэнэр:

"ЩыIэкъым тхьэ езы Алыхьым фIэкIа, гъусэ зимыIэм. Аращ зыIэщIэлъыр тепщэныгъэр, щытхъури Абы ейщ. Къегъэщ1 икIи егъалIэ, Езыр Псэущ икIи лIэркъым, фIыгъуэр зыIэщIэлъыр Аращ; Абы и къарур сытми полъэщ".

❁ ❁ ❁

## УЗЭРЫСЫМ Е УЗЫТЕСЫМ ЗЫГУЭР КЪЫЩЫЩІМЭ, ЖЫПІЫНУР

﴿بِسْمِ اللهِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿ Бисмил-Лаh ﴾**.[260]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и цIэкIэ".

[259] Тирмизий, Іэл-Хьаким.

[260] Іэбу Дауд.

❁ ❁ ❁

## ГЪУЭГУАНЭ ТЕХЬЭР УНЭМ КЪИНЭМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУН

﴿ أَسْتَــوْدِعُكُـــمُ اللَّهَ الَّذِي لاَ تَضِـــيعُ وَدَائِعُـــهُ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэстэудигьукумул-Лаhэллэзий ла тэдийгьу уэ даIигьуhуу﴾**.[261]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Фыкъыхузогъэнэ – къыхуагъэнар зымыгъэкIуэд Алыхьым".

❁ ❁ ❁

## УНЭМ КЪИНЭР ГЪУЭГУ ТЕХЬЭМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

**(1)**

﴿ أَسْتَــوْدِعُ اللَّهَ دِيــنَكَ وَأَمانَتَـــكَ، وَخَـــوَاتِيـــمَ عَمَـــلِكَ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэстэудигьул-Лаhэ диинэкэ, уэ Iэманэтэкэ, уэ хъэуатиммэ гьэмэликэ﴾**.[262]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Къыхузогъанэ Алыхьым пхуихъумэну уи динри, уи анэмэтри, уи IуэхущIафIэхэм я кIэух хъунури".

---

261 Iэхьмэд,Ибн Маджэ.

262 Iэхьмэд,Тирмизий.

**﴿2﴾**

﴿زَوَّدَكَ اللَّهُ التَّقْوَى، وَغَفَــرَذَنْــبَكَ، وَيَسَّــرَ لَكَ الْخَــيْرَ حَيْــثُمَا كُنْــتَ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Зэууэдэкэл-Лаhут-тэкъ-уа, уэ гъэфэрэ зэнбэкэ, уэ ессэрэ лэкэл-хъэйрэ хьэйŝу ма кунтэ﴾**.[263]

И мыхьэнэр:

"ТхьэшынагъэкIэ Алыхьым уиузэд; уи гуэныхьри къыпхуигъэгъу, дэнэ ущымыIами фIыр тыншу къыплъигъэс".

❁ ❁ ❁

## ГЪУЭГУ УТЕТУ ЛЪАГАПIЭ УДЭКIМЭ Е УЭХ ГУЭРЫМ УЕХМЭ, ЖЫПIЭНУР

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Джабир жеIэж: "**ЛъагапIэ дыдэкIмэ, *"Iэллаhу Iэкбэр"* жытIэрт, уэх дехмэ, *"субхьанэллаh"* жытIэрт".**[264]

❁ ❁ ❁

## ГЪУЭГУРЫКIУЭМ НЭХУЩ ЗЭМАНЫМ ЖИIЭНУР

263 Тирмизий.

264 Бухъарий.

﴿ سَمِعَ سَامِعٌ بِحَمْدِ اللهِ وَحُسْنِ بَلاَئِهِ عَلَيْنا، رَبَّنَا صَاحِبْنَا وَأَفْضِلْ عَلَيْنَا عَائِذاً بِاللهِ مِنَ النَّارِ﴾

**﴿Сэмигьэ самигьун бихьэмдил-Лаһ уэ хьусни бэлаIиһи гьэлэйна, рэббэна щахьибна, уэ Iэфдил гьэлэйна, гьаIизэн бил-Лаһи минэн-нари﴾**.[265]

И мыхьэнэр:

"Щыхьэт трехъуэ мы псалъэхэр зэхэзыхыр Алыхьым щытхъу къызэрыхуэтхьым, и гъэунэхуныгъэри зэрыдахэм. Ди Тхьэ, думыбгынэу ди гъусэ, уи гущIэгъури къытлъыгъэс. Дыкъуоувэ Алыхьым, дыщихъумэну мафIэм ".

✵ ✵ ✵

## ГЪУЭГУ УТЕТУ УНАГЪУЭ ГУЭРЫМ Е ЩІЫПІЭ ГУЭРЫМ ДЕЖ УЩЕПСЫХМЭ, ЖЫПІЭНУР

﴿ أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللّهِ التَّامَّاتِ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Iэгьуузу бикэлиматил-Лаһит-таммати мин шэрри ма хъэлэкъэ﴾**.[266]

И мыхьэнэр:

"Алыхьым и Псалъэ нэгъэсахэм сакъуоувэ, Iей къыгъэщIахэм сащихъумэну".

✵ ✵ ✵

[265] Муслим.
[266] Муслим.

# КЪЭЗЭУАТЫМ Е ХЬЭЖЫМ КЪИКIЫЖЫМ ЖИIЭНУР

ЛъагапIэ гуэр дэкIуеихукIэ "Iэллаhу Iэкбэр" 3-рэ жиIэнщи, абы и ужькIэ мыхэр жиIэнщ:

ХьэрыпыбзэкIэ:

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللَّهُ وَحْــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَــدِيرٌ، آيِــبُــونَ تَائِبُــونَ عَابِــدُونَ لِرَبِّــنَا حَــامِــدُونَ، صَدَقَ اللهُ وَعْــدَهُ، وَنَصَــرَ عَبْــدَهُ، وَهَزَمَ الْأَحْــزَابَ وَحْــدَهُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку, уэ лэhул-хьэмду, уэ hуузэ гьэла кулли шэйIин къэдийр. Iаайибуунэ, тааIибуунэ, гьаабидуунэ, лирэббина хьамидуунэ. Щэдэкъэл-Лаhуу уэгьдэhуу, уэ нэщэрэ гьэбдэhуу, уэ hэзэмэл-Iэхьзабэ уэхьдэhуу﴾**.[267]

И мыхьэнэр:

"ЩыIэкъым тхьэ езы Алыхьым фIэкIа, гъуси зимыIэщ. Аращ зыIэщIэлъыр тепщэнынгъэр; щытхъури Абы ейщ. Абы и къарур сытми полъэщ.
Къыдогъэзэж, тоби къыдохьыж, гьибадэти долэжь, ди Тхьэми фIыщIэ худощI.
Алыхьым и псалъэр игъэпэжащ, и пщылIыми дэIэпыкъуащ, (диным и бий) гупхэри и закъуэ зэтрикъутащ".

❁ ❁ ❁

[267] Бухъарий, Муслим.

# ЗЫГУЭРЫМ ИГЪЭГУФІЭМЭ Е ИГЪЭНЭЩХЪЕЙМЭ, ЖИІЭНУР

**Бегъымбар лъапІэм,** Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, зыгъэгуфІэн Іуэхугъуэ ирихьэлІэмэ жиІэрт:

﴿اَلْحَمْــدُ للهِ الَّذِي بِنِــعْمَتِهِ تَتِــمُّ الصَّــالِحَاتُ﴾

И къеджэкІэр:

**﴾Іэльхьэмду лил-Лаhил-лэзий бинигьмэтиhи тэтиммущ-щалихьат﴿.**

И мыхьэнэр:

"Щытхъур хуэфащэщ Алыхьу зи фІыгъуэмкІэ ІуэхуфІхэр нэгъэса хъум".

ФІэфІ мыхъун Іуэху илъагъумэ жиІэрт:

﴿اَلْحَمْــدُ للهِ عَلَى كُــلِّ حَالٍ﴾

И къеджэкІэр:

**﴾Іэльхьэмду лил-Лаhи гьэла кулли хьал ﴿.**[268]

И мыхьэнэр:

"Сыт хуэдэу мыхъуами Алыхьым и шыкурщ".

❋ ❋ ❋

# БЕГЪЫМБАР ЛЪАПІЭМ, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, ЩЭЛЭУАТ КЪЫХУЭХЬЫНЫМ ФІЫГЪУЭУ ПЫЛЪЫР

[268] Ибн Іэс-Сунний.

1 - Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Сэ *щэлэуат*[269] зэ къысхуэзыхьым, Алыхьым щэлэуатипщI къыхуихьынущ".**[270]

2 - Мыпхуэдэуи жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

"**Си кхъащхьэр зэблэкIыпIэ фымыщIу щэлэуат къысхуэфхь. Фэ фи щэлэуатыр дэнэ фыщымыIами къыслъоIэсыж сэ".**[271]

3 – Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

"**Нэпсейр – ар си цIэр зэхэзыхыу щэлэуат къысхуэзымыхьарщ".**[272]

4 – Мыпхуэдэуи жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

"**Алыхьым иIэщ мелыIыч – мы щIым къыщакIухьу тету, си Iуммэтым я сэламыр си дежи къагъэсыжу".**[273]

---

[269] Щэлэуат: ар лIыкIуэ лъапIэм папщIэ ухъуэхъуэнращ. ХъуэхъуэкIэр куэд мэхъу. Нэхъ цIэрыIуэу щыIэхэр: "щэллэл-Лаhу гьэлейhи уэ сэллэм", "гьэлейhищ-щэлату уэс-сэлам"-хэращ.

[270] Муслим.

[271] Iэхьмэд, Iэбу Дауд.

[272] Тирмизий, нэгъуэщIхэми.

[273] НэсаIий, Iэл-Хьаким.

5 - Мыри жиIащ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"Хэти ирехъу, сэлам зыгуэрым къызихмэ, Алыхьым си псэр къысхелъхьэжри, сэлам абы изохыж".**[274]

❁ ❁ ❁

## СЭЛАМ ЗЭХЫНЫР КУЭД ЩIЫН

1 - Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Iиман фиIэ мыхъуауэ Жэнэтым фихьэфынукъым, Iимани фиIэнукъым фIыуэ фызэрымылъэгъуауэ. Зы Iуэхугъуэ гуэри фэзгъэщIэнщ сэ фэ, ар вгъэзащIэмэ, фIыуэ фызэрылъагъуну – сэлам зэхыныр куэду вгъэбагъуэ".**[275]

2 – Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Гъэммар жиIащ:
**"Iуэхугъуиш щыIэщи, ахэр зэгъусэу хэт хэлъми, абы Iиманыр зэхуихьэсащ: нэгъуэщIыр уи щхьэм еплъытэныр; псоми сэлам япхыныр; уиIэ мащIэм къыхэпхыурэ сэдэкъэ птыныр".**[276]

3 – Ибн Гъумэру, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным къеIуэтэж: зы лIы гуэр бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, къеупщIащ:

- Ислъамым сыт нэхъыфI дыдэу хэт (лэжьыгъэхэр)? – жиIэри.

---

[274] Iэбу Дауд.
[275] Муслим, нэгъуэщIхэми.
[276] Бухъарий.

- **Уи шхыныр ябгъэшхын** (цIыхухэми, псэущхьэхэми); **пцIыхуми, умыцIыхуми сэлам япхын,** - кърితащ жэуап абы лIыкIуэ лъапIэм.[277]

❁ ❁ ❁

# ДЖАУРЫМ СЭЛАМ КЪУИХМЭ, ЖЭУАП ЗЭРЕПТЫНУР

Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Тхылъ Iыхьлыхэм[278] сэлам къывахмэ, "уэ гьэлейкум"[279] жефIэж".**[280]

❁ ❁ ❁

# АДАКЪЭ IУЭУЭ Е ШЫД КIИЙУЭ ЗЭХЭЗЫХАМ ЖИIЭНУР

Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Адакъэр Iуэуэ зэхэфхмэ, Алыхьым и фIыгъуэхэм щыщ къывитыну фелъэIу; абы мелыIыч илъэгъуауэ аращ.**
**Шыдыр кIийуэ зэхэфхмэ, шейтIаным фыщихъумэну Алыхьым фыкъуэувэ; абы шейтIан илъэгъуауэ аращ".**[281]

---

[277] Бухъарий, Муслим.
[278] Тхылъ Iыхьлы: журт е чыристэн.
[279] Уэ гьэлейкум: фэри.
[280] Бухъарий, Муслим.
[281] Бухъарий, Муслим.

❁ ❁ ❁

# ЖЭЩЫМ ХЬЭ БАНЭ МАКЪ ЗЭХЭЗЫХАМ ЖИIЭНУР

Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Жэщым хьэ банэ макъ е шыдым и кIий макъ зэхэфхмэ, абыхэм фащихъумэну Алыхьым фыкъуэувэ; абыхэм фэ фымылъагъу гуэр ялъагъу".**[282]

❁ ❁ ❁

# ЗЫГУЭРЫМ УЕШХЫДАМЭ, ЖЫПIЭНУР

Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Я, Аллаh, муслъымэнхэм ящыщу хэт сешхыдами, абы и сэбэп Къемэт Махуэм деж къегъэкIыж ".**[283]

❁ ❁ ❁

# ЗЫ МУСЛЪЫМЭНЫР НЭГЪУЭЩI МУСЛЪЫМЭНЫМ ЩЫТХЪУН ХУЕЙ ХЪУМЭ, ЖИIЭНУР

Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

---

282 Iэхьмэд, Iэбу Дауд.

283 Бухъарий, Муслим.

**"Фэ фщыщ гуэрыр и ныбжьэгъум щымытхъункIэ Iэмал имыIэу щытмэ, мыпхуэдэу жырыреIэ:** "Щыт си гугъэщ апхуэдэу, Алыхьми зэхигъэкIынщ абы и Iуэхур, Алыхьым япэ сищу къабзэу къэслъытэну сыхуейкъым зыри. Ауэ си гугъэщ мыпхуэдэу, мопхуэдэу щыту, – **апхуэдэу зэрыщытыр ищIэмэ –**".

❁ ❁ ❁

## ЗЫГУЭР КЪЫПЩЫТХЪУМЭ, ЖЫПIЭНУР

"**Я, Аллаh, абыхэм жаIэм щхьэкIэ губгъэн къысхуумыщI; абыхэм ямыщIэу сэ схэлъри къысхуэгъэгъу; абыхэм я гугъэм нэхърэ нэхъыфIыжи сыщI**".[284]

❁ ❁ ❁

## ХЬЭЖ Е ГЪУМРЭ [285] ЗЫЩ1ЫНУ ХУЕЖЬЭМ ЖИIЭНУ ПСАЛЪЭХЭР

﴿ لَــبَّيْكَ اللَّهُمَّ لَبَّيْكَ، لَــبَّيْكَ لاَ شَرِيكَ لَكَ لَبَّيْكَ، إِنَّ الْحَمْدَ وَالنِّعْمَةَ لَكَ، وَالْمُلْكَ، لا شَرِيكَ لَكَ ﴾

И къеджэкIэр:

[284] Бухъарий "Iэл-Iэдэб Iэл-Муфрэд" тхылъым, Iэл-Бейхэкъий "Шугьэб Iэл-Iиман" тхылъым.

[285] Гъумрэ: Iихьрамым уиту Кэгьбэр тIэуаф пщIын, Щэфарэ Мэруэрэ (бгитI) я зэхуакум къыщыпкIухьын.

**﴿Лэббэйкэл-Лаhуммэ лэббэйк, лэббэйкэ ла шэриикэ лэкэ лэббэйк, Іиннэл-хьэмдэ, уэн-нигьмэтэ лэкэ, уэл-мулк, ла шэриикэ лэк﴾**.[286]

И мыхьэнэр:

"Сыныпподжэж Я, Аллаh, сыныпподжэж. Сыныпподжэж, Уэ гъусэ уиІэкъым, сыныпподжэж. ИпэжыпІэкІэ щытхъури, нихьмэтри Уэращ зейр, мылъкури (Уэращ зейр), уиІэкъым Уэ гъусэ лъэпкъ".

❁ ❁ ❁

## МЫВЭ ФІЫЦІЭМ И ДЕЖ НЭСМЭ, ТЭКБИР ИЩІЫНУЩ

Абы ехьэлІауэ къаІуэтэж: "**Бегъымбар лъапІэм**, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, **Кэгьбэр хъурейуэ къыщикІухькІэ мывэ фІыцІэм и деж нэсмэ, зыгуэркІэ[287] Іэ абы хуишийрэ, *тэкбир* ищІу[288] щытауэ**".[289]

❁ ❁ ❁

## КЭГЬБЭ ЛЪАПІЭМ И ЙЕМЭН КЪУАПЭМРЭ[290] МЫВЭ ФІЫЦІЭМРЭ Я ЗЭХУАКУМ ДЕЖ ЩЫЖАІЭ

---

[286] Бухъарий, Муслим.

[287] ЗыгуэркІэ: зи кІапэр къэгъэша баш.

[288] Тэкбир ищІт: "Іэллаhу Іэкбэр" жиІэрт.

[289] Бухъарий.

[290] Йемэн къуапэ: Кэгьбэ лъапІэм ихъуреягъкІэ укъыщекІуэкІкІэ, мывэ фІыцІэр зыхэлъ къуапэм ипэ къит къуапэращ.

# ДУГЪЭР

﴿ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Рэббэна Iатина фид-дун-я хьэсэнэтэн, уэ фил-Iахъирэти хьэсэнэтэн, уэ къина гьэзабэн-нар﴾.**[291]

И мыхьэнэр:

"Ди Тхьэ, къыдэт дунеягъэкIи – дахэр, АхърэткIи – дахэр, МафIэм и гьэзабми дыщыхъумэ".

❋ ❋ ❋

# *ЩЭФАРЭМЭРУЭРЭ*[292] ЩЫТЕТКIЭ, ЖАIЭ ДУХЬЭ

Бегъымбар лъапIэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыныр, Щэфа Iуащхьэм пэгъунэгъу щыхуэхъум къеджащ мыбы:

﴿ إِنَّ الصَّفَا وَالْمَرْوَةَ مِنْ شَعَائِرِ اللَّهِ ﴾ "أَبْدَأُ بِمَا بَدَأَ اللهُ بِهِ".

И къеджэкIэр:

**﴿Iиннэщ-Щэфа уэл-Мэруэтэ мин шэгьаIирил-Лаh﴾**
"IэбдэIуу бима бэдэIэл-Лаhу биh".

И мыхьэнэр:

---

[291] Iэхьмэд, Iэбу Дауд, Iэл-Бэгъэуий.
[292] Щэфарэ Мэруэрэ: ар Кэгьбэ лъапIэм пэмыжыжьэу щыт 1уащхьит1ым я цIэу аращ. Хьэж е Гъумрэ защIым и тIэуафыр зэфIэкIмэ, абы макIуэри, а 1уащхьит1ым я зэхуакублэней зэпеч.

**《ИпэжыпIэкIэ Щэфамрэ Мэруэмрэ Алыхьым и нагъыщэхэм щыщщ》**. "Сыхуожьэ Алыхьыр зэрыхуежьамкIэ".

Щэфа IуащхьэмкIэ и Iуэхур иублащ; абы дэкIуейри, къаплъэмэ Кэгьбэ лъапIэр илъагъуу щыхъум, абыкIэ (къиблэмкIэ) зигъазэри, Алыхьыр игъэзэкъуащ, игъэинащ, мыр жиIащ:

《 لاَ إِلَهَ إلاَّ اللّهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَـــدِيرٌ، لاَ إِلَهَ إلاَّ اللّهُ وَحْـــدَهُ، أَنْجزَ وَعْـــدَهُ، وَنَصَـــرَ عَبْـــدَهُ، وَهَزَمَ الْأَحْـــزَابَ وَحْـــدَهُ 》

<u>И къеджэкIэр</u>:

**《Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку, уэ лэhул-хьэмду, уэ hуэ гьэла кулли шэйIин къэдийр. Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу. Iэнджэзэ уэгьдэhуу, уэ нэщэрэ гьэбдэhуу, уэ hэзэмэл-Iэхьзабэ уэхьдэhуу》**.

<u>И мыхьэнэр</u>:

"ЩыIэкъым тхьэ езы Алыхьым фIэкIа, гъуси иIэкъым. Аращ зыIэщIэлъыр тепщэныгъэр, щытхъури Абы ейщ. Абы и къарур сытми полъэщ.
ЩыIэкъым тхьэ езы Алыхьым фIэкIа. Алыхьым и псалъэр игъэпэжащ, и пщылIми дэIэпыкъуащ, (диным и бий) гупхэри и закъуэ зэтрикъутащ".

**Щэнейрэ къытригъэзэжурэ ахэр жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, зэ жиIэм, дугъэ ищIурэ".**

Хьэдисым къызэрыхэщымкIэ, "**бегъымбар лъапIэм,** Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, **Мэруэ Iуащхьэм и дежи апхуэдэ дыдэу щищIащ**".[293]

❁ ❁ ❁

## ГЪЭРЭФЭ МАХУЭМ [294] ЯЩI ДУХЬЭР

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Дугъэм я нэхъыфIыр Гъэрэфэ махуэм ящI дугъэращ. Сэри си япэкIэ щыIа бегъымбархэми нэхъыфI дыдэу жытIари мис мыращ:**

Хьэрыпыбзэк Iэ:

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْـــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَـــدِيرٌ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэрийкэ лэhуу, лэhул-мулку, уэ лэhул-хьэмду, уэ hуух гьэла кулли шэйIин къэдийр﴾.**[295]

И мыхьэнэр:

"ЩыIэкъым тхьэ езы Алыхьым фIэкIа, гъуси и1экъым. Аращ зыIэщIэлъыр тепщэныгъэр; щытхъури Абы ейщ. Абы и къарур сытми полъэщ".

❁ ❁ ❁

## "IЭЛ-МЭШГЪЭР IЭЛ-ХЬЭРАМ"-ЫМ[296] ДЕЖ

---

[293] Муслим.

[294] Гъэрэфэ махуэ: хьэж щащI зул-Хьиджджэ мазэм и е 9-нэ махуэрщ.

[295] Тирмизий.

[296] Iэл-Мэшгъэр Iэл-Хьэрам: Муздэлифэ щIыналъэм ит бгы лъахъшэм и цIэ.

# ЩАЛЭЖЬХЭР

" Бегъымбар лъапIэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуныр, **"Iэл-КъэщуаI"-кIэ зэджэ и махъшэм шэсри "Iэл-Мэшгьэр Iэл-Хьэрам"-ым кIуащ. Къиблэмкlэ зигъазэри (дугьэ ищIащ, тэкбир къихьащ, "ла Iилаhэ Iиллэл-Лаху уэхьдэhу ла шэрикэ лэhуу", жиIащ). Мис апхуэдэу абдежым щытащ пщэдджыжьым нэхуфI къищIыхукIэ. Дыгъэр къыкъуэмыкIыпэ ипэкIи къыIукIыжащ".**[297]

✵ ✵ ✵

# МЫВЭ ЩЫБДЗКIЭ МЫВЭ КЪЭСКIЭ ТЭКБИР ЖЫПIЭНЫР

**"Зы мывэ цIыкIу идзыхукIэ "Iэллаху Iэкбэр" жиIэрт** (бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зытеIуа хъуным). **Мывэ дзыпIищым[298] и дежи апхуэдэу щищIырт. ИтIанэ IукIуэтырти, къиблэмкIэ гъэзауэ, и IитIри Iэтауэ, лъаIуэу щытт япэрей дзыпIэмрэ етIуанэрей дзыпIэмрэ деж. Иужьрей дзыпIэм, "Джэмрэтул-Гьэкъэбэ"-кIэ**

---

[297] Муслим.

[298] Мывэ дзыпIищ: "Iэл-Джэмэрат" зыхужаIэращ. Ахэр псори Мина щIыналъэм хеубыдэ. Япэр "Iэл-Хъейф" мэжджытым къыкIэлъыкIуэу щытщ. ЕтIуанэр яку дэтращ. Япэмрэ етIуанэмрэ я зэхуаку метри I56 дэлъщ. Ещанэр Мэккэ нэхъ пэблагъэращ, "Джэмрэтул-Гьэкъэбэ"-кIэ зэджэр. Абырэ ику итымрэ я зэхуаку метр 116 дэлъщ. "Iэл-Мэусуугьэ Iэл-Фикъхийе". *(ЗэзыдзэкIам къыбгъэдэкIыу).*

**зэджэм дежи, мывэхэр идзт, тэкбир жиIэурэ, ауэ абдежым къыщызэтеувыIэртэкъым".**[299]

❁ ❁ ❁

## ЗЫГУЭР ЗЫГЪЭЩIЭГЪУАМ Е ЗЫГУЭР ЗИГУ ИРИХЬАМ, ЖИIЭНУР

﴿سُبْحَانَ اللهِ﴾

И къеджэкIэр:

**﴾Субхьанэл-Лаh﴿**.[300]

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр хэIэтыкIащ".

﴿اللهُ أَكْبَرُ﴾

И къеджэкIэр:

**﴾Аллаhу Iэкбэр﴿.**[301]

И мыхьэнэр:

"Алыхьыр нэхъ Инщ".

❁ ❁ ❁

## ГУФIЭГЪУЭ ХЪЫБАР КЪЫЗЫЛЪЫIЭСАМ ИЩIЭНУР

**"Бегъымбар лъапIэм,** Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, **гуапэ щыхъун хъыбар зэхихмэ,**

[299] Бухъарий, Муслим.
[300] Бухъарий, Муслим.
[301] Бухъарий.

**Алыхь Ину Лъагэм фIыщIэ хуищIу, <u>сэждэ ищIырт</u>**".[302]

❁ ❁ ❁

## IЭПКЪЛЪЭПКЪЫМ ЗЫЩIЫПIЭ ДЕЖ КЪЫЩЦЫХЭУЗЫКIМЭ, ЖЫПIЭНУР

"КъыхэузыкIа щIыпIэм деж уи Iэр тыболъхьэри жыбоIэ:

﴿ بِسْمِ اللهِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

﴿**Бисмил-Лаh**﴾, - 3-рэ.

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьым и цIэкIэ".

﴿ أَعُوذُ بِاللهِ وَقُدْرَتِهِ مِنْ شَرِّ مَا أَجِدُ وَأُحَاذِرُ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**"Iэгъузу бил-Ляhи уэ къудрэтиhи, мин шэрри ма Iэджиду уэ Iухьазиру"-** 7-рэ.[303]

<u>И мыхьэнэр</u>:

"Алыхьымрэ Абы и къарумрэ сакъуоувэ зэхэсщIэмрэ, сызытегузэвыхьымрэ я Iейм сыщахъумэну".

## НЭ ТЕМЫХУЭН ЩХЬЭКIЭ, ЖАIЭР

[302] Iэбу Дауд, Тирмизий, Ибн Маджэ.
[303] Муслим.

"**Уи къуэш, е уи щхьэ, е уи мылъку ехьэлІауэ бгъэщІэгъуэн плъэгъуамэ, берычэт (Алыхьым) къыхилъхьэну лъаІуэ. Пэжыр аращи, нэр зэрытехуэр хьэкъщ**", жиІащ бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным[304].

✵ ✵ ✵

## КЪЭЩТАМ, ГУЗЭВАМ ЖИІЭНУР

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ ﴾

И къеджэкІэр:

**"Ла Іилаhэ Іиллэл-Лаh".**[305]

И мыхьэнэр:

"ЩыІэкъым нэгъуэщІ тхьэ – Алыхьым нэмыщІ".

✵ ✵ ✵

## КЪУРМЭН ЩАУКІКІЭ Е ЗЫГУЭР ЩЫФІАГЪЭЖКІЭ, ЖАІЭР

﴿ بِسْمِ اللهِ وَاللهُ أَكْبَرُ [اللَّهُمَّ مِنْكَ وَلَكَ]، اللَّهُمَّ تَقَبَّلْ مِنِّي ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿ Бисмил-Лаhи уэл-Лаhу Іэкбэр, Іэллаhуммэ минкэ уэ лэкэ, Іэллаhуммэ тэкъэббэл минни﴾.**[306]

И мыхьэнэр:

---

[304] Іэхьмэд, Ибн Маджэ.
[305] Бухъарий, Муслим.
[306] Муслим, Іэл-Бейхэкъий.

"Алыхьым и цIэкIэ, Алыхьри нэхъ Инщ. Я, Аллаһ мыр уи деж къикIащ, уи дежи негъээзэж. Я, Аллаһ къабылу сIых".

❁ ❁ ❁

# ШЕЙТIАН УГЪУРСЫЗХЭМ Я БЗАДЖАГЪЭМ ЕЗЫГЪЭГЪАЗЭ ДУХЬЭ

﴿أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللَّهِ التَّامَّاتِ الَّتِي لاَ يُجَاوِزُهُنَّ بَرٌّ وَ لاَ فَاجِرٌ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ وَذَرَأَ وَبَرَأَ، وَمِنْ شَرِّ مَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَاءِ وَمِنْ شَرِّ مَا يَعْرُجُ فِيهَا، وَمِنْ شَرِّ مَا ذَرَأَ فِي الْأَرْضِ، وَمِنْ شَرِّ مَا يَخْرُجُ مِنْهَا، وَمِنْ شَرِّ فِتَنِ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ، وَمِنْ شَرِّ كُلِّ طَارِقٍ إِلاَّ طَارِقًا يَطْرُقُ بِخَيْرٍ يَا رَحْمَنُ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Iэгъузу бикэлиматил-Лаһит-тамматил-лэти ла юджауизуһуннэ бэррун уэ ла фаджирун, мин шэрри ма хъэлэкъэ, уэ зэрэIэ, уэ бэрэIэ, уэ мин шэрри ма ензилу минэс-сэмаIи, уэ мин шэрри ма егьруджу фиһа, уэ мин шэрри ма зэрэIэ фил-Iэрди, уэ мин шэрри ма ехъруджу минһа, уэ мин шэрри фитэнил-лэйли уэн-нэһар, уэ мин шэрри кулли тIарикъин Iилла тIарикъэн етIрукъуу бихъэйрин я Рэхьман﴾.**[307]

И мыхьэнэр:

" Алыхьым и Псалъэ ирикъуахэу, цIыхуфIри цIыху Iейри зыблэмыкIыфынухэм сакъуоувэ сыщахъумэну – къигъэщIахэми, къигъэхъуахэми, псэ зыхилъхьахэми я Iейм, уафэм къехым и Iейм, абы дэкIуейми и Iейм;

307 Iэхьмэд, Ибн Iэс-Сунний.

щIым тетхэми я Iейм, абы къыхэкIхэми я Iейм; жэщымрэ махуэмрэ я *фитнэхэм* я Iейм; жэщым хэт къытхуэкIуэми и Iейм, фIыкIэ къытхуэкIуэм къищынэмыщIа Уэ, ГущIыгъущI!".

❁ ❁ ❁

# IИСТИГЪФАРЫМРЭ[308] ТОБЭМРЭ[309]

**1 -** Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ:

**"Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, зы махуэм къыриубыдэу сэ блыщIым щIигъурэ Алыхьым деж *истигъфар* къыщызохькIэ, тоби къыщызохьыжк1э".**[310]

**2 -** Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, мыри жиIащ:

**"Уа, цIыхухэ! Алыхьым и деж тобэ къыщыфхьыж; сэ зы махуэм къыриубыдэу щэм щIигъурэ тобэ Абы деж къыщызохьыж".**[311]

**3 -** Мыри жиIащ Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным: **"Мы псалъэхэр:**

﴿أَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الَّذِي لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيَّ الْقَيُّومَ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

---

[308] Iистигъфар: гъэгъуныгъэкIэ Алыхьым уелъэIунращ "IэстэгъфирулЛаh" жыпIэурэ.

[309] Тобэ: Гуэныхь лэжьыныр къэбгъанэу, абы ухущIегъуэжу, ди япэкIи умыщIэжыну мурад быдэ пщIынращ.

[310] Бухъарий.

[311] Муслим.

**﴾Іэстэгъфирул-Лаhэллэзи ла Іилаhэ Іилла hуу, 1эл-Хьэйел-Къэйумэ, уэ Іэтуубу Іилейhи﴿.**
**жызыІам Алыхьым къыхуигъэгъунущ, *зэхьфым*[312] къыхэжыжу къэкІуэжами".**[313]

**4 -** Мыпхуэдэуи жиІащ Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным:

**"Тхьэр пщылІым нэхъ пэгъунэгъу дыдэ щыхуэхъур жэщым и иужьрей 1ыхьэращи, а зэманым ирихьэлІэу Алыхьыр зикр зыщІхэм ящыщ уэри ухъуфыну щытмэ – хъу".**[314]

**5 -** Мыпхуэдэуи жиІащ Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным:

**"ПщылІыр и Тхьэм нэхъ пэгъунэгъу дыдэ щыхъуфыр сэждэм щыщыІэм дежщи, лъэІуэныр нэхъыбэ щыфщІ абдеж".**[315]

Мыри жиІащ Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным:

**"Си гум зыгуэр къыщытрихьэ щыІэщи,[316] зы махуэм къыриубыдэу щэрэ (100) Іистигъфар сощІ сэ".**[317]

---

[312] Зэхьф: муслъымэнхэмрэ джаурхэмрэ зэбгъэдэувэпауэ щызэзауэ. Апхуэдэм укъыхэкІыу укъыщІэпхъуэжыныр гуэныхь нэхъ ин дыдэхэм щыщу хьэдисым къыщокІуэ.

[313] Іэбу Дауд, Тирмизий, Іэл-Хьаким.

[314] НэсаІий, Тирмизий, Іэл-Хьаким.

[315] Муслим.

[316] ЩІэныгъэлІ Ибн Іэл-Іэŝир жиІащ: бегъымбар лъапІэр, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыныр, зикр жыІэным, Алыхьым пэгъунэгъу зыщІыным, Ар къызэрыкІэлъыплъым хуэсакъыным хигъахъуэ

✵ ✵ ✵

# ТЭСБИХЬ[318], ТЭХЬМИД[319], ТЭҺЛИЛ[320], ТЭКБИР, ЩІЫНЫМ [321] ФІЫГЪУЭУ ХЭЛЪХЭР

**1 -** Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ:

**"Зы махуэм къыриубыдэу щэрэ (100) "Субхьанэл-Лаһ уэ бихьэмдиһи" хэт жиІэми, абы и гуэныхьхэр кІэрыщэщэнущ, ахэр тенджызым тет тхъурымбэм хуэдиз хъуами".**[322]

**2 -** Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ:

Хэт пщІэней (10):

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، يُحْيِــي وَيُمِــيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ اللَّهُمَّ لاَ مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ وَلاَ مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَلاَ يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ﴾

И къеджэкІэр:

---

зэпытт. Зэзэмызэххэ абыхэм щыщ гуэрым тегупсысыкІмэ, е ІэщІэгъупщыкІмэ – гуэныхь къыІэщІэщІауэ къыщыхъужти, Іистигъфарым зритт. "Джамигь Іэл-Іущул" 4\386..

317 Муслим.

318 Тэсбихь: "Субхьанэл-Лаһ" жыпІэнращ.

319 Тэхьмид: "Іэл-хьэмду лил-Лаһ" жыпІэнращ.

320 Тэһлил: "Ла Іилаһэ Іилэл-Лаһ" жыпІэнращ.

321 Тэкбир: "Іэллаһу Іэкбэр" жыпІэнращ.

322 Бухъарий, Муслим. А псалъэхэм фІыгъуэу пылъым ехьэлІауэ уеплъыж хъунущ ___ напэкІуэцІым.

**﴿Ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэриикэ лэhуу, лэhул-мулку уэ лэhул-хьэмду, уэ hуу-уэ гьэла кулли шэйІин къэдийр﴾**

**жиІэми, ар Исмагьил (гьэлейхис-сэламым) и бынхэм щыщу цІыхуиплІ пщыл1ып1эм къизышыжам хуэдэ хъунущ".**[323]

**3 -** Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ:

**"ПсалъитІ (щыІэщ) бзэгум тыншу къипсэлъу, тэрэзэ-мизаным хьэлъэу илъу, Алыхьми фІыуэ илъагъуу:**

﴿ سُبْحَانَ اللهِ وَبِحَمْدِهِ سُبْحَانَ اللهِ الْعَظِيمِ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Субхьанэл-Лаhи уэ бихьэмдиhи, субхьанэл-Лаhил-Гьэжьим﴾.**[324]

**4 -** Бегъымбар лъапІэм, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, жиІащ:

**"Дыгъэр зытепсэу щыІэм нэхърэ нэхъ къэсщтэнщ мы псалъэхэр:**

ХьэрыпыбзэкІэ:

﴿ سُبْحَانَ اللهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَلاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ ﴾

И къеджэкІэр:

**﴿Субхьанэл-Лаhи, уэл-хьэмду лил-Лаhи, уэ ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэл-Лаhу Іэкбэр﴾".**[325]

---

[323] Бухъарий, Муслим. А псалъэхэр щэ (100) бжыгъэкІэ жыІэным фІыгъуэу пылъым ехьэлІауэ уеплъыж хъунущ 70 напэкІуэцІым.

[324] Бухъарий, Муслим.

[325] Муслим.

**5 -** Мыри жиIащ Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"Махуэ къэс псапэ мин къыфхуэмыхьыфу ара фэ?".** Абдежым зэхэсхэм ящыщ зы щIэупщIащ:
- Сыт хуэдэу псапэ мин къызэрытхьыфынур?

**"Щэрэ (100) *тэсбихь*[326] жиIэнщи, псапэ мин хуатхынщ е гуэныхь мин хуалъэщIыжынщ".**[327]

**6 -** Мыри жиIащ Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

﴿ سُبْحَانَ اللهِ الْعَظِيمِ وَبِحَمْدِهِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴾Субхьанэл-Лаhил-Гьэжьим уэ бихьэмдиhи﴿ жызыIам зы хъурмэ жыг Жэнэтым щыхухасэнущ".**[328]

**7 -** Мыри жиIащ Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"Уа, Гьэбдуллаh ибн Къейс, Жэнэтым и ф1ыгъуэ гъэт1ылъахэм ящыщ зы къозгъэщIэн?**
- НтIэ, Алыхьым и лIыкIуэ!, - жысIащ.

**"ЖыIэ:**

﴿ لاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴾Ла хьэулэ уэ ла къууэтэ Iилла бил-Лаh﴿".**[329]

---

[326] Тэсбихь: "Субхьанэл-Лаh" жыпIэнращ.
[327] Муслим.
[328] Тирмизий, Iэл-Хьаким.
[329] Бухъарий, Муслим.

**8 -** Мыри жиIащ Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным:

**"НэхъыфI дыдэу Алыхьым илъагъу псалъэхэр (мы) плIырщ:**

﴿ سُبْحَانَ اللهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَلاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ، وَاللهُ أَكْبَرُ ﴾

И къеджэкIэр:

**﴿Субхьанэл-Лаhи, уэл-хьэмду лил-Лаhи, уэ ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэл-Лаhу Iэкбэр﴾. Абыхэм дэтхэнэмкIэ къэбублэми ягъэ кIынукъым".**[330]

**9 -** Зы губгъуэрыс гуэр Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, и деж къакIуэри жиIащ:

- ЖысIын гуэр сыгъащIэ.

Бегъымбарыр къэпсалъэри жиIащ:

**ЖыIэ:**

﴿ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللّهُ وَحْــدَهُ لاَ شَرِيكَ لَه، اَللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، سُبْحَانَ اللهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، لاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ الْعَزِيزِ الْحَكِيمِ ﴾.

И къеджэкIэр:

**﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаhу уэхьдэhуу ла шэриикэ лэhуу, Iэл-Лаhу Iэкбэру кэбирэн, уэл-хьэмду лил-Лаhи кэŝирэн, субхьанэл-Лаhи рэббил-гьалэминэ, ла хьэулэ уэ ла къуутэ Iилла биллаhил-Гьэзизил-Хьэким﴾.**

Губгъуэрысыр къэпсалъэри:

- Ахэр си Тхьэм папщIэщ, сэр папщIэ сыт (жысIэнур)?, - жиIащ.

**ЖыIэ:**

---

[330] Муслим.

﴿ اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي، وَارْحَمْنِي، وَاهْدِنِي، وَارْزُقْنِي ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэгъфир лии, уэрхьэмнии, уэhдинии, уэрзукънии﴾.**[331]

**10 - Ислъам диныр зыгуэрым къищтэмэ, мыбыхэмкIэ дугъэ ищIыну бегъымбар лъапIэм,** Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным**, унафэ хуищIу щытащ:**

﴿ اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي، وَارْحَمْنِي، وَعَافِنِي، وَارْزُقْنِي ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

**﴿Iэллаhуммэгъфир лии, уэрхьэмнии, уэ гьафинии, уэрзукънии﴾.**[332]

11 – "Духьэм я нэхъыфIыр:

﴿ اَلْحَمْدُ لِلَّهِ ﴾ - **﴿Iэл-хьэмду лил-Лаh﴾**-ращ,

**Зикрым я нэхъыфIри: ﴿لاَ إِلَــهَ إِلاَّ اللّـــهُ﴾ - ﴿Ла Iилаhэ Iиллэл-Лаh﴾-ращ**".[333]

**12 – "Iэл-Бакъият Iэщ-Щалихьатыр"[334] ар:**

﴿ سُبْحَانَ اللهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَلاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ ، وَاللهُ أَكْبَرُ، وَلاَ حَوْلَ وَلاَ قُوَّةَ إِلاَّ بِاللهِ ﴾

<u>И къеджэкIэр</u>:

---

331 Муслим. Iэбу Дауд и тхылъым зэритымкIэ, а лIыр IукIыжа нэужь лIыкIуэ лъапIэм жиIащ: "Хъерыр и IэгуитIым из ищIащ абы". А псалъэхэм къарыкIыр: "Я, Аллаh, къысхуэгъэгъу, гущIэгъу къысхуэщI, сыузэщI, сыкъэхъумэ, ерыскъынши сумыщI".
332 Тирмизий, Ибн Маджэ, Iэл-Хьаким.
333 Тирмизий, Ибн Маджэ.
334 "Iэл-Бакъият Iэщ-Щалихьат": КъурIэн лъапIэм и кIуэцIкIэ аятитIым къыщыхохуэ мы псалъэухар. Зыр Iэл-Кэhф сурэм и 46 аятым, адрейр Мэрем сурэм и 76 аятым. БзэкIэ къапщтэмэ абы и мыхьэнэр: "къэнэжыну лэжьыгъэфIхэр", жиIэу аращ.

**"Субхьанэл-Лаhи, уэл-хьэмду лил-Лаhи, уэ ла Іилаhэ Іиллэл-Лаhу уэл-Лаhу Іэкбэр, уэ ла хьэулэ уэ ла къуутэ Іилла биллаh"-ращ".**[335]

❁ ❁ ❁

## БЕГЪЫМБАР ЛЪАПІЭМ, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, *ТЭСБИХЬ* ЗЭРИЩІУ ЩЫТАР

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Ибн Гъэмр къеІуэтэж:

**"Сэ слъэгъуащ Бегъымбар лъапІэм,** Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным, ***тэсбихьыр*** **и Іэ ижьымкІэ ищІу[336]".**[337]

❁ ❁ ❁

## ІУЭХУ ЩХЬЭПЭ КУЭД КЪЫЗЭЩІЭЗЫУБЫДЭ ХЬЭДИС

**Бегъымбар лъапІэм,** Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфІыр зылъысыным: жиІащ:

**"Пшапэр зэхэуэмэ, фи сабийхэр зэфшэлІэж, а зэманым шейтІанхэр къожьэ. Жэщыр тІэкІу хэкІуатэмэ, я гугъу фымыщІыж. Фи бжэхэри**

---

[335] Іэхьмэд, НэсаІий.

[336] И Іэпхъуамбэхэр щІигъашэурэ ищІт, жыхуиІэщ. Мывэ ц1ык1укІэ е нэмэз щыгъэкІэ зикр пщІыным нэхърэ, ІэпэкІэ пщІыныр зэрынэхъыфІыр мы хьэдисым къыхощ. Абы и щхьэусыгъуэри нэгъуэщІ хьэдисым къызэрыхэщымкІэ, Къемэт Махуэм Іэпхъуамбэхэми къеупщІыжу къызэрыпсэлъэнуращ. "Іэбу Дауд". *(ЗэзыдзэкІам къыбгъэдэкІыу).*

[337] Іэбу Дауд, Тирмизий.

**вгъэбыдэ, Алыхьым и цIэри жыфIэ, шейтIаным бжэ хуэщIа Iуихыркъым. Фи кхъуэщынышхьэхэри фIэфпхыкI, Алыхьым и цIэри жыфIэ. Фи тепщэчхэми зыгуэр ятефпхъуэ, Алыхьым и цIэри жыфIэ; зыри мыхъумэ зыгуэр зэпрыдзауэ тефлъхьэ. Фи уэздыгъэхэри вгъэункIыфI".** [338]

[338] Бухъарий, Муслим.

Щэлатри, сэламри, берычэтри
ди Бегъымбар Мухьэммэдми,
абы и Іыхьлыхэми,
и гъусахэми
псоми
Алыхьым къарит!

Дэри Алыхь Иным долъэ1у и
ГущІэгъумрэ и Ф1ыгъуэмрэ
дыхимыныну!

# ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР


ТХЫЛЪЫР ЗЫТХАМ И ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ……………………………………………..5
ЗЭЗЫДЗЭКIАМ И ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ……………………………………………..7
ЗИКРЫМ И ФIЫГЪУЭХЭР………………………………………………………...14
КЪЭУШАМ ЖИIЭНУ ЗИКРХЭР…………………………………………………19
ЗЫЗЫХУЭПАМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР………………………………………………21
ЩЫГЪЫНЫЩIЭ ЩЫЗЫТIЭГЪАМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР……………………………22
ЩЫГЪЫНЫЩIЭ ЩЫЗЫТIЭГЪАМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУ……………………………...22
ЩЫГЪЫН ЩЫЗЫХЫЖЫМ ЖИIЭНУР………………………………………………23
ПСЫУНЭМ ЩIЫХЬЭН ИПЭКIЭ, ЖАIЭР…………………………………………...24
ПСЫУНЭМ КЪЫЩIЭКIЫЖА ИУЖЬ, ЖАIЭР……………………………………….24
АНДЕЗЫР ЩАУБЛЭКIЭ, ЖАIЭР…………………………………………………..24
АНДЕЗ НЭУЖЬЫМ ЖАIЭР…………………………………………………………25
УНЭМ КЪЫЩЫЩIЭКIКIЭ, ЖАIЭР………………………………………………...26
УНЭМ ЩЫЩIЫХЬЭКIЭ, ЖАIЭР……………………………………………………..27
МЭЖДЖЫТЫМ ЩЫКIУЭКIЭ, ЖАIЭР……………………………………………...28
МЭЖДЖЫТЫМ ЩЫЩIЫХЬЭКIЭ, ЖАIЭР…………………………………………29
МЭЖДЖЫТЫМ КЪЫЩIЭКIЫЖА НЭУЖЬ, ЖАIЭР………………………………..30
АЗЭНЫМ ЕХЬЭЛIА ЗИКРХЭР………………………………………………………..30
НЭМЭЗЫР ЗЭРАУБЛЭ ТЭКБИРЫМ ИУЖЬКIЭ ЖАIЭХЭМ ЩЫЩ……………………33
ЗАГЪЭЩХЪА НЭУЖЬКIЭ (РУКУГЪЫМ) ЖАIЭР……………………………………35
РУКУГЪЫМ КЪИКIЫЖУ ЗЫКЪЫЩАIЭТЫЖКIЭ, ЖАIЭР…………………………...36
КЪЫЗЭФIЭУВЭЖА НЭУЖЬКIЭ ЖАIЭР……………………………………………..37
СЭЖДЭМ ЩЫЖАIЭХЭР……………………………………………………………..38
СЭЖДИТI ЗЭХУАКУМ, ЖАIЭР………………………………………………………39
КЪУРIЭНЫМ ХЭТ СЭЖДЭ АЯТЫМ КЪЕДЖАМ СЭЖДЭ ЩИЩIКIЭ ЖИIЭНУР…………40
ТЭШЭhhУДЫР…………………………………………………………………………42
ТЭШЭhhУД НЭУЖЬЫМ, ЖАIЭ ЩЭЛЭУАТЫР………………………………………...43
СЭЛАМ ЯМЫТ ЩIЫКIЭ, ЖАIЭ ДУГЪЭХЭР…………………………………………..44
НЭМЭЗЫР ЯУХА НЭУЖЬ, ЖАIЭР…………………………………………………….49
IИСТИХЪАРЭ НЭМЭЗЫМ И ДУГЪЭ………………………………………………….57
ПЩЭДДЖЫЖЬЫМРЭ ПЩЫХЬЭЩХЬЭМРЭ ЯЩI ЗИКРХЭР………………………….59
ЩЫГЪУЭЛЪЫЖКIЭ ЖАIЭ, ДУГЪЭХЭР…………………………………………….78
ЖЭЩЫМ ЗЫДЭЖЕЙМ ЗЫ ЛЪЭНЫКЪУЭМ КЪИКIЫУ НЭГЪУЭЩI ДЖАБЭКIЭ ТЕГЪУАЛЪХЬЭМЭ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР……………………………………………….89
ЖЕЙМ КЪЫХЭЩТЫКIЫМ Е ГУЗАВЭУ КЪЭУШЫМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР……………….90
ПЩIЫХЬЭПIЭ IЕЙ ЗЫЛЪЭГЪУАМ ЖИIЭНУМРЭ ИЩIЭНУМРЭ………………………91
УИТЫР НЭМЭЗЫМ ХЭТ КЪУНУТ ДУГЪЭР…………………………………………...92
УИТЫР НЭМЭЗ НЭУЖЬЫМ ЖАIЭ ДУХЬЭР…………………………………………..94
ЦIЫХУР ГУКЪЕУЭ-ГУХЭЩIХЭМ ЩЫХЭХУАМ И ДЕЖ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР…………….95
ГУЗЭВЭГЪУЭМ ХЭХУАМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР………………………………………….97
БИЙМ Е ЛЕЙЗЕХЬЭ УНАФЭЩIЫМ ЩАIУЩIЭМ ДЕЖ, ЖАIЭР………………………..99

УНАФIЭЩIЫМ И ЗАЛЫМЫГЪЭМ ТЕШЫНЫХЬЫМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР……………...100
БИЙМ ТЕКIУЭН ПАПЩIЭ ЗЭРЫЛЪАIУЭ ДУГЪЭ………………………………...102
ЗЫ ГУП ГУЭРЫМ ЯЩЫШЫНЭМ, ЖИIЭНУР……………………………….102
ЗИ IИМАНКIЭ ШЭЧ КЪЭЗЫХЬАМ ЖИIЭНУМРЭ ИЩIЭНУМРЭ……………..……103
ЩIЫХУЭ ЗЫТЕЛЪЫР ЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУГЪЭ…………………………………104
НЭМЭЗЫМ УЩЫТЕТКIЭ, Е КЪУРIЭН УЩЕДЖЭКIЭ ШЕЙТIАНЫМ И УЭСУЭСЭМ
ЗЭРЫЗЫЩЫПХЪУМЭН……………………………………………………………105
IУЭХУ ЗЭФIЭХЫГЪУЕЙ ИРИХЬЭЛIАМ ЖИIЭНУР……………………………..106
ГУЭНЫХЬ КЪЭЗЫХЬАМ ЖИIЭНУМРЭ, ИЩIЭНУМРЭ………………………………106
ШЕЙТIАНЫМРЭ АБЫ КЪЫIУИЩЭЩХЭМРЭ IУЗЫГЪЭКIУЭТ ПСАЛЪЭХЭР………….107
ЦIЫХУМ ФIЭМЫФI ГУЭР КЪЫЩЫЩIМЭ Е И УНАФЭР ФIАКЪУТЭМЭ, ЖИIЭНУР…..107
БЫН ЗЫГЪУЭТА АДЭМ УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР, ЕЗЫМИ ЖЭУАП
КЪУЗЭРИТЫЖЫНУР………………………………………………………………...108
САБИЙР IЕЙМ ЩЫХЪУМА ХЪУН ПАПЩIЭ, ЖАIЭР………………………………...109
СЫМАДЖЭМ ЩIЭУПЩIЭНУ ЩIЫХЬАМ МЫХЭР ЖИIЭНЩ………………………110
СЫМАДЖЭМ ЩIЭУПЩIЭНЫМ ФIЫГЪУЭУ ПЫЛЪЫР……………………………111
ЗИ ГУГЪЭР ГЪАЩIЭМ ХЭЗЫХЫЖА СЫМАДЖЭР ЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУГЪЭ……………112
ЗИ ПСЭ ЕДЖЭУ ТЕЛЪЫМ ЖИIЭНУМРЭ Е ЖЕБГЪЭIЭНУМРЭ ……………………113
ГУАУЭ ЗИIЭМ ЖИIЭНУ ДУГЪЭР…………………………………………………...114
ЛIАМ И НЭР ЩЫЗЭТРАПIЭЖКIЭ ЖАIЭР………………………………………….115
ЖЭНАЗЫ НЭМЭЗЫМ ХЭТ ДУХЬЭР…………………………………………………...116
САБИЙМ И ЖЭНАЗЫ НЭМЭЗЫМ ХАГЪЭУВЭ ДУГЪЭР…………………………...117
ЛIАР ЗЕЙМ ЗЭРЫХУЭГУЗАВЭ ПСАЛЪЭХЭР………………………………………..118
ЛIАР МАЩЭМ ЩРАХЬЭХК1Э ЖАIЭР………………………………………………119
ЛIАР ЩIАЛЪХЬЭРЭ, МАЩЭР ЯГЪЭБЫДЭЖА НЭУЖЬ, ЖАIЭР……………………119
КХЪЭМ ЩЫДЫХЬЭКIЭ, ЖАIЭР……………………………………………………..120
БОРЭНЫМ (ЖЬАПЩЭМ) ДЕЖ ЖАIЭР……………………………………………….120
УАФЭР ЩЫГЪУАГЪУЭМ ДЕЖ, ЖАIЭР……………………………………………..121
УЭШХ КЪЕШХЫН ПАПЩIЭ УЗЭРЫЛЪЭIУЭН ДУХЬЭХЭМ ЯЩЫЩ…………………123
УЭШХ КЪЫЩЕШХКIЭ, ЖАIЭР……………………………………………………..124
УЭШХ КЪЕШХА ИУЖЬКIЭ ЖАIЭР……………………………………...……125
УЭШХЫР ТЕУН ПАПЩIЭ ЖАIЭР……………………………………………………125
МАЗЭЩIЭР ЯЛЪАГЪУМЭ ЖАIЭР…………………………………………………..126
НЭЩI ЗЫIЫГЪАР ЩЫХЭЩХЬЭЖКIЭ, ЖИIЭНУР……………………………………126
ШХЭН ЯМЫУБЛЭ ИПЭКIЭ ЖАIЭР………………………………………………….127
ШХА НЭУЖЬ ЖАIЭР………………………………………………………………129
ХЬЭЩIЭР БЫСЫМЫМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР……………………………………………130
ПСЫ УЕЗЫГЪЭФАМ Е УЕЗЫГЪЭФЭНУМ ЖЕПIЭНУР………………………………130
УХЭЗЫГЪЭЩХЬЭЖА УНАГЪУЭМ ИСХЭМ УАЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР…………………131
ПСАПЭ НЭЩI ЗЫIЫГЪЫР ШХЫН ИРИХЬЭЛIЭМЭ, ИЩIЭНУР……………………131
НЭЩI ЗЫIЫГЪЫМ ЗЫГУЭР КЪЫЩЫХЬЭМЭ, ЖИIЭНУР……………………………132
ЯПЭ ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭР КЪЫПИДЗАУЭ ЩАЛЪАГЪУКIЭ, ЖАIЭР………………132
КЪЕПСАМ ЖИIЭНУР………………………………………………………………133
ДЖАУРЫР КЪЕПСРЭ, "IЭЛ-ХЬЭМДУ ЛИЛ-ЛАh" ЖИIЭМЭ, ЖЫРАIЭЖЫР……………134

КЪЭЗЫШАМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР……………………………………………………..134
КЪЭЗЫШАР ЗЭРЫЛЪАIУЭМРЭ, ЛЭЖЬАКIУЭМ КЪЫЩАЩТЭКIЭ, ЖАIЭМРЭ…………………………...……………………………………………...135
ЛIЫГЪУЭФЫЗЫГЪУЭМ ИПЭ КЪИХУЭУ, ЖАIЭР……………………………135
КЪЭГУБЖЬАМ ЖИIЭНУР………………………………………………………136
ЗЫГУЭРЫМ IЕЙ КЪЫЩЫЩIАУЭ ЗЫЛЪЭГЪУАМ ЖИIЭНУР……………………..136
ЗЭХЭСЫПIЭМ ЩЫЖАIЭР………………………………………………………137
УЭРШЭРЫНЫМ КЭФФАРЭТ ХУЭХЪУЖ ПСАЛЪЭХЭР……………………...138
"УИ ГУЭНЫХЬ АЛЫХЬЫМ ИГЪЭГЪУ", КЪЫБЖЕЗЫIАМ И ЖЭУАПЫР………………138
IУЭХУТХЬЭБЗЭ КЪЫПХУЭЗЫЩIАМ, ЖЕПIЭНУР……………………………..139
ДЭДЖДЖАЛЫМ ЩЫХЪУМА УЗЭРЫХЪУНУР……………………………...139
"АЛЫХЬЫМ И ЦIЭКIЭ ФIЫУЭ УСЛЪЭГЪУАЩ", КЪЫБЖЕЗЫIАМ, ЖЕПIЭЖЫНУР……140
МЫЛЪКУКIЭ КЪЫБДЭIЭПЫКЪУНУ ЯУЖЬ ИХЬАМ, УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР…………..140
ЩIЫХУЭ КЪОЗЫТАМ ЩЕПТЫЖКIЭ, УЗЭРЕХЪУЭХЪУНУР…………………………140
АЛЫХЬЫМ ГЪУСЭ ХУИЩIЫНКIЭ ТЕШЫНЫХЬЫМ, ЖИIЭНУР……………………..141
"АЛЫХЬЫМ БЕРЫЧЭТ КЪЫПХИЛЪХЬЭ", ЖЫЗЫIЭУ КЪОХЪУЭХЪУАМ И ЖЭУАПЫР.142
ЗЫГУЭР ЗЫЛЪАГЪУУ Е ЗЭХЭЗЫХЫУ – АР НЭЩЭНЭ КЪЫЗЫЩЫХЪУАМ, ЖИIЭНУР..142
ЗЫГУЭРЫМ УЩЫШЭСКIЭ Е УЩИТIЫСХЬЭКIЭ, ЖЫПIЭНУР………………………143
ГЪУЭГУАНЭ ТЕУВЭМ, ЖИIЭНУР……………………………………………………144
КЪЭБГЪЭЗЭЖАУЭ ГЪУЭГУАНЭ УКЪЫЩЫТЕХЬЭЖКIЭ, А ДУГЪЭ ДЫДЭР ЖЫПIЭНЩИ, МЫРИ И УЖЬЫМ КЪЫПЫБГЪЭУВЭНЩ……………………...…145
КЪУАЖЭ Е КЪАЛЭ УЩЫДЫХЬЭКIЭ, ЖЫПIЭНУР…………………………………..146
БЭЗЭРЫМ ЩЫТЕХЬЭКIЭ, ЖАIЭР…………………………………………………..147
УЗЭРЫСЫМ Е УЗЫТЕСЫМ ЗЫГУЭР КЪЫЩЫЩIМЭ, ЖЫПIЫНУР…………………...147
ГЪУЭГУАНЭ ТЕХЬЭР УНЭМ КЪИНЭМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУН……………………………148
УНЭМ КЪИНЭР ГЪУЭГУ ТЕХЬЭМ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР………………………...…148
ГЪУЭГУ УТЕТУ ЛЪАГАПIЭ УДЭКIМЭ Е УЭХ ГУЭРЫМ УЕХМЭ, ЖЫПIЭНУР………...149
ГЪУЭГУРЫКIУЭМ НЭХУЩ ЗЭМАНЫМ ЖИIЭНУР……………………………...149
ГЪУЭГУ УТЕТУ УНАГЪУЭ ГУЭРЫМ Е ЩIЫПIЭ ГУЭРЫМ ДЕЖ УЩЕПСЫХМЭ, ЖЫПIЭНУР…………………………………………………………………..150
КЪЭЗЭУАТЫМ Е ХЬЭЖЫМ КЪИКIЫЖЫМ ЖИIЭНУР………………………………151
ЗЫГУЭРЫМ ИГЪЭГУФIЭМЭ Е ИГЪЭНЭЩХЪЕЙМЭ, ЖИIЭНУР…………………...152
БЕГЪЫМБАР ЛЪАПIЭМ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, ЩЭЛЭУАТ КЪЫХУЭХЬЫНЫМ ФIЫГЪУЭУ ПЫЛЪЫР…………………………...………………………..152
СЭЛАМ ЗЭХЫНЫР КУЭД ЩIЫН……………………………………………154
ДЖАУРЫМ СЭЛАМ КЪУИХМЭ, ЖЭУАП ЗЭРЕПТЫНУР……………………..149
АДАКЪЭ IУЭУЭ Е ШЫД КIИЙУЭ ЗЭХЭЗЫХАМ ЖИIЭНУР………………………155
ЖЭЩЫМ ХЬЭ БАНЭ МАКЪ ЗЭХЭЗЫХАМ ЖИIЭНУР…………………………...155
ЗЫГУЭРЫМ УЕШХЫДАМЭ, ЖЫПIЭНУР..........................................................156
ЗЫ МУСЛЪЫМЭНЫР НЭГЪУЭЩI МУСЛЪЫМЭНЫМ ЩЫТХЪУН ХУЕЙ ХЪУМЭ, ЖИIЭНУР………………………………………………………………………156
ЗЫГУЭР КЪЫПЩЫТХЪУМЭ, ЖЫПIЭНУР………………………………………..157
ХЬЭЖ Е ГЪУМРЭ ЗЫЩ1ЫНУ ХУЕЖЬЭМ ЖИIЭНУ ПСАЛЪЭХЭР…………………157

МЫВЭ ФIЫЦIЭМ И ДЕЖ НЭСМЭ, ТЭКБИР ИЩIЫНУЩ…………………………….....158
КЭГЪБЭ ЛЪАПIЭМ И ЙЕМЭН КЪУАПЭМРЭ МЫВЭ ФIЫЦIЭМРЭ Я ЗЭХУАКУМ
ДЕЖ ЩЫЖАIЭ ДУГЪЭР………………………………………………………158
ЩЭФАРЭ МЭРУЭРЭ ЩЫТЕТКIЭ, ЖАIЭ ДУХЬЭ……………………………………159
ГЪЭРЭФЭ МАХУЭМ ЯЩI ДУХЬЭР……………………………………………...159
"IЭЛ-МЭШГЪЭР IЭЛ-ХЬЭРАМ"-ЫМ ДЕЖ ЩАЛЭЖЬХЭР……………………………161
МЫВЭ ЩЫБДЗКIЭ МЫВЭ КЪЭСКIЭ ТЭКБИР ЖЫПIЭНЫР…………………………..161
ЗЫГУЭР ЗЫГЪЭЩIЭГЪУАМ Е ЗЫГУЭР ЗИГУ ИРИХЬАМ ЖИIЭНУР…………………162
ГУФIЭГЪУЭ ХЪЫБАР КЪЫЗЫЛЪЫIЭСАМ ИЩIЭНУР………………………………162
IЭПКЪЛЪЭПКЪЫМ ЗЫЩIЫПIЭ ДЕЖ КЪЫЩЫХЭУЗЫКIМЭ, ЖЫПIЭНУР……………163
НЭ ТЕМЫХУЭН ЩХЬЭКIЭ ЖАIЭР…………………………………………………163
КЪЭЩТАМ, ГУЗЭВАМ ЖИIЭНУР………………………………………………..164
КЪУРМЭН ЩАУКIКIЭ, Е ЗЫГУЭР ЩЫФIАГЪЭЖКIЭ, ЖАIЭР…………………...…164
ШЕЙТIАН УГЪУРСЫЗХЭМ Я БЗАДЖАГЪЭМ ЕЗЫГЪЭГЪАЗЭ ДУХЬЭ………………..165
IИСТИГЪФАРЫМРЭ ТОБЭМРЭ……………………………………………………165
ТЭСБИХЬ , ТЭХЬМИД , ТЭҺЛИЛ , ТЭКБИР, Щ1ЫНЫМ ФIЫГЪУЭУ ХЭЛЪХЭР……….166
БЕГЪЫМБАР ЛЪАПIЭМ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным,
ТЭСБИХЬ ЗЭРИЩIУ ЩЫТАР…………………………………………………………174
IУЭХУ ЩХЬЭПЭ КУЭД КЪЫЗЭЩIЭЗЫУБЫДЭ ХЬЭДИС……………………………..174